O`ZBEKISTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNTSİTUTI

Qol jazba huqıqında
UDK

**NURSEYTOV JAULENBAY TENGELBAEVICH**

# «XX a`sirdin` 50-70-jıllarında Qaraqalpaqstanda awıl xojalıq kadrlardı tayarlawdın` jag`dayı: ta`jiriybe ha`m mashqalalar»

5A110601 - Tariyx oqıtıw metodikası

## MAGİSTR

akademiyalıq da`rejesin alıw ushın jazılg`an dissertatsiya

İlimiy basshı:
t.i.d., prof. B.Shamambetov

No`kis-2014

**MAK g`a jaqlawg`a ruxsat etilgen**

**Magistratura bo`limi**

**baslıg`ı: ______________________ B.Atashov**

**Kafedra baslıg`ı: ______________________ t.i.k. A.Sarıbaev**

**İlimiy basshı: __________________________ prof. B.Shamambetov**

**Magistrlik dissertatsiya jumısı**

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı rektorının` «___» ____________ 2014-jıl _______ sanlı buyrıg`ı menen jaqlawg`a jiberilgen.

# MAZMUNI


| | | |
|---|---|---|
| | **Kirisiw** | 3 |
| | **Birinshi bap** 1950-70-jıllarda Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın awajlandırıwda ko`rilgen ila`jlar ha`m Oraydın` talabına muwapıq paxtashılıqqa bolg`an talaptın` ku`sheyiwi, onın` monokul`turag`a aynalıwı: jetiskenlik, mashqalalar | 12 |
| 1.1. | Respublikanın` awıl xojalıg`ının` awxalı ha`m onı rawajlandırıwda ko`rilgen ila`jlar: qıyınshılıqlar, jetiskenlikler | 12 |
| 1.2. | 1950-70-jıllarda Oraydın` talabına muwapıq respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda paxtashılıqka bolg`an talaptın` ku`sheyiwi ha`m onın` monokul`turag`a aynalıwı | 24 |
| | **Ekinshi bap** Respublikanın` awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` du`ziliwinde ko`rilgen ila`jlar ha`m onın` u`skeneleniw bazasın, texnik, qa`nigeli kadrlar menen ta`miyinlewde Qaraqalpaqstan «O`zsel`xoztexnika» birlespesinin` ornı | 38 |
| 2.1. | 1960-70-jıllarda respublikanın` awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` du`ziliwinde, onı kadrlar menen ta`miyinlewde ko`rilgen ila`jlar: tabıslar, qıyınshılıqlar | 38 |
| 2.2. | Respublikanın` awıl xojalıg`ına texnikalıq ja`rdem ko`rsetiwde ha`m bul tarawdı qa`nigeli kadrlar menen ta`miyinlewde Qaraqalpaqstan «O`zsel`xoztexnika» birlespesinin` ornı | 52 |
| | **U`shinshi bap** Respublikada 1950-70-jıllarda awıl xojalıg`ının` rawajlanıwına baylanıslı talapqa juwap beretug`ın qa`nigeli kadrlardı tayarlawda ko`rilgen ila`jlar, ta`jiriybe ha`m mashqalalar | 62 |
| 3.1. | Respublika awıl xojalıg`ına ko`plep jan`a texnikalardın` keliwine baylanıslı massalıq qa`nigeliktegi kadrlardı tayarlaw ila`jları | 62 |
| 3.2. | Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda joqarı ha`m orta qa`nigeli kadrlardı tayarlawda ko`rilgen sharalar: jetiskenlikler, mashqalalar | 76 |
| | **Juwmaqlaw** | 93 |
| | **Paydalang`an a`debiyatlar dizimi** | 97 |

## KIRISIW

**Temanın` aktuallıg`ı:** Suverenli Qaraqalpaqstan respublikası g`a`rezsizlik sharapatı menen o`zinin` o`tmish tariyxın ha`r ta`repleme, jan`asha ko`z-qarasta izertlew mu`mkinshiligin aldı.

Respublikanın` xalıq xojalıg`ının` rawajlanıwında en` a`hmiyetli tarawlardın` biri bolg`an awıl xojalıg`ının` a`hmiyeti og`ada u`lken. 50-70-jıllardın` baslarında awıl xojalıg`ında ko`rilgen reformalaw awıl xojalıg`ının` jag`dayların tez arada jaqsılamadı. Bul jılları ha`r qıylı sebeplerge baylanıslı, yag`nıy rawajlandırıwdın` ekonomikalıq nızamları, ja`miyetlik xojalıqtı ko`teriwde, ja`miyetlik ko`p jeke menshik ma`plerin durıs u`ylestiriwde awıl miynetkeshlerinin` materiallıq qızıg`ıwshılıq printsipleri buzıla baslag`an edi. Awıl xojalıg`ın basqarıwdag`ı sub`ektivizm, al bul bolsa planlastırıwda, qarjı bo`lip shıg`arıwda, awıl xojalıq o`nimlerin satıp alıw siyasatında u`lken kemshiliklerge alıp keldi.

Qaraqalpaqstan hu`kimeti jiberilgen kemshiliklerdi mu`mkin bolg`anınsha tezirek du`zetiw, awıl xojalıg`ın basqarıw usılların jetilistiriw ja`miyetlik menshiklengen awıl miynetkelerinin` jeke ma`plerine de itibar beriwge u`lken a`hmiyet berdi.

O`tkerilgen ilajlar na`tiyjesinde respublikada usı da`wirdin` ishinde awıl xojalıg`ında, onın` rawajlanıwında ha`m bekkemletiwinde aytarlıqtay tabıslarg`a eriskenligin ko`remiz. Kolxoz-sovxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazaların bekkemlew, awıl xojalıg`ı talabına ılayıq ka`rxana ka`nigedegi kadrlardı tayarlaw, olardın` bilim ha`m qa`nigelik arttırıp barıwda respublika basshıları aytarlıqtay da`rejede jumıs alıp bardı.

Jumıstın` na`tiyjeligi kadrlarg`a baylanıslı bolg`anlıqtan respublika basshıları awıl xojalıg`ındag`ı kadrlardın` jetispewshiligin esapqa alıp Tashkent ha`m basqada qalalarındag`ı awıl xojalıq institutlarına jaslardı oqıwg`a jiberdi, o`z respublikamızda Qaraqalpaq ma`mleketlik universitetinde awıl xojalıq

fakul`tetinde, awıl xojalıq texnikumlarında ha`m SPTU lar massalıq awıl xojalıq kadrların tayarlawdı jolg`a qoydı.

Bul da`wirde respublikamızda birqansha tabıslarg`a eriskenligimiz benen, ja`miyetimizde o`mir su`rgen buyrıqpazlıq-ha`kimshilik du`zilisi awıl xojalıg`ında jeterli da`rejede kemshiliklerdin` orın alg`anlıg`ı ko`rinedi. Respublika shiyki zat orayına aynalg`anlıg`ı onın` ekonomikasının` bir ta`repleme rawaj alg`anlıg`ın ko`remiz. Kadrlar tayarlawda a`sirese massalıq professiyalıq kadrlar tayarlawda, tayarlang`an kadrlardın` sapasının` to`men bolg`anlıg`ı, olardı jumıs penen ta`miyin etiwde, jumısqa barg`anların bekitiw ma`selesinde biraz kemshiliklerdin` bolg`anlıg`ın ko`remiz.

Respublikamızdın` xalqının` basım ko`pshiliginin` awıllarda jasawın esapqa alg`anımızda xalqımızdın` tariyxının` en` ajıralmas ha`m basım bo`leginin` biri ekenligin elimiz rawajlanıwına salmaqlı u`les qosıp atırg`anlıg`ın esabınanda olardın` tariyxın ha`r ta`repleme u`yreniw ha`m izertlew turiyxshılarımız aldında turg`an wazıypalıq ma`selelerden biri dep esaplaymız.

Qaraqalpaq xalqı ha`m ma`mleketshiligi tariyxın izertlew ha`zirgi ma`ha`ldegi aktul ma`selelerdin` biri. G`a`rezsizlikke eriskennen xalqımızdın` tili, ruwxıylıg`ı, o`tmishi, keshegi, bu`gingi ha`m keleshek turmısına na`zer salıw za`ru`rli ha`m kerek. Jurt basımız Islam Karimov aytqanday: «Tariyx sabaqları insandı xushyorlikke u`yretedi, irodasini bekkemleydi»[1].

Prezidentimiz «Qaraqalpaqstan haqqında, onın` ma`mleketimiz, ja`miyetimiz turmısında, aymaqlarımız ortasında basqalar menen salıstırıwg`a bolmaytug`ın ornına ha`m ayrıqsha huqıqına iye. Biz bul haqıyqattı hasla umıtpaymız ha`m bul boyınsha jumıslardı ornı-ornına qoyımıwımız da`rkar. O`ytkeni, Qaraqalpaqstan Respublikası ko`p milletli O`zbekistan shan`arag`ında, O`zbekistan ma`mleketi ha`m ja`miyetinde o`zine ta`n, o`zine say ayrıqsha itibarg`a ılayıq»[2] dep qaraqalpaq xalqın, Respublikamızdı u`lken dıqqatqa sazawar

[1] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. Тошкени, 1998. 9-бет.
[2] Каримов И.А. Шығармалары. Ташкент, 2000. Т.8. 102-бет.

etti. I.A.Karimovtın` bul so`zleri, dıqqatı qaraqalpaq xalqının` yadınan hesh waqıtta shıqpaydı[1]. Qaraqalpaq xalqı ha`m ma`mleketshiligi tariyxında en` itibarlı, ele az izertlengen jıllar Ekinshi jer ju`zilik urıstan keyingi da`wir bolıp tabıladı. Sonın` ishinde elege deyin o`zinin` izertleniwin ku`tip turg`an temalardın` biri, bul respublikanın` awıl xojalıg`ına kadrlar tayarlaw ha`m olardın` qa`nigeligin asırıw ma`seleleri edi. XX a`sirdegi tariyxıy, siyasiy, sotsiallıq ha`m ma`deniy turmısqa na`zer salg`anımızda, urıstan keyingi awır, qıyın jıllar tariyxıy u`yreniw, ilimiy bahalaw za`ru`rligi ko`rinedi. Urıstan keyingi jılları, u`stemlik etken totalitarizmnen «demokratiyag`a» o`tiw, siyasiy ha`m sotsiallıq, huqıqıy salada o`zgerislerdin` bolıwı, bunın` qaraqalpaq xalqı o`mirinde o`z sa`wlesin tabıwın u`yreniw, izertlew za`ru`rli ekeni anıq.

Respublika awıl xojalıg`ı ta`repinen ha`r qıylı bag`darda ta`riplendi. Degen menen bul taraw boyınsha izentlenip, jarıq ko`rgen miynetler o`te az. Baspadan shıqqan miynetlerde bul da`wir o`zinin` tolıq sa`wleleniwin tapqan emes. Bul miynetlerge Aminova R.X., Kamalov K., Kamalov S., Mambetnazarov M., Sarıbaev K., Palvanov J., Shamambetov B. ha`m tag`ı basqalar[2].

Usı jıllar ishinde awıl xojalıg`ında ha`m sotsiallıq siyasatta ilimiy-texnikalıq progressti iske asırıwg`a, awıl xojalıg`ın joqarı qa`nigeler kadrlar menen ta`miyin etiwde, jumıstı ha`r ta`repleme jetilistiriwge u`lken a`hmiyet berildi.

Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı, onın` qa`liplesiwi, tikleniw ha`m rawajlanıwı haqqında ilimpazlar, ma`mleketlik g`ayratkerler ta`repinen bir qansha ilimiy miynetler ha`m eske tu`siriwler baspadan shıqtı. Axundjanov L., Kamalov K., Kamalov S., Sarıbaev K., Paluanov J., Shamambetov B. O`zbekistannın` jan`a

---

[1] Камалов С.К. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетшилигиниң тарийхынан. Нөкис, 2001. 70-бет.

[2] Аминова Р.Х. Ўзбекистон совет властининг аграр сиёсати ва уни сохталаштирувчилар. Тошкент: Фан, 1972. Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, 1995; Камалов С. Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.). Нөкис, 1990; Мамбетназаров М. Общественные фонды потребления и проблемы социального развития села. Нөкис, 1991; Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус, 1986; Палванов Ж. Қарақалпақстанда салы жетистириўдиң келешеги. Нөкис, 1976; Шамамбетов Б. Қарақалпақ аўыл хожалығы (1965-1985 жж.). Нөкис, 1992; тағы ол: Аграрное развитие республики Каракалпакстана. Ташкент, 1994.

tariyxı Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı, Qaraqalpaqstannın` jan`a tariyxı ha`m t.b[1]. Bul miynetlerde respublika awıl xojalıg`ın ha`r ta`repleme qarap shıg`ıp, barlıq tarawların sa`wlelendiriw, jetiskenlikler, kemshilikler ha`m olardın` sebepleri bayan etilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl xojalıg`ında 50-jılları awır qol miyneti dawam etti, son`ıraq bir qatar kolxozlarg`a «NATI» jer su`riw traktorlar, ju`k avtomashinaları keldi. 1954-jılı hu`kimet ha`m partiya basshısı Xrushev da`wiri baslandı. Ol basqarg`an da`wirde kolxozlar biriktirildi, bul awıl xojalıg`ının` rawajlanıwına jaqsı ta`sirin tiygizbedi. Awır miynet, az o`nim alıw, aylıq haqılar to`men boldı. 1950-jılları respublika kolxozlarında 3-4 «NATI» traktor bolıp, 500-600 gektar paxta egetug`ın jerler boldı. 1950-jılları kolxozlar paxta jobasın 60-70 protsentten artıq orınlamadı[2].

Respublika hu`kimeti aldında awıl xojalıg`ın, sonın` ishinde oraydın` talabına ılayıqlı paxtashılıqtı rawajlandırıw ushın, bul tarawdın` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew ha`m jeterli da`rejede kadrlar tayarlaw baslı ma`selelerdini biri edi. Usı da`wirge baylanıslı alıp barılg`an izertlewlerge baylanıslı birneshe miynetler baspadan shıqtı. Bul miynetlerde sol da`wirdin` talabına muwapıq, ko`birek jetiskenliklerdi sa`wlelendiriwge ha`reket etken.

Birinshiler qatarında awıl xojalıg`ın o`z ishine alg`an monografiya Ya.M.Dosumovtın` kitabın aytıw orınlı. Fermerler xojalıg`ına tiyisli bolg`an miynet I.El`muratov ta`repinen, agrar siyasatqa bag`ıshlang`an K.Ametovtın` miyneti, sol da`wirdin` agrar siyasatının` xarakterin ha`m a`hmiyetin ashıp bergen. Sonday-aq 50-jıllarda awıl xojalıg`ına bag`ıshlang`an miynet A.Bekimbetov

---

[1] Ахунджанов Л. Равная в дружной семье. Т., 1967; Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, Қарақалпақстан, 1995; Камалов С. Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.). Нукус, Вестник ККО АН РУз, 1990; Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус, Каракалпакстан, 1986; Он же: История орошения Каракалпакстана. Нукус, Каракалпакстан, 1995; Палванов Ж. Қарақалпақстанда салы жетистириўдиң келешеги. Нөкис, Қарақалпақстан, 1976; Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы (1965-1985 жж.). Нөкис, Қарақалпақстан, 1992; Шамамбетов Б. Аграрное развитие Республики Каракалпакстан. Опыт и проблемы. Ташкент, 1994; Ўзбекистон Совет мустакиллиги даврида. Тошкент, Шарк, 2000; Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1989; Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, Қарақалпақстан, 2003.

[2] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, Қарақалпақстан, 1995. 61-бет.

ta`repinen jaratıldı. 30-40-jıllarda awıl xojalıq kadrların tayarlawg`a bag`darlang`an miynet B.Shamambetov ha`m P.Muratovlardın` monografiyası baspadan shıqqan[1].

1960-70-jıllarda awıl xojalıg`ın qayta qurıw, ja`miyetlik fondlar duziw arqalı fermer xojalıqların rawajlandırıw ha`m solay etip awıldın` sotsiallıq rawajlanıw mashqalaların sheshiw boyınsha M.Mambetnazarovtın` monografiyalıq miyneti baspadan shıqtı.

N.Maxmudov avtonom respublikag`a basshı bolıp rayonlardı qısqartıp, sovxozlardın` bo`limlerin qısqartıp, o`zinshe «reforma» o`tkerdi. Xojeli rayonı quramında Shomanay, Qanlıko`l, Qon`ırat boldı, Shımbay, Ken`es, Qarao`zek, Taxtako`pir, To`rtku`l, Beruniy, Ellikqala rayonı – Shımbay quramında boldı. 1950-60-jılları Qaraqalpaqstanda awıl xalqının` ma`deniy turmıs jag`dayları bosap qala berdi. Qaraqalpaqstanda o`tkerilgen reforma, yag`nıy rayonlardı biriktiriw, sovxoz bo`limlerinin` ornına 400-500 gektarlıq iri brigadalar sho`lkemlestiriw o`z na`tiyjesin bermedi. Rayonlarg`a baratug`ın jollar jaman, awıllarda imaratlar qurılmag`an, «eski mektep» jayları tozıp turg`an, go`ne jaylarda edi. Awılda diyqanshılıq ma`deniyatı to`men edi. Ha`r jılı u`lkemizge 300 go`ne traktor «NATI» berildi. Japlarda qazıw jag`dayları to`men, awıllardı elektrlestiriw bolmadı, kolxozdın` oraylıq ustaxanaları stanoklar menen ta`miyinlenbedi. Qaraqalpaqstannın` urıstan keyingi turmısı ju`da` to`men jag`dayda boldı. 1950-1963-jılları respublikamız paxta tayarlaw jobasın 15-18% ten aspag`an jag`dayda orınlap turg`an. 1964-jılı Qaraqalpaqstan Respublikasının` 40 jıllıq yubileyi o`tkerildi.

1960-70-jıllardag`ı reformalardag`ı qarama-qarsılıqlarg`a qaramastan respublikanın` o`ndiris ku`shlerinin` rawajlanıwı aytarlıqtay boldı. Xalıq

---

[1] Досумов Я.М. Очерки истории Каракалпакской АССР 1917-1927 гг. Т., 1960; Ельмуратов Ы. Из истории исследования и укрепления военно-политического союза рабочего класса и трудового крестьянства Каракалпакии // Вестник КК ФАН УзССР. 1972. №2; Аметов К. Аграрная политика Советской власти в Каракалпакии. Нукус, 1975; Муратова П. О подготовке кадров для сельского хозяйства Каракалпакии в годы первой пятилетки // Вестник. 1964. №3; Шмамбетов Б. Подготовка сельскохозяйственных кадров – важный участок партийной работы. Нукус, 1978.

xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazası bekkemlendi. Bul jetiskenlikler ko`rsetilgen miynetlerde o`zinin` tolıq sa`wleleniwin tolıq tappag`an. Qaraqalpaqstan 50-70-jıllarda tariyxıy do`retiwshilik, izleniwler ha`m ko`plep mashqalalardı sheshiw, du`zim ta`repinen a`skeriy kazarmalıq eziwine qaramastan qıyınshılıqlardı jen`ip shıqtı ha`m tariyxta bolmag`an isshen`likti ko`rsetti.

Usı jıllar ishinde xalıq xojalıg`ında ha`m sotsiallıq siyasatta ilimiy-texnikalıq progresti iske asırıwg`a, xalıq xojalıg`ın joqarı qa`nigeli kadrlar menen ta`miyin etiwde, turmıstı ha`r ta`repleme jetistiriwge u`lken a`hmiyet berildi.

Qaraqalpaqstannın` xalıq xojalıg`ın, sonday-aq onın` awıl xojalıg`ı, onın` qa`liplesiwi, tikleniw ha`m rawajlanıwı haqqında ilimpazlar, ma`mdeketlik g`ayratkerler ta`repinen bir qansha ilimiy miynetler ha`m eske tiwler baspadan shıqtı. Axundjanov L., Bazarbaev R., Sarıbaev Q., Kamalov S., Sarıbaev K., Sarıbaev M., Palvanov J., Tlewbergenov Sh., Shamambetov B., O`zbekistannın` jan`a tariyxı, Qaraqalpakstan ASSR tariyxı, Qaraqalpaqstannın` jan`a tariyxı ha`m tag`ı basqalar[1]. Bul miynetlerde respublika awıl xojalıg`ın ha`r ta`repleme qarap shıg`ıp, barlıq tarawların sa`wlelendiriw, jetiskenlikler, kemshilikler ha`m olardın` sebepleri bayan etilgen.

1950-60-jılları paxta ha`m salının` zu`ra`a`tin ko`beytiwge u`lken itibar berildi. Ha`r jılı 80-100 mın` jerler o`zlestirildi, Aral ten`izine suw aqpay qaldı. 70-80-jılları Respublika xaldıq xojalıg`ı, a`sirese awıl turmısında ekologiyalıq jag`daylar payda boldı[2]. Jerlerge tek paxta, salı egiw boldı, almaslap egiw texnologiyası buzıldı. Shuralar da`wirinde suw ha`m jer resusralarınan nadurıs paydalanıw na`tiyjesinde u`lken ekologiyalıq mashqalalar kelip shıqtı[3].

---

[1] Ахунджанов Л. Равная в дружной семье. Ташкент, 1967; Базарбаев Р. История кадровой политики советской власти в Каракалпакстане. Нукус: Билим, 2012; Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995; Камалов С. Социально-политическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.) // Вестник ККО АН РУз, 1990; Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1986; Он же: История орошения Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1995; Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры Советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). Ташкент, 2008;

[2] Аметов М. Современное состояние тугаев Каракалпакстана. Нукус, 1994. 6-бет.

[3] Насыров Р.А. Социальное развитие села Узбекистана (1965-1985). Ташкент, 1997.

Ilimpazlar izertlewi boyınsha Aral ekologiyası XX a`sirdin` 60-70-jılları anıq sezildi, lekin, Oray ta`repinen bul ma`selege itibar berilmedi, qattı sır bolıp qaldı. U`lkemizde tariyxıy, arxeologiyalıq estelikler shordan wayran boldı[1]. Haywanat, quslar, o`simlik tu`rleri «izsiz» joq bola basladı.

O`zbekistan Ministrler Kabinetinin` 19-yanvarda 2011-jıldın` juwmag`ı ha`m 2012-jıldın` wazıypasına bag`ıshlang`an ma`jiliste Prezidentimiz I.A.Karimov «2012-jıl Watanımızdın` rawajlanıwın jan`a basqıshqa ko`teretug`ın jıl boladı» atlı dokladında awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ma`selesine toqtap «Elimizde o`tken jılı 6 million 800 mın` tonna da`n, 4 mln 500 mın` tonna paxta, 8 mln 200 mın` tonnadan aslam ovosh ha`m palız, 3 mln tonna bag`shılıq o`nimleri jetistirildi. Usının` menen birge 6 million 600 mın` tonna sut, 1 mln 500 mın` tonna go`sh, 3 mlrd 500 mln danadan aslam ma`yek tayarlandı. Usının` menen birge biz awıl xojalıq salasında birinshi gezekte topıraqtın` o`nimdarlıg`ın arttırıw ila`jların ko`riw, barlıq agrotexnikalıq ila`jlardı o`z waqtında orınlaw selektsiya ha`m tuqımgershilikte rawajlandırıw, miynetti sho`lkemlestiriw ja`ne xoshametlew menen baylanıslı elege deyin iske qosılmag`an u`lken imkaniyatlardın` bar ekenin ta`n alıwımız za`ru`r»[2] dep awıl xojalıq miynetkeshlerinin` aldına u`lken wazıypalar qoydı.

Izertlep atırg`an jıllarda respublikada texnikalardın` ko`beyiwi, awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` jeterli qa`lipleskenligin, kadrlar tayarlawg`a jeterli itibar bergenligin ko`remiz. 1981-jılg`a kelip awıl xojalıg`ında 21175 mexanizator kadrlar jumıs islegenligi awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewde ha`m kadrlar menen ta`miyinlewde unamlı jumıs alıp barılg`anlıg`ın ko`remiz[3].

**Dissertatsiyalıq jumıstın` temasının` a`hmiyetligi**. Qaraqalpaqstan erte da`wirlerden biri agrar u`lke. Xalıqtın` basım ko`pshiligi awıllarda jasaydı ha`m

---

[1] Давлетов С. Социально-экологическая ситуация и демографические процессы в регионе Нижней Амударьи. Автореф. дис. … канд. ист. наук. Ташкент, 2003. 20-23-бетлер

[2] Каримов И.А. 2012-жыл ўатанымыздың раўажланыўын жаңа басқышқа көтеретуғын жыл болады.

[3] «Еркин Қарақалпақстан». Нөкис, 2012. 21-январь, №9.

tiykarınan awıl xojalıg`ı menen shug`ıllanıp kelmekte. Ken`es hu`kimeti da`wirinde de bul tarawdı rawajlandırıwg`a bolg`an talaplar ku`shli boldı, biraq degen menen jetiskenlikler menen birge qıyınshılıqlar, mashqalalarda ko`p boldı. Bu`gingi ku`nge shekem awıl xojalıg`ının` sonın` ishinde bul tarawdı kadrlar menen ta`miyinlew ma`seleleri tolıq izertlenip, juwmaqlang`an emes. Bul tarawdın` tariyxın u`yreniw baslı wazıypamız boldı.

**Bul temanın` u`yreniliw** jag`dayına kelsek, tema tiykarınan aktual ma`sele bolıp, ilimpazlar ta`repinen bul temanın` ha`r qıylı ob`ektleri u`yrenilip, o`zlerinin` miynetlerin jarattı. Degen menen biz izertlep atırg`an awıl xojalıq kadrların tayarlaw ha`m qayta tayarlaw boyınsha bu`gingi ku`nge deyin o`z aldına izertlenbegenligin aytıwımız kerek.

**Izertlenip atırg`an jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları**na kelsek, bul tema bu`gingi ku`n ushında aktual tema bolg`anlıg`ın esapqa alıp, bul problemanı teren`irek ha`m ha`r ta`repleme u`yreniw, o`tmishten sabaq alıp, respublikamızdın` awıl xojalıg`ın bu`gingi ku`nnin` talabına muwapıq rawajlandırıwda tolıq paydalansa boladı dep oylaymız.

**Jumıstın` ilimiy jan`alıg`ı** haqqında so`z etetug`ın bolsaq bul da`wirdi mu`mkin bolg`anınsha teren`irek izertlep kadrlar tayarlawdag`ı jetiskenlikler menen kemshiliklerdi ko`rsetiw menen bu`gin g`a`rezsizlik jıllarında respublikamızdın` fermer ha`m diyqan-fermer xojalıqlarında ha`m basqada awıl xojalıq tarawların bu`gingi ku`nnin` talabına ılayıq maman kadrlar menen ta`miyinlewde paydalansaq orınlı bolar edi.

**Jumıstın` izertleniw ob`ekti.** Bul jumıs XX a`sirdin` 50-70-jıllarında Qaraqalpaqstanda awıl xojalıq kadrlardı tayarlawdın` jag`dayı: ta`jiriybe ha`m mashqalalar. Respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda materiallıq-texnikalıq bazasın du`ziw ha`m onı kerekli texnik ha`m joqarı qa`nigeli kadrlar menen ta`miyinlew jag`dayların ha`r ta`repleme ashıp ko`rsetiw.

**Jumıstın` predmeti.** Qaraqalpaqstan respublikasında 50-70-jıllarda hu`kimetimiz ha`m awıl xojalıq organlar ta`repinen bul tarawdı rawajlandırıwg`a

baylanıslı konkret sharalar, sonın` ishinde O`zbekistan hu`kimeti ta`repinen 60-jıllardın` ortalarında eki ma`rte ju`da` a`hmiyetli qararlar shıqtı. Bul qararlarg`a tiykarlana otırıp Qaraqalpaqstang`a ha`m onın` awıl xojalıg`ın ko`teriwge ko`p sanda texnikalar, kerekli u`skeneler ha`m kadrlar tayarlawda u`lken ja`rdem ko`rsetti.

Jaqlaw aldında turg`an a`hmiyetli jag`daylar, jumıstın` jazılıw ha`m tamamlaw da`wirinde A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutının` tariyx fakul`tetinin` «tariyx» kafedrasının` ma`jilisinde qaraldı ha`m ilimiy basshı, sırtqı eksportlar ta`repinen ko`rilip shıg`ıldı.

Jumıstın` du`ziliwi ha`m ko`lemi, Kirisiw, u`sh baptan ha`m bo`limshelerden, juwmaqlaw ha`m paydalang`an a`debiyatlardan ibarat.

## BIRINShI BAP. 1950-70-JILLARDA QARAQALPAQSTANNIN` AWIL XOJALIG`IN AWAJLANDIRIWDA KO`RILGEN ILA`JLAR HA`M ORAYDIN` TALABINA MUWAPIQ PAXTASHILIQQA BOLG`AN TALAPTIN` KU`SHEYIWI, ONIN` MONOKUL`TURAG`A AYNALIWI: JETISKENLIK, MASHQALALAR

### 1.1. Respublikanın` awıl xojalıg`ının` awxalı ha`m onı rawajlandırıwda ko`rilgen ila`jlar: qıyınshılıqlar, jetiskenlikler

Qaraqalpaqstan respublikası biraz tarawlarda O`zbekistannın` oblast`larınan bir qansha tarawlarda artta edi. Sonın` ishinde awılxojalıg`ın jeterli da`rejede rawajlandırıwda aytarlıqtay kemshilikler, jetispewshilikler ko`zge taslanar edi. Tiykarınan awıl xojalıq texnikalarının` jetispewshiligi, mineral` to`ginlerdin` kemligi ha`m tuwrı paydalana almawı, a`dewir qıyınshılıqlarg`a duwshar boldı. A`sirese texnika ma`selesi, kolxoz, sovxozlardın` materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew baslı wazıypalardın` biri edi. Usı wazıypalardı iske asırıwda O`zbekistan hu`kimeti awıl xojalıg`ının` mu`ta`jligin ta`miyinlew boyınsha birqansha ilajlar ko`rdi.

Bul wazıypanı a`melge asırıw - ha`r bir kolxoz, sovxoz, rayonlardın` aldın paxtashılıqtın` zu`ra`a`tliligin asırıw, paxtashılıqtı jaqsılaw, agrotexnikalıq islerin endiriw wazıypaları turdı.

Biraq kerisinshe paxta, paxtashılıqtı rawajlandırıwda belgilengen sharalar tolıq a`melde iske aspadı, biraq Oraydan jobalastırılıp to`menge jiberilgen tapsırmalardı orınlaw ma`jbu`r edi. Sol maqsette Qaraqalpaqstang`a 1950-jılı 139 mın` tonna paxta tapsırıw kerekligi haqqında ko`rsetpe berildi. Qaraqalpaqstannın` jer sharayatı, klimatı, irrigatsiyalıq meliorativlik jag`dayı, texnika menen ta`miyinleniwi awhalın esapqa alınbag`anlıg`ı sebepli 1951-1955-jılları respublika paxta tapsırıw planın orınlay almadı. 1955-jılı 207 mın` tonna paxta tapsırıw ornına tek bolg`anı 137 mın` tonna paxta tapsırdı. Oraydın` 1954-1958-jılları O`zbekistanda paxtashılıqtı rawajlandırıw haqqındag`ı qararında Qaraqalpaqstanda paxta egis maydanı 1953-jılı 92,9 mın` gektarg`a ko`beytildi.

Qaraqalpaqstan boyınsha ha`r bir gektar egislik jerden 15,8 tsentner g`ana paxta tapsırıldı. . Mine bul jag`day sol da`wirdegi paxta tapsırıw planının` tek g`ana Oraydan beriliwi, komanda beriw siyasatının` qa`te kemshiligin ko`rsetedi. Berilgen paxta planın orınlawda kolxozlardın` ornına iri sovxozlardı du`ziw rayonlardı da biriktiriw payda beriwi mu`mkin degen oy menen 1956-1963-jıllari iri sovxoz ha`m rayonlardı du`ziw mapazı baslandı[1].

1955-jılı kolxozlar irilendirildi ha`m olardın` sanı 211 jetti. 1957-jıldan baslap arqa rayonlardı sovxozlarg`a aylandırıw sanaw esabınan 32 sovxoz sho`lkemlestirildi, sovxozlar sanı kolxoz xojalıqları ko`beytilip barıldı[2]. Sonın` menen birge bir qatarda rayonlardı biriktirip iri rayonlardı du`ziw siyasatı a`melge asırıldı. Xojeli, Shomanay, Qanlıko`l, Qon`ırat rayonları biriktirilip Qon`ırat rayonı, al Shomanay, Ken`es, Qarao`zek, Taxtako`pir rayonları biriktirip Shımbay rayonı, Beruniy, Ellikqala, To`rtku`l rayonları aymaqları biriktirilip To`rtku`l rayonı bolıp ataldı. Bul jılları egislik maydanlarıda ko`beytirilip barıldı.

Sonın` menen birge bir qatarda rayonlardı biriktirip iri rayonlardı du`ziw siyasatı a`melge asırıldı. Xojeli, Shomanay, Qanlıko`l, Qon`ırat rayonları biriktirilip Qon`ırat rayonı, al Shomanay, Ken`es, Qarao`zek, Taxtako`pir rayonları biriktirip Shımbay rayonı, Beruniy, Ellikqala, To`rtku`l rayonları aymaqları biriktirilip To`rtku`l rayonı bolıp ataldı. Bul jılları egislik maydanlarıda ko`beytirilip barıldı.

1940-jıl ulıwma egis maydanı 151,2 mın` gektar bolsa, 1950-jılı 159 mın`, 1955-jılı – 178,6 mın`, 1960-jılı – 191,7 mın` gektar jer boldı. Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı, salıgershilikti ha`m basqa da awıl xojalıq tarawların rawajlandırıw ha`m paxtashılıqtı kompleksli mexanizatsiya menen ta`miyinlew sheshimi Oray ta`repinen qabıl etildi[3].

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 75-бет.
[2] Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 133-бет.
[3] Молдахмедов К. Подъем материального благосостояния и культурного уровня колхозного крестьянства ККАСР в 1959-65 гг. // Вестник КК Фан УзССР, 1974, N4, 52-57-бетлер.

Mine usı qararg`a baylanıslı 1960-jıllarda paxta egis ha`m salı egis jer maydanı ko`beytilip barıldı. Eger 1940-jılı paxta egetug`ın jer maydanı 60,9 mın` ga bolsa, 1950-jılı 83,6 mın` ga, 1955-jılı 114,2 mın` ga, 1960-jılı 131,5 mın` ga jer ajıratıldı. Sonın` menen birge salı egetug`ın jer maydanları 1960-jıldan son` ken`eyip barıldı. 1950-jıl 8,1 mın` ga jerge salı egilgen bolsa 1964-jılı 13,4 mın` ga maydang`a salı egildi[1].

Son` oraydın` tapsırması boyınsha ma`mleketke salı tapsırıwdı ko`beytiw kerek edi. Sog`an baylanıslı ayırım paxta jer maydanlarında salı egiwge berildi. Bul jılları paxta salıdan basqa eginler a`sirese palız eginlerine onsha itibar berilmedi. Diyxanlar bul eginlerdi o`zlerinin` atızlarına elep alatug`ın edi. Al ma`mleketlik kartofel` egin maydanı 1950-jılı 0,4 mın` gektar, 1955-jılı 1,4 mın`, 1960-jılı 2,0 mın` ga jer, ovosh maydanı 1950-jılı 0,7 mın`, 1955-jılı 0,8 mın`, 1960-jılı 1,2 mın` gektar. Baqsha jer maydanı 1950-jılı 1,9, 1955-jılı 2,0 mın`. 1960-jılı 2,7 mın` gektar jerdi quradı.

Demek tiykarg`ı egis jer maydanı paxta egiwge arnaldı. Bul jılları awıl xojalıg`ın texnika menen ta`miyinlewde bir qansha jaqsılandı: 1958-jılı 4100 traktor, 764 paxta teretug`ın mashina, 361 gorek teretug`ın mashina, 461 go`rekten paxta shıg`aratug`ın mashina, 2005 traktorlar seyalkası, 3379 traktor kul`tivatorları, 1126 ju`k mashinaları ha`m avtotsisternalar alındı, 13 da`n teriwshi kombayn alındı[2]. Sebebi bunday texnikalar Oraydan berilgen paxta planın orınlaw ushın za`ru`r edi.

Bul texnikalardı alg`ang`a deyin diyxanlar paxta egetug`ın jer maydanın tayarlaw, paxta ko`gergennen keyin paxta arasın kul`tivatsiyalaw, paxtanı shıg`artıw islerin ko`binese qol miyneti menen isler edi. A`sirese jap salmalardı tazalaw, go`rekten paxta shıg`arıw jumısları awır edi.

Kempir-g`arrılar, eresek balalar tu`ni menen pechtin` quwısına go`rekti keptirip, paxta shıg`arıp otırar edi. Al paxta planın orınlaw ushın diyxanlar

---

[1] Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 133-бет.
[2] Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 133-бет.

ayanbastan jumıs isler edi. Texnika menen ta`miyinlew a`dewir jaqsı edi. Solay etip egis maydanlarının` ko`beyiwi texnika menen ta`miyinlewdin` jaqsılanıwı ha`m diyxanlardın` pida`kerlik miyneti arqasında jıldan-jılg`a ma`mleketke paxta, salı tapsırıw artıp bardı.

1955-jılı 137,0 mın` tonna paxta, 1960-jılı 207,0 mın`, 1955-jılı 4,3 tonna salı, 1960-jılı 3,6 mın` tonna salı tapsırıldı[1].

Sonın` menen birge paxta talasın islep shıg`ıwda jıldan-jılg`a ko`beyip bardı: 1950-jılı 41,0 mın` tonna paxta talasın islep shıqsa, 1955-jılı 69,3 mın` tonna, 1960-jılı 76,7 mın` tonna paxta talasın islep shıqtı ha`m ma`mleketke tapsırdı. 1955-jılı 4,3 mın` tonna kartoshka tapsırıldı. 1955-jılı 12,6 mın` tonna kartoshka tapsırıldı.

Baxsha o`nimleri: 1955-jılı 7,6 mın` tonna tapsırıldı. Ma`kke (ko`k massası, pochatkası) 1955-jılı 37,8 mın` tonna, 1960-jılı 454,3 mın` tonna tapsırıldı[2]. Da`wir sonı ko`rsetti iri sovxozlardı sho`lkemlestiriw siyasatının` nadurıs ekenligin waqıt ko`rsetti. Sebebi iri rayonlardı, iri sovxozlardı, iri brigadalardı (bir brigadanın` egis jer maydanı 250-500 gektar) basqarıw ju`da` qıyın edi.

Sovxozlardı, kolxozlardı, rayonlardı basqarıw ushın ja`rdemge wa`killer jiberiletug`ın edi. Bul wa`killerdin` qa`nigeligi ulıwma awıl xojalıg`ına ja`rdem bere alatug`ın da`rejede emes edi. Sebebi Qaraqalpaqstanda qanday da ma`mleketlik ministrlikler bolsa (ol den sawlıq ministrligime, ol bilimlendiriw ministrligi me yamasa ma`deniyat ministrligime) solardan wa`killer jiberiler edi, bul wa`killerdin` jumısqa paydasınan zıyanı ko`birek edi. Sovxoz direktorları bas agronomlar, bas injenerler sovxoz aymag`ındag`ı egis maydanların tez o`z waqtında ko`rip u`lgere almaytug`ın edi[3].

Egin jerler o`z waqtında qanıp suwg`arılatug`ın, jerdin` tapqa keliwin, paxta egiletug`ın jerlerdin` jaramlılıg`ın yag`nıy paxta egiwge bolama, bolmayma, sonı anıqlaw, paxta ko`gerip o`skennen keyin beriletug`ın to`gin mug`darın anıqlaw

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.
[2] Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 133-бет.
[3] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 75-бет.

neshe ret suwg`arıw, qay waqıtta suwg`arıw jumısların iske asırıw sıyaqlı qıyınshılıqlar tuwıldı.

Al diyxanlar, brigadirler, texniklerdin` bas qa`nigelerge jumıs jag`dayı tuwralı ushırasıwı qıyın edi. Mine iri sovxozlar, iri rayonlardı du`ziw sebepli ma`mleketke ko`p zıyan keldi (tek 1958-jılı 1080 mln rubl` zıyan keldi).

Egislik jer maydanının` o`nimliligin asırıwda jerdin` izey suwların qashıratug`ın kollektor-drenajlardın` qurılısı ha`m jerdi u`nemli suwg`arıwda irrigatsiyalıq qurılıslardın` iske asırılıw da`rejeside u`lken a`hmiyetke iye. Kollektor drenajlar 1956-jıldan baslap qazıla baslandı. To`rtku`l ha`m Beruniy rayonlarında 1956-1960-jıllar dawamında uzınlıg`ı 90 km lik kollektor drenaj qazıldı.

Qaraqalpaqstanda 1956-jılı 32,2 mın` rubl` qarjı qaratıldı. Irrigatsiya jumısların atqarıw ushın Qaraqalpaqstan mashina ekskovator stantsiyası 1951-jılı Xojelide, 1952-jılı Paxta arnada, 1953-jılı Shımbayda ashılıp, onda 65 ekskovator, 80 zemnasos, bul`dozer, greyder boldı ha`m 1955-jılı suw tarmaqlarının` 72,5 protsenti tazalandı.

1950-jılı jon`ıshqa egisligine dıqqat awdarıldı. Eger jon`ıshqa 1953-jılı 37,400 gektarg`a egilgen bolsa, 1958-jılı 5772 gektar jer egildi. 1960-jılı paxta egiw menen birge Oraydın` ko`rsetpesine muwapıq Qaraqalpaqstanda ma`kke egiw tiykarg`ı ma`selenin` biri boldı ha`m ma`kke da`ni ushın 1955-jılı 400 ga jer ajıratılg`an bolsa, 1960-jılı 900 ga, 1961-jıl 3,2 mın` ga jer, ma`kke silosı ushın 1955-jılı 6,2 mın` ga jer ajıratıldı[1].

Sanaattın`, sonın` ishinde paxtanı qayta islewde xalıq turmısın jaqsılawda, dizel` motorları menen isleytug`ın suw nasosları menen bir qatarda joqarg`ı quwatlılıqqa iye elektromotorları ornatılg`an suw nasoslarının`, suw bo`listiriliwine qurılmalardın` islewinde elektr energiyası u`lken a`hmiyetli orın tuttı. 1958-jılı Qaraqalpaqstanda 48,3 mln kVt energiyası islep shıg`ıldı.

[1] Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 37-38-бетлер.

Qaraqalpaqstanda elektr energiyasın beriwshi 1956-jılı Taxiatash GRESi qurıla basladı ha`m ol ekonomikalıq rawajlanıwg`a u`lken ta`sirin tiygizdi[1].

Ekonomikanın` rawajlanıwına Charjaw-Xojeli-Qon`ırat temir jolının` qurılıp pitiwi o`z ta`sirin tiygizdi[2]. Sebebi basqa o`ndirislerdin` ku`sheyiwi menen birge awıl xojalıq o`nimlerinin` artıwına kerekli texnikalardı tasıw, asfal`t jollardın` qurılıwı sol temir jollardın` pitiwine baylanıslı edi. Mine usıg`an baylanıslı sol jılları Xojeli, Shomanay, Shımbay, Ken`es, Qarao`zek avtomobil` jolları tez arada qurılıp asfal`tlanıp, tez arada paydalanıwg`a berildi ha`m avtomobillerdin` jumıs islew o`nimliligin arttırdı.

Sonı da aytıp o`tiw kerek O`zbekistan hu`kimet basshılarının` talabı boyınsha 1955-jıldın` aqırı kolxoz xojalıg`ında jetistirilip atırg`an paxtanın` 1 tonnasının` bahasın 2150 rubl`den 3100 rubl`ge shekem ko`terildi. 1949-jılı 29-aprel`de qabıl etilgen «Eginlerdi suwg`arıw ka`rxanalardın` ıqtiyajı ha`m basqa xojalıq za`ru`riyatı ushın suw haqı alıw haqqındag`ı qararı biykar etildi»[3]. Mine bul jag`day kolxozlardın` ekonomikasın bekkemlewde a`hmiyetke iye boldı. Kolxozlardın` pul doxodı 1958-jılı 33,7 mın` bolsa, 1960-jılı 36,3 mın` rubl` boldı[4].

Suwlandırıw tarmaqları basqarması qurıldı (1949-jılı 4 basqarma) qurıldı. Kanallardı, japlardı tazalaw ushın mashina ekskovator stantsiyası qurıldı. (1951-1953-jıldın` o`zinde 65 ekskovator, 80 greyder, bul`dozer ha`m t.b. iye boldı; 1955-jılı ulıwma suw tarmaqlarının` 72,5% tin tazaladı). Paxta o`nimin ko`beytiw ha`m xalıq xojalıg`ının` basqa tarawların ku`sheytiw esabınan Qaraqalpaqstan ekonomikasın bekkemlew ha`m joqarılatıw maqsetinde temir jol liniyaları (Chardaw-Qon`ırat liniyası)[5], avtotransport jolları salındı. Taxiatash ıssılıq

---

[1] Карвасарский А. Қарақалпақстанда электр станциясын қурыў тарийхынан. Нөкис, 1992, 58-бет.
[2] Сейтимбетов М.К. Народное движение в железнодорожном строительстве ККАССР. // Вестник ККО АН РУ, 1997, N3, 99-бет.
[3] Мухитдинов Н. Кремлде өткен жылларым, 141-бет.
[4] Народное хозяйство ККАССР. Статистический сборник. Нукус: Каракалпакстан, 1967, 84-бет.
[5] Рахманов К. Сооружение железной дороги Чарджау-Кунград … 47-бет.

elektrostantsiyası qurıldı, bunı qurıw ushın Taxiatashgidroenergostroy qurılıs tresti ashıldı ha`m 1958-jıldın` o`zinde 48,3 mln kVt elektr energiyası islenip shıqtı[1].

Mine usınday iri jumıslardın` isleniwi xalqımızdın` u`lken miynet islewi na`tiyjesinde 1950-jılı 139 mın` tonna 1954-jılı 199 mın` tonna, 1958-jılı 193 mın` tonna paxta tapsırıldı. Sonday-aq aytıwımız kerek paxtanın` jıldan-jılg`a ko`p tapsırıwı paxta egiletug`ın jer maydanlarının` ko`beytilip barılıwınan boldı, yag`nıy ha`r bir gektar jerden alınatug`ın o`nim az edi. Bunın` sebebi paxtanı ta`rbiyalawda agrotexnikalıq qag`ıydalardı orınlawda elede bolsa jeterli da`rejede emesliginde bolıwı, yag`nıy diyxan paxta ta`rbiyasın ha`m bilgeni menen ko`p maydang`a egilgen paxtag`a kerekli to`gindi jetkere almadı ha`m jabayı sho`plerdi tazalap u`lgere almawı ha`m tag`ı basqa ta`rbiya jumısların o`tkere almawı mu`mkin.

Sonday-aq paxta o`nimdarlıg`ının` ha`r bir gektar jerinde kem bolıwı paxta ta`rbiyasın jeterli da`rejede bilmeytug`ın adamlardın` paxtashılıq sovxozların basqarıwınan da bolıwı mu`mkin. Solay etip 1946-1960-jılları awıl xojalıg`ında paxtashılıq bir tamanlama rawajlandı. Paxtashılıqtın` rawajlanıwı ushın Qaraqalpaqstanda irrigatsiyalıq jumıslar texnikalar menen ta`miyinlew boyınsha bir qansha jumıslar islendi.

Jen`il sanaat qurılısına (jip iyiriw – gezleme toqıw ha`m t.b.) onsha kewil bo`linbedi. Qaraqalpaqstan tex paxtanı beriwshi bolıp qaldı, al paxtadan jip iyiriw, gezleme toqıwshı basqa regionlarg`a paxta jiberilip turıldı.

Avtonomiyalı respublikanın` hu`kimeti awıl xojalıq o`ndirisi o`nimlerin bunnan bıylay da ko`beytiw wazıypaların sheshe otırıp, awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge u`lken dıqqat awdardı. Jan`a bes jıllıqtın` da`slepki jılında kolxoz ha`m sovxoz o`ndirisin rawajlandırıw ushın 49 mln manatqa jaqın qarjı bo`lim shıg`arıw na`zerde tutıldı, bul 1965-jıldag`ıg`a qarag`anda 13,5% ko`p edi. Jan`a texnika satıp alıwg`a 11 mln manat qaratıldı. 1966-jıldın` dawamında Qaraqalpaqstannın` sovxozları menen kolxozlarına ha`r

[1] Карвасарский А. Қарақалпақстанда электр станциясын қурыў тарийхынан. Нөкис, 1998, 55-бет.

qıylı markadag`ı 975 traktor, 300 paxta teriw mashinasın, 86 kombayn, 358 seyalka, 480 kul`tivator ha`m ko`plegen basqa da texnikalar satıw na`zerde tutıldı[1]. Awıl xojalıq eginlerinin` zu`ra`a`tliligin arttırıw ushın 100 mın` tonnadan aslam mineral to`gin ha`m ko`plegen basqa da ximikatlar bo`lip shıg`arıldı.

Paxtashılıqtag`ı en` bir qıyın mashqala zu`ra`a`tti atız basınan ma`mleket qırmanına tasıp jetkeriw bolıp tabıladı. Sonlıqtan respublika partiya sho`lkeminin` qolg`a alg`an bag`darlarınan biri paxtanı tayarlaw punktlerine qap-kanarsız jetkeriw mashqalasın sheshiw boldı. O`zbekistan Kompartiyasının` Oraylıq Komitetinde islep shıg`ılg`an ilajlardın` iske asırılıwı 1961-jıldan baslap bull qıyın tarawg`a da kompleksli mexanizatsiyanın` engiziliwin ta`miyinledi[2].

Paxtashılıqtı kompleksli mexanizatsiyalaw ushın en` jan`a mashinalar jetistiriwdi o`zlestiriw partiya sho`lkemlerinin` qatan` qadag`alawında boldı. «Uzbeksel`mash» ha`m «Shırshıqsel`mash» zavodlarının` kollektivlerine ha`r ta`repleme ja`rdem berip turıldı.

Respublikamız ta`repinen o`z waqtında qabıl etilgen ha`m konkret ilajlardın` na`tiyjesinde kolxozlar menen sovxozlarg`a awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ushın a`dewir jetilistirilgen traktorlar menen basqa da awıl xojalıq mashinaların jetkerip beriw ko`beytildi[3].

Respublikanın` kolxozları menen sovxozlarına ken` ko`lemli paxta teriw, go`rek tazalaw, go`rek teriw mashinaları keldi. Ko`p maqsetlerge paydalanılatug`ın universal mashinalar payda boldı. Texnikalar paydalanıwda a`dewir isenimli ja`ne a`dewir shıdamlı bolı basladı.

Mashinalar menen mexanizmlerdi universallastırıw ha`m kombinatsiyalawda belgili tabıslarg`a erisildi.

Materiallıq-texnikalıq bazanın` bekkemleniwi na`tiyjesinde mal sharwashılıg`ındag`ı ko`p miynet talap etetug`ın jumıslardı mexanizatsiyalaw

---

[1] О некоторых вопросах деятельности система «Узсельхозтехника». Нукус, 1978. 26 с.
[2] 60 жыл ишинде Қарақалпақстан АССРының халық хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1984, 47-48-бетлер.
[3] О некоторых вопросах деятельности системы «Узсельхозтехника». Нукус, 1976, 26-стр.

jaqsılandı. 1975-jılı komplektatsiya xızmetkerleri ta`repinen mal sharwashılıg`ı qoraları menen qus fermalarının` 22 u`skenesi, aralas jem tayarlaytug`ın 10 agregat komplektlestirildi. Kolxozlar menen sovxozlardın` mal sharwashılıq fermalarındag`ı protsesslerdi kompleksli mexanizatsiyalawdı bunnan bılay da endiriw za`ru`rligi payda boldı. Jem tsexları menen sho`p ushın tayarlaw, g`a`lle tazalaw ha`m keptiriw punktlerindegi jumıslardın` ko`lemin ko`beytiwge bag`dar alındı.

Awıllardın` texnikalıq u`skeneleniwinin` tez o`siwi awıl xojalıq texnikasınan na`tiyjeli paydalanıwdı arttırıw, o`ndiristi kompleksli mexanizatsiyalawg`a o`tiw wazıypaların aldın`g`ı plang`a shıg`ardı Olardın` sheshiliwine qaray o`ndiris protsesslerin mexanizatsiyalaw da`rejesi arttı. Miynettin` industriallıq usılları o`ndiristin` tek tiykarg`ı g`ana emes, al qosımsha uchastkaların da o`z ishine alıp, barg`an sayın ken` tarala basladı.

Irrigatsiya ha`m melioratsiya boyınsha ma`mleket ilajları paxtashılıqtı suw menen ta`miyinlewdi jaqsılawg`a jag`day tuwdırdı ha`m Qaraqalpaqstannın` arqa rayonlarında salı egisligi ushın tın` jerlerdi o`zlestiriw mu`mkinshiligin berip, bul jerlerde 60-jılları qa`nigelestirilgen salıgershilik sovxozları sho`lkemlestirile basladı. Ma`mleket bul iske ko`p qarjı jumsadı. Tek 1962-1965-jılları bul maqsetler ushın 50 mln manat jumsaldı. Salının` egislik maydanı birden ko`beydi: eger 1961-jılı olar 1,9 mın` ga nı qurag`an bolsa, al 1970-jılı ol 20,9 mın` ga boldı ha`m salı jetistiriw 300 mın` tonnanı quradı[1]. Jan`adan sho`lkemlestirilgen salıgershilik xojalıqlarına komsomol jollaması boyınsha mexanizatorlar ha`m basqa da qa`nigeler jo`nep ketti.

Salıgershilik xojalıqlarında texnika ken`nen qollanıldı. 1964-jıldın` o`zinde-aq salının` egislik maydanının` 95% i mashinalardın` ja`rdeminde egildi. 1963-jıldan baslap zu`ra`a`tti jıynawda da mashinalar qollanıldı.

Respublika paxtakeshleri menen salıkeshlerinin` tabısları ma`mleket ta`repinen joqarı bahalandı. Paxta ha`m salı atızları miynetkeshlerinin` u`lken bir

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, 1995. 113-бет.

topar ı orden ha`m medallar menen nagradlandı. Xojeli rayonı Lenin atındag`ı kolxozdın` zveno baslıg`ı Yu.Matkarimovqa, Qarao`zek rayonı «Ma`deniyat» salıgershilik sovxozının` brigadiri U.Turımbetovqa ha`m respublikalıq emlewxananın` vrachı O.Xalmuratovqa Sotsialistlik Miynettin` qaharmanı atag`ı berildi.

Mal sharwashılıg`ı da bunnan bılay rawajlandı. Eger 1960-jılg`a shekem avtonomiyalı respublika sovxozlarında paxtashılıq tiykarg`ı jag`dayda iyelegen bolsa, al 60-jılları ha`r qıylı bag`dardag`ı: go`sh-su`t (No`kis sovxozı), qarako`lshilik (K.Marks atındag`ı, Qaraqalpaqstan ASSRının` 40 jıllıg`ı) ha`m basqa da bag`dardag`ı qa`nigelestirilgen mal sharwashılıg`ı sovxozları sho`lkemlestirile basladı. Ayırım rayonlarda go`sh bag`darındag`ı mallardı qolda bag`ıw, o`siriw ha`m jayıp bag`ıw boyınsha kolxozlar aralıq qa`nigelestirilgen xojalıqlar du`zildi.

Mal sharwashılıg`ın qa`nigelestiriw joqarı na`tiyje berdi ha`m onın` o`niminin` ko`beyiwine alıp keldi. Eger 1960-jılı xojalıqlardın` barlıq tarawında 227,2 mın` bas iri qara mallar bolg`an bolsa, al 1970-jılı ol 263,8 mın` basqa jetti. Solardan sıyırları usı esap penen 94,7 mın` nan 104,8 mın` bas boldı[1]. Usı jıllardın` ishinde shoshqalardın` ha`m qarako`l qoylarının` bas sanı ko`beydi. Sonın` menen birge basqa porodadag`ı qoylardın`, eshkilerdin`, jılqılardın`, tu`yelerdin` bas sanının` kem-kemnen azayıwshılıg`ı bayqaldı.

Ma`mleket avtonomiyalı respublikanın` kolxoz ha`m sovxozların texnika menen mudamı tamiyinlep turdı. Eger Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ı o`ndirisi 1970-jılı 8,9 mın` traktorg`a iye bolg`an bolsa, al 1980-jılı 15,1 ha`m 3269 paxta teriw mashinaları a`kelindi.

70-jılları irrigatsiya texnikanın` roli birden o`sti, suw jetkeriw usılının` salıstırmalı mag`lıwmatları bunı da`liylleydi. 1980-jılı respublikanın` 288,0 mın` ga jeri mashinalardın` ja`rdemi menen ha`m barlıg`ı bolıp 36,1 mın` ga jer ag`ın suw menen suwg`arıldı. Sonlıqtan awıl xojalıg`ın, atap aytqanda irrigatsiyanı

[1] Қарақалпақстан жаңа тарийхы, 291-бет.

rawajlandırıw ma`mlekettin` u`lken qarjı jumsawın talap etti. Tog`ızınshı ha`m onınshı bes jıllıqlar da`wirinde bul maqsetler ushın 1,760 mln manat, yag`nıy avtonomiyanı respublikanın` xalıq xojalıg`ına jumsalatug`ın barlıq iri qarjının` yarımınan ko`bi jumsaldı.

Awıl xojalıg`ı o`ndirisin mexanizatsiyalastırıwdın` o`siwine baylanıslı 70-jıllardın` aqırında mexanizator kadrlardın` sanı a`dewir o`sti ha`m kolxoz, sovxozlardı 20175 jumıs issledi[1]. 1981-jılı sovxozlarda, kolxozlarda ha`m xojalıq aralıq awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında 20175 mexanizator isleri. Awıl xojalıg`ında islewshi joqarı ha`m orta arnawlı bilimi bar qa`nigelerdin` sanı da a`dewir o`sti. Sovxoz direktorlarının` ha`m kolxoz predsedatel`lerinin`, bas qa`nigelerdin` barlıg`ı derlik, agronomlar, zootexnikler, veterinar vrachlar, fel`dsherler ha`m texniklerdin` ko`pshiligi joqarg`ı ha`m orta arnawlı bilimge iye boldı.

70-jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda belgili tabıslarg`a erisildi, bul xalıq xojalıq planların ha`m sotsialistlik minnetlemelerdi orınlaw boyınsha respublika miynetkeshlerinin` pida`kerlik miynetinin` na`tiyjesi edi.

Oraydın` talabına muwapıq Orta Aziyada, sonın` ishinde O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstanda paxta, salı ha`m basqa da awıl xojalıq o`nimlerin ko`beytiw boyınsha jobalar ha`m ilajlar islendi[2].

Solay etip, Qaraqalpaqstanda 1963-jılı baslang`an Taqıyatas GRES i qurılısı, dawam etti. 1970-jılı Tu`yemoyın gidrouzeli qurılısı baslandı. Qattıag`ar ha`m Begjap nasos stantsiyaları ja`ne de da`r`yada qalqıp ju`retug`ın ha`m turaqlı nasos stantsiyaları qurıldı. Irrigatsiyalıq tarawlar injenerlik tiykarında qayta qurıla basladı. Qızketken ha`m Lenin kanallarına qosımsha kanallar qurıldı. Paxtaarna suwg`arıw tarmag`ında jan`adan Tu`yemoyın – Paxtaarna kanalı qurılısı iske astı. Awıl xojalıg`ı joqarı mag`lıwmatlı agronom ha`m irrigatsiya qa`nigeleri menen ta`miynlene basladı. Awıl xojalıg`ına xızmet etiwshi iri trestler, basqarmalar ha`m basqa da mekemeler du`zildi. 1966-jılı sho`lkemlestirilgen salıgershilik sovxozlar

---

[1] 60 жыл ишинде Қарақалпақстан халық хожалығы. Нөкис, 1984. 32-бет.
[2] Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1986, 158-бет.

qurılısının` basqarması jan`a jerler ashıw ha`m salıgershilik sovxozların du`ziw jumısları menen shug`ıllandı.

Na`tiyjede 1970-jılı salıgershilik jer maydanı 60 mın` gektarg`a jetti, al barlıq suwg`arılıp diyxanshılıq egiletug`ın jerler 203 mın` gektardı quradı[1].

Paxtashılıqtı ha`m awıl xojalıq o`ndirisinin` basqa tarawların bunnan bılay da rawajlandırıwg`a irrigatsiya ha`m melioratsiya jumıslarının` ken` ko`lemde en jaydırılıwı mu`mkinshilik tuwdırıp otır. 1959-1965-jıllarda suw xojalıg`ı qurılısı 30,2 mln. manat, sonın` ishinde qurılıs-montaj jumıslarına 24,5 mln. manat jumsalg`an bolsa, 1970-jılı 41,7 mln. manat, 1977-jılı 70 mlg. manat, al tek g`ana A`miwda`r`ya del`talıq basqarması (ADUOS) boyınsha onınshı bes jıllıqtın` ha`r jılı jumsalıp turg`an ulıwma qarjı 247,6 mln. manattı quradı, al Qaraqalpaqstannın` barlıq kanalları ha`r jılı A`miwda`r`yadan 9,6 mlrd. kub metr suw alıp turdı. Tiykarg`ı ha`m o`ndirislik fondlar 2 eseden aslam ko`beydi. Jeti jıllıqtın` keyingi u`sh jıl ishinde G`UzvodstroyG` ha`m G`QungratvodstroyG` trestleri 18 mln. manatlıq jer qazıw texnikaların aldı. Jeti jıllıqtın` aqırındı olar basqa sho`lkemler menen birlikte 317 skreper, 293 bul`dozer, 305 ekskavator, 43 traktor, 79 qılqıwshı zemlesos ha`m basqa texnikalarg`a iye edi. Sonın` menen birge tog`ızınshı bes jıllıqtın` da`slepki eki jılı ishinde salıgershilik sovxozları ushın 104 bul`dozer, 47 ekskavator, 126 skreper, 310 su`rim traktorı, 100 kombayn, 110 avtomobil` ha`m basqa da ko`plegen texnikalar berildi.

Irrigatsiya jumısları tiykarınan magistral`: Lenin atındag`ı, Kegeyli, Paxta arna ha`m Qızketken kanallarında ju`rgizildi. Quwanısh jarmada gidrotexnikalıq qurılıs, Kegeyli kanalınan Quwanısh jarma – Kegeyli suw ayırg`ıshı, Paxta arna kanalının` sag`asına retlestiriwshi qurılıs salındı.

Respublikamız usı da`wirdin` ishinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıw ha`m bekkemlewde aytarlıqtay tabıslarg`a eristi. Iri qarjı bo`lip shıg`arıwdın` artıwı, planlastırıwdag`ı o`zgerisler menen kolxozlar menen sovxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazalarının` bekkemleniwi, massalıq kadr tayarlaw,

[1] Сол мийнетте, 159-бет.

basqarıwdın` jaqsılanıwı ha`m kolxozlar menen sovxozlarg`a u`lken xojalıq erkinliginin` beriliwi avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` ekonomikasının` bunnan bılay da ko`teriliwin ta`miyin etti.

## 1.2. 1950-70-jıllarda Oraydın` talabına muwapıq respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda paxtashılıqka bolg`an talaptın` ku`sheyiwi ha`m onın` monokul`turag`a aynalıwı

1950-jıllarda kolxozlardın` paxtashılıqtan alınatug`ın o`nimi ju`da` az bolıwı sebebinen ko`p xojalıqlardın` ekonomikası ju`da` to`men da`rejede boldı. Ko`p kolxozlar paxta jobasın 60-70 protsentten artıq orınlay almadı. Paxta jobası orınlanbag`annan son` kolxozlardın` basshıları tez-tezden o`zgertilip turıldı, bul bir jag`ınan ekonomikanın`, ekinshiden, adamlardın` morallıq psixologiyalıq awhalının` to`menlewine sebepshi boldı.

Sol waqıttag`ı uzaqtı ko`re bolmaytug`ın respublika basshıları paxtashılıqtın` to`men rawajlanıwının` bas sebeplerine teren` analiz bermesten, bizin` eldin` diyqanlarına, jergilikli kadrlarg`a jumıs islemeydi, jalqawlıg`ı basım, sonlıqtan paxtashılıq rawajlana almay kiyatır degen nasaq so`zler tag`ıp, ha`mme kadrlardı almastırıw kerek degen pikirde bolg`anın aytıp o`tiwimiz kerek.

O`zKP Oraylıq komitetinin` birinshi sekretarı bolıp islegen A.I.Niyazov Qaraqalpaqstannın` du`n`yadag`ı paxtashılıq zonasında en` arqada jaylasıwın, onın` ta`biyg`ıy awhalların esapqa almay, materiallıq texnikalıq baza du`ziw jo`nindegi o`tinishlerge kewil bo`lmey «Sizler jumıs isley almaysız, jalqawsızlar» degen pikirde bolıp, Qaraqalpaqstang`a basshılıq etiw ushın O`zbekistannın` basqa oblast`larınan ju`zlep kadrlar jiberdi.

Biraq onın` bunday kadr siyasatı jaqsı na`tiyje bermedi. Sırttan kelgen basshılar ekonomikag`a unamlı o`zgeris kirgize almay-aq, ellerine qaytıp ketti. A`lbette xalıqtın` u`rp-a`detin, da`stu`rin bilmeytug`ın, jer-suw sharayatları menen biytanıs basshısımaqlar jarıtıp jumıs isley almadı.

Qaraqalpaqstan oblast`lıq partiya komitetinin` birinshi sekretarı bolıp saylang`an Nasır Maxmudov a`welgi waqıtları bir qatar o`zgerisler isley basladı. Ol Arzı Maxmudovtın` o`zi menen birge ertip kelgen rayonlıq partiya komitetlerinin` birinshi sekretarların, rayatkom baslıqların o`z ellerine qaytardı. Olardın` birazının` ornına o`zimizdin` qubla rayonlardın` kadrların arqa rayonlarg`a basshı jumısqa jiberdi. Biraq 1958-60-jıllarda Nasır Maxmudov ta`repinen paxta jerlerin teren` su`rmesten, tırma menen paxta egiw ta`rtibi engizildi.

Bul awhalda jerler paxsa bolıp qatıp qaldı, otaq g`awlap ketti. Paxtanı tırma menen ekpegen To`rtku`ldegi «Sovet O`zbekistanı» kolxozının` baslıg`ı, Sotsialistlik miynettin` qaharmanı Matnazar ag`a Masharipov Obkomnın` byurosında qattı partiyalıq jaza aldı. Matnazar ag`a diyxan adam edi, ol tırma menen egiwge qarsı shıqtı. Bizin` arqa rayonlar tırma menen egiwge qarsı bolmadı, biraq jaqsı na`l alıng`an menen g`awashalar paxsa bolıp qalg`an jerge teren`ge tamır ura almay, boyı bir qarıstan aspay, atızlardı otaq basıp ketti. Miyneti ko`p, o`nimi az paxta boldı. Xalıq miynet haqısına aqshalay yamasa da`nley hesh na`rse ala almadı. Usı da`wirde Nasır Maxmudov O`zKP Oraylıq komiteti ha`m O`zbekistan hu`kimetinin` kelisimi menen arqa rayonlardın` kolxozların sovxozlarg`a aylandırdı. 1957-jılı respublikadag`ı 475 kolxozdan 38 i qaldırılıp, qalg`an 437 kolxoz tiykarında jigirmalag`an irilendirilgen sovxozlar du`zildi[1]. Menshiktin` kollektiv tu`rinen ma`mleketlik menshik tu`rine o`tken xojalıqlardın` basshıları, qalay etip jumıs isleytug`ının bilmey, alıs-beris aktlerin du`zemen degenshe ko`p waqıtlardı o`tkerip aldı, burıng`ı kolxozdag`ı mallardın`, qurılıslardın`, buyımlardın` esapsız zaya bolıwına jol qoyıldı. Sovxozlar ju`da` iri bolıp, basqarıw uqıbın jog`alttı.

Kolxozlardı sovxozlarg`a aynaldırıw, menshik formasın o`zgertiw o`zinin` jaman ta`sirin tiygizdi. 1957-58-jıllarda Qaraqalpaqstanda paxta jobası orınlanbay qaldı. A`sirese 1958-jılı bizde du`zilgen sovxozlar ma`mleketke 108-million manat

[1] Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис, Қарақалпақстан, 1995, 64-бет.

zıyan keltirdi. Bizin` ko`plegen basshılarımız O`zbekistan respublikası aldında u`lken ayıplı adamday ju`zleri to`men ju`rdi.

1959-jıl awıl xojalıq eginleri ushın qolaylı jıl boldı. Paxta erte ba`ha`rde egilip, kerekli jıllılıqtı tezirek alıwı na`tiyjesinde respublika 200 mın` tonna a`tirapında paxta jetistirip, jobanı artıg`ı menen orınladı.

Usı jılları N.Maxmudov rayonlardı qosıp, irilendiriw, sovxozlardın` bo`limlerin qısqartıp, tikkeley sovxoz direktsiyasına qaraytug`ın 250-500 gektarlıq brigadalar du`ziw, kolxozlardı irilendiriw, basqa da kadrlardı o`zgertiw jumısların ju`rgiziw menen shug`ıllandı.

Bo`limlerdi qısqartıw menen ko`p jıllıq ta`jriybesi bar basshılar jumısların taslap, kimisi dem alısqa, kimisi qalalarg`a ko`ship ketti. Solay etip, awıl xalqı biraz sınalg`an basshılardan ayrıldı. Bir jag`ınan kolxozlardı, rayonlardı irilendiriw, bo`limlerdi qısqartıw, ekinshi jag`ınan, belgili bir turaqlı administrativlik aymaqtın` bolmawı awıl xojalıg`ının` rawajlanıwına o`zinin` jaman ta`sirin tiygizgeni, a`lbette ha`mmege ma`lim.

1950-jıldın` aqırında 1960-jıllardın` basında xalqımızdın` ma`deniy-turmıs da`rejesi awıllarda da, qalalıq jerlerde de du`zilmedi, awır miyneti jen`illespedi.

1960-jıllardan baslap Aral ten`izinin` suwı to`menley basladı. A`lbette, bul jag`daydı jo`nlew haqqında ilimiy-a`meliy usınıslar boldı, biraq olardı sol da`wirdegi totalitarlıq du`zim esapqa almadı ha`m qalay da bolmasın suwg`arıw ushın, a`sirese paxtashılıq ushın jan`a jerlerdi ha`r ta`repleme o`zlestiriwdi dawam etti. So`ytip, paxtashılıq birotala monokul`turag`a aylandı. Qaraqalpaqstanda basqa eginler esabınan oray ushın paxta egiw ha`m tapsırıw jıldan-jılg`a artıp bardı. Paxtanın` bes jıllıq jobaları orınlanbasa da oray 1958-jılı 193 mın` tonna, al 1965-jılı 260 mın` tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı. Qaraqalpaqstan ma`mleketke tek 1959-1965-jıllardın` o`zinde 1558 mın` tonna paxta tapsırdı. Biraq, bul jılları paxtashılıq tarawı bir ta`repleme rawajlandı. Jer maydanları ha`m ulıwma o`nimi ko`beygen menen onın` zu`ra`a`tlgi to`men edi. Na`tiyjede Qaraqalpaqstanda paxtashılıq maydanı 1963-jılı 135,4 gektarg`a jetkerilip, 1953-jılg`a qarag`anda

42,5 mın` gektarg`a ko`beygen edi. Al ha`r gektardan alıng`an o`nim 15,8 tsentnerden aspadı[1].

Bul ba`rinen de burın texnika ha`m jumısshı ku`shlerdi paydalanıwg`a ken`es basshılıg`ının` uqıpsızlıg`ına baylanıslı bolıwı menen qatar, kolxozshı-diyxanlardın` materiallıq qızıg`ıwshılıg`ının` jetispewshiligi sebebinen bolg`an edi.

Awıl-xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıwdın` o`siwi paxtashılıqtag`ı tabıslardın` a`hmiyetli deregi boldı. Eger 1958-jılı avtonomiyalı respublikada 5435 traktor (15 at ku`shine esaplag`anda) bolg`an bolsa, al 1970-jılı 8,9 mın` traktor, usı esapta 965 ha`m 2290 paxta teriw mashinaları 15 ha`m 583 g`a`lle jıynaw kombaynları (fizikalıq birlikte) boldı. 1970-jılı Qaraqalpaqstannın` awıl-xojalıg`ında 1965-jılg`ı 1,9 mın` ornına 2,6 mın` ju`k avtomobil`leri (avtotsisternalardı qosa) jumıs isledi.

Awıl miynetkeshlerin ma`mleket ta`miynlegen quwatlı texnika tiykarınan g`awashanı ta`rbiyalap o`siriwde awır qol miynetin mexanizatsiyalastırıwg`a mu`mkinshilik berdi. 60-jılları kompleksli mexanizatsiyalastırıwdın` bas buwınında paxtanı mashina menen teriwde a`dewir alg`a ilgerilewshilik sezildi.

Biraq usıg`an qaramastan oray jer o`zlestiriw ha`m suwg`arıw juumısların dawam etti. 1960-jılları Aral ten`izi suwının` pa`seywine itibar bermey, oray A`miwda`r`yanın` to`mengi ag`ısındag`ı jerlerdi u`lken salıgershilik aymag`ına aylandırıw haqqında qararg`a keldi. Solay etip, Qaraqalpaqstan 1962-1965-jılları tek salıgershilik ushın 7,5 mın` gektar jan`a jerler ashıldı, segiz arnawlı sovxoz ha`m bir kolxoz sho`lkemlestirildi. Bul xojalıqlarda 2,5 mın`nan aslam mexanizator ha`m basqa da qa`nigeliktegi salıkeshler jumıs isledi. Olardın` pida`kerlik miyneti na`tiyjesinde salı tapsırıw ko`lemi 1961-jılg`ı 3,5 mın` tonnadan 1965-jılı 27,9 mın` tonnag`a arttı.

Usı jılları Qaraqalpaqstanda paxtashılıq ha`m salıgershilik ushın ju`da` u`lken irrigatsiyalıq jumıslar iske asırıldı. Qattıag`ar ha`m Begjan nasos stantsiyaları qurıldı[1].

---

[1] Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы. Нөкис, 1995. 112-бет.

Bul jılları totalitar du`zimi a`dewir keskinlesti. Oraydın` paxtashılıq ha`m salıgershilikti rawajlandırıw talabı barg`an sayın ku`sheydi. 1966-jılı oray 10 jılg`a arnalg`an qarar qabıl etti, onda awıl xojalıg`ı ushın melioratsiya ha`m jan`a jerler o`zlestiriw jumısların jedel pa`t penen ju`rgiziw wazıypası qoyıldı[2].

Oraydın` talabına muwapıq Orta Aziyada, sonın` ishinde O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstanda paxta, salı ha`m basqa da awıl xojalıq o`nimlerin ko`beytiw boyınsha jobalar ha`m ilajlar islendi[3].

Solay etip, Qaraqalpaqstanda 1963-jılı baslang`an Taqıyatas GRES i qurılısı, dawam etti. 1970-jılı Tu`yemoyın gidrouzeli qurılısı baslandı. Qattıag`ar ha`m Begjap nasos stantsiyaları ja`ne de da`r`yada qalqıp ju`retug`ın ha`m turaqlı nasos stantsiyaları qurıldı. Irrigatsiyalıq tarawlar injenerlik tiykarında qayta qurıla basladı. Qızketken ha`m Lenin kanallarına qosımsha kanallar qurıldı. Paxtaarna suwg`arıw tarmag`ında jan`adan Tu`yemoyın – Paxtaarna kanalı qurılısı iske astı. Awıl xojalıg`ı joqarı mag`lıwmatlı agronom ha`m irrigatsiya qa`nigeleri menen ta`miynlene basladı. Awıl xojalıg`ına xızmet etiwshi iri trestler, basqarmalar ha`m basqa da mekemeler du`zildi. 1966-jılı sho`lkemlestirilgen salıgershilik sovxozlar qurılısının` basqarması jan`a jerler ashıw ha`m salıgershilik sovxozların du`ziw jumısları menen shug`ıllandı.

Na`tiyjede 1970-jılı salıgershilik jer maydanı 60 mın` gektarg`a jetti, al barlıq suwg`arılıp diyxanshılıq egiletug`ın jerler 203 mın` gektardı quradı.

Respublika kolxozlarına ma`mleket ta`repinen berilgen u`lken ja`rdem 1954 ha`m 1955-jılları g`awashanın` egislik maydanın 114,4 mın` ga g`a shekem jetkeriwge mu`mkinshilik berdi. 1954-jılı ha`r ga dan 17,4 ts. den paxta zu`ra`a`ti alınıp, ma`mleketke 199 mın` tonna paxta tapsırıldı[4]. 1954-jılg`ı paxtashılıqtı rawajlandırıwdag`ı tabıslarg`a aldın`g`ı xojalıqlardın` miynetkeshlerinin` pida`kerlik miynetinin` na`tiyjesinde erisildi. Ma`selen, respublikanın` 193

[1] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1995, 254-267-бетлер.
[2] Советская Каракалпакия, 6 июль, 1964.
[3] Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус: Каракалпакстан, 1986, 158-бет.
[4] Сол китапта, 288 б.

kolxozınan 100i paxta tapsırıw planın arttırıp orınladı. 1954-1955-jılları mashina menen paxta teriwdin` u`lesi o`sti.

Kolxozlar menen sovxozlardı sho`lkemlestiriw xojalıq jag`ınan irilendiriw na`tiyjesinde awıl xojalıq o`ndirisin intensivlestiriwdin` ornına basqarıwdın` qıyınlasıwına baylanıslı jag`daylar du`zildi. Ko`pshilik xojalıqlar ja`mlesiw ha`m qa`nigelesiw ushın ele pisip jetilispegen edi. Payda bolg`an agrosanaat birlespeleri ju`da` u`lken ha`m basqarıp bolmaytug`ın da`rejede edi. Na`tiyjede bir orında turıp qalıw payda boldı. Moldaviyadag`ı kolxozlar menen xojalıq aralıq birlespelerdin` xojalıq-ekonomikalıq ha`m sotsiallıq xızmetin basqarıw ta`jiriybesi ja`ne bul ta`jiriybenin` sovxoz, sonın` ishinde Qaraqalpaqstan sovxozlarında taratılıwı awıl xojalıg`ın basqarıwdın` komandalıq administrativlik sisteması waqtında tuwılg`an o`li bala bolıp shıqtı. Sonlıqtan bul ta`jiriybe ku`tilgen na`tiyjeni bermeni.

Paxta respublikamızdın` suwg`arılıp egiletug`ın jerlerinde jaylasqan barlıq kolxozlar menen sovxozlardın` tiykarg`ı egini boldı. 1940-jılı orta esap penen ha`r bir kolxozg`a 267 gektar ja`miyetlik egis, sonın` ishinde 121 gektardan g`awasha egisligi tuwra keletug`ın edi. Paxta o`ndiriwdi oraylastırıw, kolxozlardı texnika menen ta`miyinlew, mineral to`ginler jetkerip beriwdi ko`beytiw, irrigatsiyalıq-meliorativlik jumıslardı jaqsılaw ulıwma o`nim jıynap alıwdın` keskin ko`beyiwine ha`m zu`ra`a`tliliktin` artıwına mu`mkinshilik tuwdırdı. On jıl ishinde, yag`nıy 1950-jılg`a kelip ha`r bir kolxozdın` ulıwma egislik maydanı 678 gektarg`a, al g`awasha egisligi 364 gektarg`a jetti. Iri kolxoz o`ndirisinin` ko`p sanlı sho`lkemlestiriwshi ha`m basshı kadrları o`sip jetisti[1]. Paxtashılıq xojalıqlarının` tabısları respublikamızdın` aldına paxtashılıqtı bunnan bılay da ko`teriwdin` jan`a wazıypaların qoydı.

1950-jıllarda kolxozlardın` paxtashılıqtan alınatug`ın o`nimi ju`da` az bolıwı sebebinen ko`p xojalıqlardın` ekonomikası ju`da` to`men da`rejede boldı. Ko`p kolxozlar paxta jobasın 60-70 protsentten artıq orınlay almadı. Paxta jobası orınlanbag`annan son` kolxozlardın` basshıları tez-tezden o`zgertilip turıldı, bul bir

---

[1] Совет власты жылларында Қарақалпақстанның экономикалық қайта қурылыўы. Нөкис, 1969. –82 б.

jag`ınan ekonomikanın`, ekinshiden, adamlardın` morallıq psixologiyalıq awhalının` to`menlewine sebepshi boldı.

Sol waqıttag`ı uzaqtı ko`re bilmeytug`ın respublika basshıları paxtashılıqtın` to`men rawajlanıwının` bas sebeplerine teren` analiz bermesten, bizin` eldin` diyxanlarına, jergilikli kadrlarg`a jumıs islemeydi, jalg`awlıg`ı basım, sonlıqtan paxtashılıq rawajlana almay kiyatır degen nasaq so`zler tag`ıp, ha`mme kadrlardı almastırıw kerek degen pikirde bolg`anın aytıp o`tiwimiz kerek.

Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komitetinin` birinshi sekretarı bolıp saylang`an Nasır Maxmudov a`welgi waqıtları bir qatar o`zgerisler isley basladı. Ol Arzı Maxmudovtın` o`zi menen birge ertip kelgen rayonlıq partiya komitetlerinin` birinshi sekretarın, rayatkom baslıqların o`z ellerine qaytardı. Olardın` birazının` ornına o`zimizdin` qubla rayonlardın` kadrların arqa rayonlarg`a basshı jumısqa jiberdi. Biraq 1958-60-jıllarda Nasır Maxmudov ta`repinen paxta jerlerin teren` su`rmesten, tırma menen paxta egiw ta`rtibi engizildi.

Bul awhalda jerler paxta bolıp qatıp qaldı, otaq g`awlap ketti. paxtanı tırma menen ekpegen To`rtku`ldegi «Sovet O`zbekistanı» kolxozının` baslıg`ı, Sotsialistlik Miynettin` Qaharmanı Matnazar ag`a Masharipov obkomnın` byurosında qattı partiyalıq jaza aldı. Matnazar ag`a diyxan adam edi, ol tırma menen egiwge qarsı shıqtı. Bunın` arqa rayonlar tırma menen egiwge qarsı bolmadı, biraq jaqsı na`l alıng`an menen g`awashalar paxsa bolıp qalg`an jerge teren`ge tamır ura almay, boyı bir qarastan aspay, atızlarg`a otaq basıp ketti. Miyneti ko`p, o`nimi o`z paxta boldı. Xalıq miynet haqısına aqshalay yamasa da`nley hesh na`rse ala almadı. Usı da`wirde Nasır Maxmudov O`zKP Oraylıq Komiteti ha`m O`zbekistan hu`kimetinin` kelisimi menen arqa rayonlardın` kolxozların sovxozlarg`a aylandırdı. 1957-jılı respublikadag`ı 475 kolxozdan 38 i qaldırılıp, qalg`an 437 kolxoz tiykarında jigirmalag`an irilendirilgen sovxozlar

du`zildi.[1] Menshiktin` tu`rine o`tken xojalıqlardın` basshıları, qalay etip jumıs isleytug`ının bilmey, alıs-beris aktlerin du`zemen degenshe ko`p waqıtlardı o`tkerip aldı, burıng`ı kolxozdag`ı mallardın`, qurılıslardın`, buyımlardın` esapsız zaya bolıwına jol qoyıldı. Sovxozlar ju`da` iri bolıp, basqarıw uqıbın jog`alttı.

Kolxozlardı sovxozlarg`a aynaldırıw, menshik formasın o`zgertiw o`zinin` jaman ta`sirin tiygizdi. 1957-58-jıllarda Qaraqalpaqstanda paxta jobası orınlanbay qaldı. A`sirese 1958-jılı bizde du`zilgen sovxozlar ma`mleketke 108 million manat ziyan keltirdi. Bizin` ko`plegen basshılarımız O`zbekistan respublikası aldında u`lken ayıplı adamday ju`zleri to`men bolıp ju`rdi.

1959-jıl awıl xojalıq eginleri ushın qolaylı jıl boldı. Paxta erte ba`ha`rde egilip, kerekli jıllılıqtı tezirek alıwı na`tiyjesinde respublika 200 mın` tonna a`tirapında paxta jetistirip, jobanı artıg`ı menen orınladı.

Usı jılları N.Maxmudov rayonlardı qosıp, irilendiriw, sovxozlardın` bo`limlerin qısqartıp, tikkeley sovxoz direktsiyasına qaraytug`ın 250-500 gektarlıq brigadalar du`ziw, kolxozlardı irilendiriw, basqa da kadrlardı o`zgertiw jumısların ju`rgiziw menen shug`ıllandı.

Bo`limlerdi qısqartıw menen ko`p jıllıq ta`jriybesi bar basshılar jumısların taslap, kisimi dem alısqa, kimisi qalalarg`a ko`ship ketti. Solay etip, awıl xalqı biraz sınalg`an basshılardan ayrıldı. Bir jag`ınan kolxozlardı, rayonlardı irilendiriw, bo`limlerdi qısqartıw, ekinshi jag`ınan, belgili bir turaqlı administrativlik aymaqtın` bolmawı awıl xojalıg`ının` rawajlanıwına o`zinin` jaman ta`sirin tiygizgeni, a`lbette ha`mmege ma`lim.

1950-jıldın` aqırında 1960-jıllardın` basında xalqımızdın` ma`deniy-turmıs da`rejesi awıllarda da, qalalıq jerlerde dedu`zilmedi, awır miyneti jen`illespedi.

Diyxanshılıqtın` ma`deniyatı to`men boldı, otız sotıx a`tirapındag`ı mayda qıytan` atızlarg`a egin egildi. Bunday atızlarda traktorlar emin-erkin jumıs isley almaytug`ın, iri kanallardın` egislik jerlerge suw beriw quwatı jetispeytug`ın edi.

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 64-бет.

Magistral` kollektorlar menen xojalıq ishindegi izey suwdı shıg`aratug`ın drenajlar joq edi.

Jer su`riw traktorlarının` jetispewinen paxta egisi iyun` ayının` ortasına shekem sozılatug`ın edi. Ha`r jılı Qaraqalpaqstang`a ko`mekke dep Ferg`ana, Surxanda`r`ya ha`m basqa da oblastlardan 300-400 traktor keletug`ın edi.[1] Ko`mekke qaysı xojalıq jaqsı traktorın jiberedi. Bizge poezd benen jetip kelip, ya atızda yamasa xojalıq ustaxanasında remontqa tu`setug`ın edi. Sol 1960-64-jıllarda ko`plegen dizel` traktorı bolıwına qaramastan, bizlerge eliwinshi jıllardın` NAGi traktorın ko`mekke jiberip turdı. «Atı darday, isi qılday» degendey, bunday ko`mek o`zinin` jaqsı na`tiyjesin bere almadı. Basqa oblastlardan kelgen go`ne buzıq traktorlar bizin` kolxoz, sovxozlarda qaldırılıp, balansqa alınıp, sanı bar, sapası joq, qozg`alıwg`a halı joq texnika 60-jıllardın` basında bizde ko`p edi. Balansqa ha`r jılı 300-400 NAGI go`ne traktorlar qosıla bergen son` taza traktor bermeytug`ın boldı.

Qazıw texnikalarının` bolmawınan bizin` xalqımız ha`r jılı qısı menen jer to`lede jatıp, u`yinen alıs jerlerde qazıw qazıp, avtonomiyalı respublika boyınsha 20-25 mln $m^3$ topıraqtı qol menen ultannan sırtqa shıg`aratug`ın edi. Sonsha miynet etken menen jıl aqırında miynet haqısına da`ramat bo`liwde hesh na`rse tiyispey qalatug`ın edi.

Awıllardı elektrlestiriw bolmadı, kolxozlardın`, sovxozlardın` oraylıq ustaxanaları stanoklar menen ta`miyinlenbegen edi, burınnan kiyatırg`an temirshilerdin` ko`rigi ha`m sho`kkishinen basqa hesh na`rse bolmadı.

Usı 1961-63-jılları bizin` respublikamızda jılına 215 mın` tonna paxta jetistirilip, salıgershilik tarawında birinshi sovxozlar qurıla baslag`an edi. Kolxozshılardın` ortasha bir aylıq miynet haqısı (sol waqıttag`ı baha menen) 40 manatqa jetpey tug`ın edi.

Juwmaqlastırıp aytqanda, 1950-jıllarda ha`m 60-jıllardın` basında awıl ekonomikası to`men jag`dayda boldı. Paxtashılıq ele parwana rawajlanıw jolına

[1] Камалов К. Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 68-бет.

tu`spegen edi. 1950-1963-jıllarda (14 jıl ishinde) Qaraqalpaqstan respublikasında paxta jobası tek eki ma`rtebe g`ana 1954- ha`m 1959-jılları orınlandı. Paxta joba orınlang`an menen de zu`ra`a`t qubla rayonlarda 15-18 tsentner, al arqa rayonlarda 8-12 tsentnerden aspag`an edi.[1]

1964-jılı O`zKP Oraylıq Komiteti menen Ministrler Sovetinin` birliktegi «Qaraqalpaqstan respublikasının` o`ndiriwshi ku`shlerin rawajlandırıw haqqında» qararı shıqtı. Onda negizinen respublikanı rawajlandırıw ushın jılma-jıl iri qarjı, avtomashina, jer su`retug`ın, paxtanın` qatar arasın isleytug`ın ha`m ju`k tasıytug`ın traktorlar, kanal, japlar qazıw ushın ekskovatorlar, bul`dozer, skreper, greyder, mineral to`gin, ha`r qıylı stanoklar, u`skeneler bo`lip shıg`arıw anıq ko`rsetilgen edi.

Bul qarar xalqımızdın` baxtına qıdır darag`anday qolımız uzayıp qaldı. Avtomashinalar, traktorlar, ekskovatorlar, bul`dozerlar, skreperler jılma-jıl qararda ko`rsetilgen mug`darda alınıp turıldı. Kolxozlar menen sovxozlardag`ı qıytaq-qıytaq atızlar tegislenip, ishinde traktorlar erkin isley alatug`ın 5-8 gektarlıq ko`lemler payda boldı. Usıg`an ılayıqlı olardın` suw jolları ken`eytildi, tazartıldı, drenajları alındı. Paxtashılıqtag`ı burıng`ı bizge jat agrotexnikanı o`zgertip, diyxanlarg`a erkinlik berildi.

1964-jılı hesh ko`rilmegen awır karadring jılı boldı. Jazı menen barlıq ku`sh karadrinag`a qarsı gu`reske jumsaldı. Og`ada ko`p mug`darda za`ha`rli ximikat sebildi. Zu`ra`a`tti aman saqlanıp qaldı. Ko`p jıllar orınlanbag`an paxta jobası sol jılı birinshi ma`rtebe orınlandı. Bul respublikamızdın` 40 jıllıq yubileyine tayarlag`an sawg`amız boldı. Sol jılı Sharaf Rashidovqa bizin` respublikada rayonlardı bo`lip, ıqshamlap burıng`ı qa`lpine keltiriwge kelisim alındı.

Usının` arqasında raykom menen rayatkomnın` diyxanshılıqqa ha`m mal sharwashılıg`ına basshılıg`ı burıng`ıdan go`re a`dewir on`aylastı. Sonday-aq, respublikamızda burıng`ı ha`dden tıs u`lken kolxoz sovxozlar jer-suw ha`m ornalasıw awhallarına qaray basqarıwg`a qolaylı etip qayta qurıldı. Sovxozlardag`ı

---

[1] Камалов К. Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 69-бет.

bo`limler qayta tiklendi, brigadalar 100-125 gektar paxta jer ko`leminde du`zildi, brigadalarg`a tabel`shikler qaytadan berildi. Eldi basqarıw boyınsha o`tkerilgen o`zgerisler tezden o`zinin` jaqsı na`tiyjesin berdi. 1963-jılg`a qarag`anda 1964-jılı 13 mın` tonna, 1965-jılı 47 mın` tonna, al 1966-jılı 76 mın` tonna paxta ko`p alındı.

1965-66-jılları bizin` respublikamız O`zbekistanda birinshiler qatarında paxta tapsırıw jobasın orınlag`andag`ı xalqımızdın` quwanıshı ayrıqsha edi. Adamlardın` islese tabıs bolatug`ınlıg`ına isenimi ku`nnen-ku`nge arttı.

A`lbette, awıl xojalıg`ının` rawajlanıwında texnika menen mineral to`ginlerdin` tutqan ornı o`z aldına. Al biz texnikadanda, mineral to`ginlerden de tarıqpadıq. Bizin` o`tinishimiz boyınsha O`zKP Oraylıq Komiteti, O`zbekistan respublikasının` Ministler Soveti 1972-jılı ekinshi ma`rtebe «Qaraqalpaqstanda o`ndiriwshi ku`shlerdi rawajlandırıw» haqqında qarar qabıl etti. Bul bizin` xalqımızg`a O`zbekistan bsshılarının`, ayrıqsha Sharaf Rashidovtın` ko`rsetken u`lken atalıq g`amxorlıg`ı edi. Na`tiyjede biz materiallıq-texnikalıq resurslardı keregimizshe alatug`ın boldıq.

1960-jıllardın` aqırı, 1970-jıllardın` basında jılına 700 ge jaqın su`rim traktorı, ko`p sanda bul`dozer, jer jumsartatug`ın 1500 traktor, skreper, avtomobil` ha`m t.b. texnika alınıp turıldı. 1969-jılı SSSR suw xojalıg`ı ministri E.E.Alekseevskiy awqamlıq qor esabınan bir ju`z eliw T-100 bul`dozer ha`m skreperdi Qaraqalpaqstan ushın o`z aldına bo`lip berdi.

70-jıllardın` aqırlarında bizin` respublikamızda tek kolxozlar menen sovxozlarda 5231 jer su`riw, 8104 daqıldın` qatar arasın isleytug`ın, 2560 juk tasıw traktorı ha`m ko`plegen avtomashina boldı.

Texnikanın` ko`pliginen bir traktorshının` u`yinde u`sh traktor (su`rim, qatar arasın iyeleytug`ın, juk tasıytug`ın) bolatug`ın edi. Texnikanın` sanı 1960-jıl menen salıstırg`anda on esege ko`beydi.

Aldın`g`ı jılları SSSRdın` paxtadan g`a`rezsizligin ta`miyinlew wazıypa etip qoyılg`an bolsa, keyin ala paxta SSSR dın` sırtqa shıg`aratug`ın tiykarg`ı ha`m

SSSRdın` iri qalalarındag`ı xalıqlardı jumıs penen ta`miyinlewshi, a`skeriy islerge kerekli, xalıqtın` tutınıw ushın ko`p tu`rli zatlar islep shıg`aratug`ın eginge aynaldı. Paxtashılıqtag`ı artta qalıwshılıq siyasiy terminler menen qaralandı.

Jigirma bir jılda Qaraqalpaqstanda 7 mln 144 mın` tonna yamasa ortasha ha`r jılı 340 mın` tonnadan paxta jetistirildi. Usı salıstırılg`an jigirma bir jılda respublikada shigitinen tazalang`an 2 mln 219 mın` tonna paxta talshıg`ı alınıp, burıng`ı SSSRdag`ı toqımashılıq fabrikalarına tapsırıldı. Paxta talshıg`ın alıw 21 jıl ishinde ortasha 31,1 protsentti quradı.[1]

Tazadan ashılg`an jerler esabınan Ellikqala rayonı du`zildi. Paxtashılıq penen qubla rayonlar, salıgershilik penen arqa rayonlar shug`ıllandı, al qara mallar ushın Bozataw, Moynaq rayonları, qarako`lshilik sovxozları ashıldı.

Ellikqala massivi – burıng`ı ata baba diyxanshılıq etken jerler. Biz usı jerlerdi o`zlestiriwdi burınnan ha`wes etip keldik.

1976-jılı Ellikqala o`z aldına rayon boldı. Alımbay Primov rayonlıq partiya komitetinin` birinshi sekretarı bolıp saylandı. Ellikqala rayon bolıp du`zilgende rayon shegarasında 37 mın` xalıq jasar edi, ha`zir 120 mın` xalıq jasaydı. Paxta jetistiriw eki ese ko`beydi. Sho`listan gu`listang`a aynaldı. Bu`gin Ellikqala en` bay, en` jas, en` talwaslı rawajlanıw keleshegi ku`shli rayon.

Suw ma`selesi tek Qaraqalpaqstanda g`ana emes, al Oraylıq Aziya ha`m suwg`arıp egin egetug`ın ha`mme regionlarda negizgi ma`selelerdin` birinen esaplanadı.

A`miwda`r`yanın` eki jag`asına jaylasqan Xorezm, Tashawız ha`m Qaraqalpaqstandı arqa ta`repinen elsiz jatqan Qızılqum dalası ha`m qubla ta`repinen Qaraqum sho`listanı qorshap alg`an. A`miwda`r`yanın` suwı bolmag`anda, bul oblastlardın` xalqının` jasap atırg`an jerleri sho`listang`a aynalg`an bolar edi.

---

[1] Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. -Нөкис: Қарақалпақстан, 2003. 301-бет.

Eliwinshi jıllardın` aqırınan baslap A`miwda`r`yanın` suwı jıldan-jılg`a, a`sirese ba`ha`r waqıtlarında kemeye berdi.

Qızketken ha`m Lenin kanallarına suw shıypay qaldı, shıqsa da ju`da` az mug`darda boldı. Bul wahal, diyxanlarımızdı qattı qıyınshılıqlarg`a alıp keldi. Eldi suw menen ta`miyinlew mashqalası respublika basshıların ko`p oylandırdı ha`m tezletilgen qosımsha sharalar ko`riwge ma`jbu`r qıldı. 1964-jılı respublikadag`ı u`lken Qızketken suwg`arıw sistemasına Qattıag`ar nasos stantsiyasın qurıw tuwralı sheshimge keldik. Solay etip, nasoslar kelip tu`skennen keyin respublikada barlıq kerekli ku`shlerdi, materiallıq resurslardı toplap, nasos stantsiyası pitkerildi.

Irrigatsiya ha`m melioratsiya boyınsha ma`mleket ilajları paxtashılıqtı suw menen ta`miyinlewdi jaqsılawg`a jag`day tuwdırdı ha`m Qaraqalpaqstannın` arqa rayonlarında salı egisligi ushın tın` jerlerdi o`zlestiriw mu`mkinshiligin berdi. 1966-1970-jılları salı o`nimi 27 mın` tonnadan 57 mın` tonnag`a ko`beydi, al paxta 25 protsentke artıp, oray 934,7 mın` tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı.

Qaraqalpaqstan usınday awır suw kaqatshılıg`ı jag`dayında paxta ha`m salı ushın jan`a jerler ashıwdı dawam etti. 70-80-jılları Ellikqala, Janbasqala, Qırqqız, ayazqala ha`m basqa da massivlerdi o`zlestiriw jumısları a`dewir tezletildi.[1] Solay etip, Qaraqalpaqstannın` qubla rayonları pu`tkilley paxashılıqqa, al arqa rayonları paxta menen birge salıgershilikke qa`nigelese basladı. Usı jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ındag`ı 140 xojalıqtan 88 paxtashılıqqa, 17 salıgershilikke, 25 sharwashılıqqa ha`m qalg`an 10 xojalıq baw-baqsha ha`m basqa da diyxanshılıqqa beyimlestirildi. Demek, Qaraqalpaqstan ekonomikasında paxta baslı orındı iyelegen edi. Ha`tteki, Oraydın` talabı boyınsha paxta o`nimin 450 mın` tonnag`a jetkeriwde jobalastırıldı. Solay etip jan`a jerler ashıw tag`ı da dawam etti.

70-jılları arqa rayonlarda da salıgershilik ha`m paxtashılıq ushın jan`a jerler ko`plep ashıldı. Qumjıqqın, Quwanıshjarma, Bozataw ha`m Shaqaman massivleri usı jılları o`zlestirilgen edi. Tek 1974-1978-jılları Qumjıqqın massivinde 7,8

---

[1] **Камалов К.** Ел хызметинде. –Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 86-бет.

mın`g`a ha`m Shaqamanda 1,75 mın` gektar jerler jan`adan ashılıp, paydalanıwg`a berildi.

Bul jerlerge ko`binese paxta egildi ha`m na`tiyjede Oray ha`r jılı orta esap penen 1964-1970-jılları 270 mın` tonna, 1971-1975-jılları 337,5 mın` tonna, 1976-1980-jılları 370 mın` tonna, 1981-1984-jılları 405,8 mın` tonna Qaraqalpaqstan paxtasın aldı.[1]

Qaraqalpaqstanda salıgershilik ushın jer ashıw tiykarınan 1962-jıldan baslanıp, 1965-jılg`a kelip 7,5 mın` gektar tın` jerge salı egildi ha`m ol ushın 444 shaqırım irrigatsiya tarawları qurılg`an edi.

Bul jılları 9 arnawlı salıgershilik xojalıqları sho`lkemlestirildi, olarda 2 mın` mexanizator ha`m 500 ha`r qıylı qa`nigeliktegi adamlar jumıs isledi. Salının` o`nimi 1961-jılg`ı 3,5 mın` tonnadan 1965-jılı 27,9 mın` tonnag`a ko`beydi[2].

Oraydıң paxtanı kөbeytiўge qaratlғan talaplarınıңң jıldan-jlғa artıp barıўı nәtiyjesinde paxtashılıқ «monokul`turaғa» aynaldı. Bul bolsa respublikanıң bir tәrepleme raўajlanıўına, yaғnıy shiyka zat orayına aynalıp қalғanlıғın kөremiz.
Ulıўma alғanda 50-70-jıllarda respublika aўıl xojalıғında aytarlıқtay өzgerisler, aўır қol miyneti jeңillespedi, aўıl kelbeti өzgerdi. Bul taraўdı tolıқ mexanizatsiyalastırıўda ҳәreket etildi.

---

[1] Калниязов У. Борьба трудящихся Каракалпакской АССР за выполнения задании семилетки (1959-1965 гг.). Автореф. дис. … канд. ист. наук. Нукус, 1979.
[2] Палванов Ж. Қарақалпақстанда салы жетистиридиң келешеги. Нөкис: Қарақалпақстан, 1976. 76-бет.

# EKINSHI BAP. RESPUBLIKANIN` AWIL XOJALIG`ININ` MATERIALLIQ-TEXNIKALIQ BAZASININ` DU`ZILIWINDE KO`RILGEN ILA`JLAR HA`M ONIN` U`SKENELENIW BAZASIN, TEXNIK, QA`NIGELI KADRLAR MENEN TA`MIYINLEWDE QARAQALPAQSTAN «O`ZSEL`XOZTEXNIKA» BIRLESPESININ` ORNI

## 2.1. 1960-70-jıllarda respublikanın` awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` du`ziliwinde, onı kadrlar menen ta`miyinlewde ko`rilgen ila`jlar: tabıslar, qıyınshılıqlar

En` jan`a texnika ha`m texnologiya bazasında diyxanshılıqtın` rawajlanıwı Qaraqalpaqstanda jan`a jerlerdi tabıslı o`zlestiriwge mu`mkinshilik tuwdırdı. Da`slep jan`a jerler ko`binese qarapayım usılda, puqta planirovkasız ha`m kollektor suw qashırıw qurılısız o`zlestirildi. Sonlıqtan avtonomiyalı respublika hu`kimeti magistral` kanallardı, suw bo`listiriw tarmaqların qayta u`skenelew, retlestiriwshi gidrotexnikalıq sag`alar qurıw boyınsha iri ilajlardı iske asırlı. On jıl (1965-1975-jj.) ishinde kollektor-drenaj tarmaqlarının` salıstırma uzınlıg`ı bes ese o`sti ha`m gektarına 25 metrge jetti. Usı jıllardın` ishinde jan`a jerlerdi o`zlestiriw og`ada ken` ko`lemde ju`rgizildi ha`m 75 mın` gektar, yag`nıy o`tken on jıllıqqa qarag`anda 2,6 ese artıq jer o`zlestirildi. Bul Ellikqala, Jambasqala, sonday-aq arqa rayonlardag`ı basqa da massivler edi. Na`tiyjede jan`a jerlerdin` meliorativ awhalın jaqsılanıwı menen injenerlik o`zlestiriliwi su`rimlik jerdin` ko`lemin 36% ken`eytiwge ha`m onı 230 mın` gektarg`a jetkeriwge mu`mkinshilik beredi. Egislik maydanı jıldan-jılg`a ko`beydi. 1980-jılı ol 245,9 mın` ga, al 1983-jılı 290,9 mın` gektardı quradı[1].

Ma`mleket ta`repinen irrigatsiyag`a jumsalg`an u`lken iri qarjılar paxtashılıqtın` suw menen ta`miyinleniwine ha`m salı egiw ushın respublikada tın` jerlerdin` o`zlestiriliwine mu`mkinshilik tuwdırdı. Qa`nigelestirilgen bir kolxoz

---

[1] 60 жыл ишинде Қарақалпақстан АССРының халық хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1984, 48-бет.

ha`m segiz salıgershilik sovxozları du`zildi. Bul xojalıqlardın` mu`ta`jligine ma`mleket ta`repinen 50 mln manattan aslam qarjı jumsaldı.

Na`tiyjede salı egisliginin` maydanı a`dewir ko`beydi. Eger 1961-jılı 1,9 mın` ga jerge salı egilgen bolsa, 1965-jılı – 13,6 mın` ga, 1975-jılı – 42,2 mın` ga, 1983-jılı – 76,9 mın` gektar jerge salı egildi[1]. Bunda egislik maydanının` ko`pshilik bo`legi tın`nan o`zlestirilgen jerlerge jaylastırıldı. Tazadan sho`lkemlestirilgen salıgershilik xojalıqlarında jumıs islew ushın komsomollıq jollamalar menen O`zbekistannın` barlıq tu`pkirlerinen 2000 mexanizator ha`m ha`r qıylı qa`nigeliktegi 500 den qız-jigitler keldi.

Salıgershilik sovxozları du`zilgen da`slepki jıllardın` ishinde barlıq jumıslar qol menen islendi. Keyingi jılları ko`plegen awır miynetti talap etetug`ın protsessler mexanizatsiyalastı. 1964-jıldın` o`zinde-aq salıgershilik maydanının` 90% i derlik mashinalar menen egildi. Atam zamanlardan berli salı qol menen orıp jıynalatug`ın edi, al 1963-jıldan baslap onı mashinalar menen orıp basladı: 1963-jılı 500 ga maydandag`ı, al 1965-jılı – 1263 ga maydandag`ı salı mashinalar menen, sonın` ishinen 229 gektarı ayırım usılda orıp alındı.

Mashina menen orıp-jıynaw miynet shıg`ınlarının` qısqarıwına alıp keldi. 1962-jılı bul qol menen orıp jıynag`anda gektarına 20,8 adam ku`nin, al zu`ra`a`tinin` 23,6% mashinalar menen jıynap alıng`an. 1964-jılı – tek – 11,4 adam-ku`nin g`ana jumsag`an «Mayjap» sovxozının` mısalınan ko`rinedi.

1964-jılı salı jetistiriw ha`m onı ma`mleketke satıwda erisken tabısları ushın Qaraqalpaqstannın` segiz mexanizatorı («Mayjap» sovxozınan M.E.Adryushenkov, V.M.Poddubnıy, VLKSMnın` 45-jıllıg`ı atındag`ı sovxozdan A.Kim, S.Kim, G`RaushanG` sovxozının` Sergey Kim ha`m basqalar) ASSR Awıl xojalıg`ının` jetiskenlikler ko`rgizbesine jiberildi, bronza medalı ha`m aqshalay sıylıqlar menen sıylıqlandı.

Hu`kimetimiz 1976-jıl 2-iyun`degi arnawlı qararında xojalıq o`ndirisin qa`nigelestiriw ha`m oraylastırıwdı bunnan bılay da rawajlandırıwdın` G`og`ada

---

[1] 60 жыл ишинде Қарақалпақстан АССРының халық хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1984, 38-бет.

u`lken siyasiy, ekonomikalıq ha`m sotsiallıq a`hmiyetiG` ja`ne bir ma`rtebe atap ko`rsetilgen.

Sonlıqtan texnikanı, kadrlardı, atızlardı tayarlawdın` barısı ha`m basqa da sho`lkemlestiriw-texnikalıq ma`seleler partiya sovet organlarının` mudamı dıqqat orayında boldı, olar o`zlerinin` ma`jilislerinde sistemalı tu`rde dodalap bardı ha`m za`ru`rli ilajlar qabıl etip otırdı. Respublikanın` barlıq kolxozları menen sovxozlarında ha`m awıl xojalıq mekemelerinde jaqın jıllar ishinde paxtashılıqtı ha`m awıl xojalıg`ının` basqa da tarawların kompleksli mexanizatsiyalawdı tamamlawg`a bag`darlang`an konkret ilajlar islep shıg`ıw boyınsha u`lken sho`lkemlestiriw jumısı ken` en jaydırıldı.

Texnikalıq progress tiykarında paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw ma`seleleri avtonomiyalı respublika hu`kimetinin`, jergilikli partiya komitetlerinin`, awıl xojalıq organları basshılarının` dıqqat orayında turdı. Awıl xojalıg`ında, a`sirese paxtashılıqta, texnikalıq progress O`zbekistan ha`m Qaraqalpaqstan partiya sho`lkeminin` bas liniyası boldı.

Belgilengan planlardı iske asırıw ushın paxtashılıqtag`ı texnikalıq progrestin` jolına baslı irkinish bolıp otırg`an konservatizmdi birotala jen`ip shıg`ıw ushın avtonomiyalı respublikamızdın` barlıq partiya sho`lkemlerinen batıl ha`m tabanlı gu`res ju`rgiziw talap etildi. Onın` ha`r qıylı formaların a`shkaralawg`a ha`m soqqı beriwge tuwra keldi. Konservatizmnin` formalarının` biri paxtanı mashina menen teriwdin` ma`mleketlik planının` u`ziliske tu`siwinin` sebeplerin teoriyalıq jaqtan da`lillep beriwge urınıw boldı. Ayırım xojalıq basshıları – mexanizatsiyag`a qarsı keyiptegiler – mashinalardın` abırayın to`giw ushın olardan paydalanıw tiyisli da`rejede ekonomikalıq na`tiyje bermeydi, dep tastıyıqladı.

Respublika Kompartiyasının` XIX s`ezdine esaplı doqladında (1976-j. fevral`) Qaraqalpaqstannın` barlıq xojalıqlarında miynet o`nimliginin` a`ste-aqırınlıq penen o`siwinin` sebepleri analizlep ko`rsetildi. Ayırım rayonlıq partiya sho`lkemlerinin` texnikadan qanaatlanarsızlıq da`rejede paydalanıw faktlerine mawsashıllıq penen

qaraytug`ınlıg`ı tubalawshılıq ha`m eskishillik keyip ko`rsetip atırg`an kolxoz ha`m sovxoz basshılarına da`kki bermey atırg`anlıg`ın atap ko`rsetildi. Texnikalıq progressti irkip atırg`an basshılarg`a hu`kimet talapshanlıqtı ku`sheytiw wazıypası alg`a qoyıldı.

Baslı buwıgı paxtashı mashina menen terip alıw bolıp tabılatug`ın kompleksli mexanizatsiya paxta jetistiriwdin` turaqlı o`siwine ha`m miynet o`nimliliginin` rawajlang`an sotsialistlik ja`miyet talaplarının` da`rejesine shekem artıwına jol ashıp berdi. Paxta teriw, go`rek mashinalarının`, shashılg`an paxtalardı teriw mexanizmlerinin` ha`m basqa da texnikalardın` ken`nen qollanılıwı paxtanı teriw ha`m ma`mleketke tapsırıwdın` barlıq sho`lkemlestiriw jumısların tu`p-tiykarınan o`zgertti. Bul protsesstin` u`zliksiz sisteması atız-paxta teriw mashinasının` bunkeri – tirkeliwshi telejka – tayarlaw punkti – ju`da` xarakterli boldı. Shiyki zat atızda saqlaw ornına barg`ang`a shekem jerge tiydirilmeydi ha`m qayta ju`klenbeydi, bul na`rse onın` joqarı sapalılıg`ın ta`miyin etedi. Mashina teriminen paydalanıw jıyın-terim protsessin tezletip g`ana qoymastan, onı arzanlatadı ja`ne miynet shıg`ınların keskin qısqartadı.

Avtonomiyalı respublika hu`kimetinin` turaqlı ha`m printsipial jolı sovet ha`m awıl xojalıq organlarının` ku`sh-jigerin kompleksli mexanizatsiyalawdın` konkret mashqalaların sheshiwge ja`mlewge mu`mkinshilik berdi.

MTSlardın` tarqatılıwı ha`m texnikanın` kolxozlarg`a satılıwı menen mashinalardan paydalanıw, saqlaw ha`m remontlaw ushın jan`a jag`daylar qa`liplesti. Kolxozlar menen sovxozlardın` mashina-traktor parkinen paydalanıw da`rejesin arttırıw u`lken xalıq xojalıq wazıypa, awıllardag`ı agrarlıq siyasattın` tiykarg`ı ma`selelerinin` biri boldı.

Ministrler Sovetinin` «Awıl xojalıg`ında texnikadan paydalanıwdı jaqsılaw ilajları haqqında» (1970-jıl 20-iyul`) qararına tiykarlana otırıp, oblastlıq partiya komiteti menen respublika hu`kimeti respublikada awıl xojalıq texnikaların remontlaw bazasın bunnan bılay da rawajlandırıw jolların belgilep berdi. «O`zsel`xoztexnika» ka`rxanalarının` quwatlılıg`ın arttırıw ha`m jan`a remontlaw

ustaxanaları menen zavodlar, avtonombillerge texnikalıq xızmet ko`rsetiw stantsiyaların qurıwg`a a`hmiyetli orın berildi. «O`zsel`xoztexnika» respublika xojalıqlarında injenerlik-texnikalıq ha`m agroximiyalıq xızmet ko`rsetiw sistemaların du`ziwde sheshiwshi ku`sh boldı.

Respublika hu`kimeti texnikadan paydalanıwdın` na`tiyjeliligin arttırıwg`a, onda mashinalardın` joqarı o`nimdarlı jumıs islewi olardın` sheberligi menen qa`nigeligine baylanıslı bolg`an mexanizatorlardın` rolin arttırıwg`a mudamı kewil awdarıp otırdı.

Xojalıqlarda massalıq qa`nigeliktegi kadrlardın` tayarlanıwı ha`m bekkemleniwi is ju`zinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwdın` barlıq baslı ma`selelerin sheshedi.

1961-jıldın` aprelinde Qaraqalpaqstanda respublikalıq «O`zsel`xoztexnika» birlespesi, rayonlarda onın` bo`limsheleri du`zildi (burıng`ı traktor-remontlaw stantsiyaları (RTS) bazasında). Respublika partiya komiteti ha`m hu`kimeti olardın` sho`lkemleskenlik jag`ınan bekkemlewine u`lken g`amxorlıq ko`rsetti.

Biraw awıl xojalıq o`nimlerinin`, a`sirese mal sharwashılıg`ı, palız, miywe ha`m basqalardın` ko`plegen tu`rlerin jetistiriw basqa respublikalar menen oblastlardın` da`rejesinen artta qalıp atırg`anlıg`ın atap ko`rsetiw kerek. Paxtashılıq tarawında sezilerlik na`tiyjeler boldı. Awıl xojalıg`ının` aldın`g`ıları Sh.Muwsaev, A.Saparbaeva, G.Kurbanova, T.Tlewmuratova ha`m basqalar hadal miynet etti ha`m shigitli paxtadan joqarı zu`ra`a`t (gektarınan 27-32 ts.) aldı.

Kolxozshılar menen sovxoz rabochiylarının` pida`kerlik miyneti awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriwdi bunnan bılay da ko`beytiwdi ta`miyinlenedi. O`nimnin` ulıwma qunı 1963-jılg`ı 143 mln manattan 1965-jılı – 173 mln manatqa o`sti, al zu`ra`a`tlilik 15,8 ts. den gektarına 21,4 ts. ge arttı.

Paxtashılıqta erisken tabısları ushın Qaraqalpaqstan ASSRı SSSR Joqarı Soveti Prezidiumının` 1959-jıl 25-dekabr`degi qararı menen Lenin ordeni menen nagradlandı. Ha`mme jerde o`zlerinin` bay ta`jiriybelerin tarata otırıp, o`ndiris aldın`g`ıları bolg`an Sotsialistlik Miynet qaharmanları A.Baltabaev, G.Kurbanova,

M.Masharipov, A.Saparbaeva, R.Seytniyazova, S.To`reniyazov, A.Kamalova, A.Durdıev, R.Eshanov ha`m basqa da ta`jiriybeli paxtakeshler awıl xojalıg`ının` rawajlanıwı ha`m onın` zu`ra`a`tliliginin` artıwına u`lken u`les qostı[1].

Paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw g`awasha ta`rbiyasın kompleksli mexanizatsiyalawdı talap etti. Avtonomiyalı respublikamızdın` agronomları, injenerleri ha`m basqa da qa`nigeleri 1965-jıldın` fevralında Tashkent oblastının` aldın`g`ı xojalıqlarında bolıp qayttı. Olar o`zlerinin` o`zbek joldaslarının` ta`jiriybelerin u`yrenip, naryadsız sistema boyınsha ken` ko`lemlerde paxtashılıqqa mexanizatsiyanı engize basladı.

Segizinshi bes jıllıqtın` basında O`zbekistanda 5 mın`nan aslam traktor dala brigadaları menen zvenoları, sonın` ishinde Qaraqalpaqstanda – 429 brigada ha`m zvenolar bar edi. XXI oblastlıq partiya konferentsiyasında (1966-j. 1-fevral`) usı brigadalar menen zvenolardın` basım ko`pshiligi paxta jetistiriwde, miynet o`nimliligin arttırıwda, o`nimnin` o`zine tu`ser bahasın arzanlatıwda, mashina teriminin` planın orınlawda jaqsı na`tiyjelerge eriskenligi atap ko`rsetildi.

Kompleksli brigadalar menen zvenolardı belgili mexanizatorlar: Qon`ırat rayonının` «Qon`ırat» sovxozınan Z.Danilenko, Xojeli rayonının` Lenin atındag`ı kolxozınan Yu.Matkarimov ha`m basqalar basqardı. Ilimiy-texnikalıq protsesstin` jetiskenliklerin paydalanı otırıp, paxta jetistiriwdi ko`beytiwde erisken u`lken xızmetleri ushın SSSR Joqarg`ı Soveti Prezidiumının` qararı menen Yu.Matkarimovqa Sotsialistlik Miynettin` qaharmanı atag`ı berildi, al Z.Danilenko Lenin ordeni menen nagradlandı.

Mexanizatorlardın` atızlardag`ı miyneti a`diwli ha`m hu`rmetli boldı. 1964-jıldın` iyulinde bolıp o`tken awıl xojalıg`ı qa`nigelerinin` respublikalıq ma`jilisinde 23 mexanizatorg`a «Qaraqalpaqstan ASSRına miyneti sin`gen mexanizator» hu`rmeti atag`ı berildi ha`m 93 traktorshı ja`ne mexanikler Qaraqalpaqstan ASSR Joqarı Prezidiumının` Hu`rmet jarlıg`ı menen sıylıqlandı.

---

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1989, 290-бет.

Avtonomiyalı respublikanın` hu`kimeti awıl xojalıq o`ndirisi o`nimlerin bunnan bıylay da ko`beytiw wazıypaların sheshe otırıp, awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge u`lken dıqqat awdardı. Jan`a bes jıllıqtın` da`slepki jılında kolxoz ha`m sovxoz o`ndirisin rawajlandırıw ushın 49 mln manatqa jaqın qarjı bo`lim shıg`arıw na`zerde tutıldı, bul 1965-jıldag`ıg`a qarag`anda 13,5% ko`p edi. Jan`a texnika satıp alıwg`a 11 mln manat qaratıldı. 1966-jıldın` dawamında Qaraqalpaqstannın` sovxozları menen kolxozlarına ha`r qıylı markadag`ı 975 traktor, 300 paxta teriw mashinasın, 86 kombayn, 358 seyalka, 480 kul`tivator ha`m ko`plegen basqa da texnikalar satıw na`zerde tutıldı. Awıl xojalıq eginlerinin` zu`ra`a`tliligin arttırıw ushın 100 mın` tonnadan aslam mineral to`gin ha`m ko`plegen basqa da ximikatlar bo`lip shıg`arıldı.

Awıl xojalıq o`nimlerin ko`beytiwde, kolxoz ha`m sovxoz atızlarının` zu`ra`a`tliligin ko`teriwde suw xojalıg`ı qurılısının` ma`selesi za`ru`r boldı. Oraylıq Komitettin` Plenum qararları tiykarında respublikada 10 jılg`a (1966-1975-jj.) esaplang`an melioratsiya jumıslarının`, jerlerdi suwg`arıw ha`m qurg`atıw planı islep shıg`ıldı ha`m qabıl etildi.

Bes jıllıqtın` birinshi jılında avtonomiyalı respublikada suw xojalıg`ı qurılısın ken` en jaydırıw maqsetinde 22 mln manatqa jaqın qarjı jumsaw na`zerde tutıldı.

Segizinshi bes jıllıqtın` birinshi jılında hu`kimet ta`repinen qabıl etilgen ilajlar 1966-jıldın` tapsırmaların orınlap g`ana qoymastan artıg`ı menen orınlaw ushın awıl miynetkeshlerine barlıq za`ru`rli jag`daylardı du`zip berdi.

Ma`selen, sol jılı paxta tayarlaw planı 26-oktyabr`ge orınlandı. Paxta tayarlawdın` ma`mleketlik planının` orınlanıwının` baslı faktorı kompleksli mexanizatsiya menen ximizatsiyanın` ken`nen engiziliwi, g`awasha zu`ra`a`tliliginin` artıwı boldı. Bul na`rse ulıwma shigitli paxta tayarlawdı 60 mın` tonnag`a ko`beytiwge ha`m onı 289 mın` tonnag`a jetkeriwge mu`mkinshilik berdi. 96,4 mın` tonnadan aslam paxta mashinalar menen terip alındı, ol 1965-jılg`ıg`a qarag`anda 32 mın` t. ko`p.

Joqarı zu`ra`a`t ushın gu`reste To`rtku`l rayonının` M.Gor`kiy atındag`ı, Beruniy rayonının` Kirov atındag`ı, A`miwda`r`ya rayonının` Krupskaya atındag`ı, Xojeli rayonının` G`KommunizmG` ha`m Kalinin atındag`ı kolxozları, Lenin atındag`ı, Kegeyli rayonının` Kuybıshev atındag`ı, Shomanay rayonının` Kirov atındag`ı ha`m Shomanay sovxozları jaqsı ko`rsetkishlerge eristi, paxtanın` zu`ra`a`tliligi boyınsha ha`r gektarınan 30-35 ts ha`m onnan da ko`birek o`nim aldı. To`rtku`l rayonının` Dmitrov atındag`ı kolxozanın I.Allambergenovtın`, M.Gor`kiy atındag`ı kolxozınan K.Saparovtın`, Beruniy rayonının` «Pravda» kolxozınan R.Bekniyazovtın`, Ordjenikidze atındag`ı kolxozınan R.Sultanovtın` brigadaları ha`m basqalar gektarınan 45-50 ts. shekem o`nim jetistirdi. Paxtanı mashina menen teriwde Lenin atındag`ı, Kirov atındag`ı, Engel`s atındag`ı sovxozlar jaqsı ko`rsetkishlerge eristi. Kirov atındag`ı sovxozdın` mexanizatorları barlıq tayarlang`an zu`ra`a`ttin` 65,1% in mashinalar menen terip aldı. Onlag`an mexanik-aydawshılar: Engel`s atındag`ı kolxozdan R.Kamalova, A`miwda`r`ya rayonının` Krupskaya atındag`ı kolxozınan A.Kamalova, Kirov atındag`ı kolxozdan I.Reimov, Ma`teke Jumanazarov atındag`ı sovxozdan X.Beknazarov, To`rtku`l rayonının` XXI parts`ezd atındag`ı kolxozınan X.Xalmuratov ma`wsim ishinde o`zlerinin` «ko`k korabllerinin`» bunkerlerinin` 150-160 tonnadan paxta to`kti.

Kompleksli mexanizatsiyalasqan brigadalar menen zvenolar u`lken tabıslarg`a eristi. Ma`selen, «Moskva» sovxozınan J.Dawkeev basshılıq etken 5 adam quramındag`ı kompleksli mexanizatsiyalasqan zveno 40 gektar g`awashasının` ha`r gektarınan 25 ts den terip aldı, bul plandag`ıdan 10 ts ko`p.

Jeti jıllıqtın` ishinde awıl xojalıq o`ndirisin mexanizatsiyalaw ken`eytildi. Eger 1958-jılı Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ında 5435 ke jaqın traktor (15 at ku`shine esaplag`anda) bolg`an bolsa, 1965-jılı ol 12088 ge jetti. Usı jıllardın` ishinde paxta teriw mashinalarının` sanı 965 ten 2099 ga, g`alle jıynawshı kobaynlar (fizikalıq birlikte) – 19 dan 181 ge shekem ko`beydi. Ju`k avtomobillerinin` sanı a`dewir arttı. Texnikadan paydalanıw bir qansha jaqsılandı.

Respublikada kadrlar tayarlaw boyınsha u`lken jumıs islendi. Eger 1963-jılı 8,7 mın` mexanizator bolg`an bolsa, 1965-jılı 11,5 mın`g`a jetti.

Avtonomiyalı respublikanın` mexanizatorları mashine teriminin` pa`tlerin jıldan-jılg`a arttırdı. Aldın`g`ı qatarlı mexanizatorlar ha`r jılı paxta teriminin` plandı tapsırmaların arttırıp orınladı. Ma`selen, Xojeli rayonının` Lenin atındag`ı kolxozınan A.Artıqova, To`rtku`l rayonının` Lenin atındag`ı kolxozınan R.Tan`irbergenova, To`rtku`l rayonının` Kommunizm atındag`ı kolxozınan O.Pirnazarova ha`m A.Reimov, Pravda kolxozınan G.Pirnazarova, Beruniy rayonınan T.Jumakova, A.Nurıllaeva, Xojeli rayonının` Engel`s atındag`ı kolxozınan J.Saparbaeva, Shımbay rayonının` Quralpa atındag`ı sovxozınan A.Ma`mbetnazarov, O.Pirlepesovlardın` ha`r qaysısı ma`wsim ishinde o`z mashinaları menen 100-120 tonna ha`m onnan da ko`birekten paxta terdi.

Paxta teriminde tiykarg`ı rol`di hayal-qızlar atqardı. Qaraqalpaqstanda A`miwda`r`ya rayonının` Krupskaya atındag`ı kolxozınan Ayım Kamalova Tursınay Axunovanın` jolın quwdı. Ol o`zinin` 1970-jıl 5-yanvar`dag`ı «Sovetskaya Karakalpakiya» gazetasında ja`riyalang`an xatında jaslardı paxta teriw mashinasının` aydawshısı qa`nigeligin iyelewge shaqırdı. O`zbekistan Kompartiyasının` Qaraqalpaqstan oblastlıq partiya komiteti Ayım Kamalovanın` patriotlıq baslamasın maqulladı ha`m respublikanın` partiya, profsoyuz ja`ne komsomol sho`lkemleri Ayım Kamalovanın` patriotlıq baslamasın miynetkeshlerge ken`nen tu`sindiriwge minnetledi, komsomollar menen uyımda joq jaslardı paxta jetistiriwdi ko`beytiw, jan`a texnikanı iyelew ushın gu`reske ken`nen shaqırdı.

Awıl xojalıg`ı tarawında erisilgen tabıslar menen qatarda kemshilikler de boldı. Bir qatar kolxozlar menen sovxozlar g`awashanın` zu`ra`a`tliligin qarttırıwda keyinde qaldı, mal sharwashılıq xojalıqlarında o`ndiris protsesslerine kompleksli mexanizatsiya ele de ju`da` to`men engizilip atırg`an edi, mallardın` ko`p o`liwine, tuwatug`ın mallardın` qısır qalıwına ha`m t.b. jol qoyılıp keldi.

Diyxanshılıqtın` barlıq tu`rlerinin` zu`ra`a`tliligin arttırıwda, kolxoz, sovxoz o`ndirisin bunnan bılay da rawajlandırıwda hu`kimetimizdin` qararları ja`ne ha`r ta`repleme g`amxorlıg`ı u`lken rol` oynadı, onda awıl xojalıg`ın rawajlandırıwdın` ken` bag`darlaması islep shıg`ıldı, ol bag`darlama tog`ızınshı bes jıllıqtın` tapsırmaların orınlawdın` tiykarın quradı. Ol avtonomiyalı respublikamızdın` awıl miynetkeshlerin jan`a miynet ma`rtligine ruwxlandırdı.

Tog`ızınshı bes jıllıqtın` birinshi jılında respublika mexanizatorları da u`lken jen`iske eristi. 1971-jılı paxta terimine 2500 mexanizator qatnastı. ko`k korabllerdin` ja`rdemi menen 125 mın` 200 tonna paxta terip alındı. Respublika mexanizatorları joqarı sheberlik ha`m miynet qaharmanlıg`ın ko`rsetti. Beruniy rayonının` Beruniy atındag`ı sovxozınan 270 t. paxta tergen Perdegu`l Rozımova, To`rtku`l rayonının` XXI partsezd atındag`ı kolxozdan 260 t. paxta tergen Sıban Jumaniyazov, A`miwda`r`ya rayonının` Krupskaya atındag`ı kolxozınan 230 t. paxta tergen Qazaq Kamalov en` jaqsı ko`k korabl` kapitanları boldı.

Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ının` miynetkeshleri jıldan jılg`a jaqsı jen`islerge erise berdi. Respublika Ministrler Soveti awıl xojalıg`ı o`ndirisinin` na`tiyjeliligin arttırıw boyınsha bir qansha ilajlardı iske asırdı.

Bes jıllıqtın` ishinde awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bunnan bılay da bekkemlew ushın u`lken jumıslar islendi. Onı rawajlandırıwg`a 210 mln manattan aslam ma`mleketlik qarjı jumsaldı.

Jan`a jerlerdi o`zlestiriw, salıgershilik ha`m mal sharwashılıg`ın rawajlandırıw, ximiya sanaatın rawajlandırıw ushın mineral-shiyki zat resurslarınnan paydalanıw elektr quwatının` rawajlanıwına tikkeley baylanıslı. 1965-jılı awıl xojalıg`ında miynettin` energiya menen qurallanıwı 783 at ku`shine iye bolsa, 1970-jılı – 1174 at ku`shine, 1975-jılı – 1671 at ku`shine ten` boldı[1].

1970-jıl iyul`de SSSR Ministrler Soveti «Awıl xojalıg`ında texnikadan paydalanıwdı bunnan bılay da jaqsılaw ilajları haqqında» qarar qabıl aldı. Onda

[1] Өзбекстан тоғызыншы бес жыллық ишинде (1971-1975-ж..). Қысқаша стат. Топлам. Т., 1976, 33-бет.

ayırım xojalıqlardı, ko`p sanlı ha`zirgi zaman joqarı o`nimdarlı texnikanıq kelip tu`siwine qaramastan, mashinalardın` smenalıq ha`m ku`nlik jumıs o`nimi ju`da` a`ste-aqırınlıq penen artıp atırg`anlıg`ı, al ayırım jerlerde ha`tte to`menlep ketkenligi atap ko`rsetilgen. Mal sharwashılıq fermalarının` u`skeneleri jetkiliksiz da`rejede paydalanıldı. Awıl xojalıq texnikaları tiykarsız esaptan shıg`arıp taslang`an. Traktorlardı, avtomobillerdi, awıl xojalıq mashinaların ha`m mal sharwashılıq fermalarının` u`skenelerin jaqsılaw, awıl xojalıq texnikalarının` saqlanıwına qadag`alawdı ku`sheytiw, mashina-traktor parkinen texnikalıq paydalanıwdın` da`rejesin arttırıw, miynetke haqı to`lewdi sho`lkemlestiriw, normallastırıwdın` en` jaqsı formaların engiziw, mexanizator kadrlarının` qa`nigeligin arttırıw ha`m olardın` miynet ja`ne ma`deniy-turmıs jag`dayların jaqsılaw ilajları iyelendi.

Iri remontlaw ju`rgiziw, qa`de retinde, Sel`xoztexnikanın` ka`rxanalarında, al remont ha`m xızmet ko`rsetiwdin` basqa terleri – oraylıq remontlaw ustaxanaları menen xojalıqlardın` texnikalıq xızmet ko`rsetiw punktlerinde iske asırılıp atırg`an awıl xojalıq texnikalarının` remontın sho`lkemlestiriwdegi burınnan qa`liplesken bag`dar durıs dep tabıldı.

Mashinalar menen u`skenelerdi remontlaw ha`m texnikalıq xızmet ko`rsetiwdi sho`lkemlestiriwdi jetilistiriw ushın respublika hu`kimeti ta`repinen remontlaw ka`rxanalarının` to`mendegidey tu`rleri: sovxoz, kolxoz ha`m basqa da awıl xojalıq ka`rxanalarının` oraylıq remontlaw ustaxanaları; xojalıqlardın` bo`limleri menen brigadalarındag`ı texnikalıq xızmet ko`rsetiw punktleri; avtomobillerdi saqlaw ha`m texnikalıq xızmetlerdi iske asırıwg`a arnalg`an xalıqlardın` oraylıq ha`wlilerindegi profilaktoriyalı garajlar; mashinalar menen u`skenelerge, olardın` uzelleri menen agregatlarına iri remont ju`rgiziw ushın Sel`xoztexnika sistemasının` qa`nigelestirilgen remontlaw ustaxanaları menen zavodları; xojalıqlardın` texnikalar menen u`skenelerdi remontlaw ha`m texnikalıq xızmet ko`rsetiw boyınsha barlıq buyırtpaların orınlaytug`ın Sel`xoztexnikanın` ulıwma bag`dardag`ı ustaxanaları; Sel`xoztexnika sistemasındag`ı avtomobillerge

texnikalıq xızmet ko`rsetiw stantsiyaları ha`m melioratsiyalıq, jer qazıw ha`m qurılıs mashinaların, olardın` uzelleri menen agregatların remontlaytug`ın Soyuzsel`xoztexnikalar belgilendi.

1971-1975-jıllarda mashina-traktor parkine texnikalıq xızmet ko`rsetiw ken` rawajlandı. Bul jıllarda Qaraqalpaqstanda 32 xojalıqta qa`nigelestirilgen texnikalıq xızmet ko`rsetiw sho`lkemlestirildi. Olarda 450 adam jumıs isledi ha`m tek 1975-jıldın` ishinde olarda 1672 traktor, 459 paxta teriw mashinaları remontlandı ha`m 245,3 mın` manatlıq tozg`an detallar, basqa da texnikalar qayta tiklendi[1].

Ulıwma alg`anda on jıl ishinde «O`zsel`xoztexnika»nın` qa`nigelestirilgen remontlaw ka`rxanalarında traktorlardın` remontı 172% ke o`sti. 1971-1975-jıllarda remontlaw-profilaktikalıq bazalar sho`lkemlestirildi. 1974-jıldın` o`zinde kolxozlar menen sovxozlarg`a xızmet ko`rsetiw ushın I qa`nigelestirilgen remontlaw ka`rxanası du`zildi[2].

Biraq kolxozlarda, sovxozlarda ha`m awıl xojalıg`ının` basqa da ma`mleketlik ka`rxanalarında burınnan bar texnikalar ele jeterli da`rejede paydalanılmadı.

Kolxozlardın`, sovxozlardın` ha`m «Sel`xoztexnika» birlespelerinin` remontlaw bazalarının` rawajlanıwı mashina-traktor parkinin` o`siwinen a`dewir artta qaldı. Ko`plegen kolxozlar menen sovxozlardın` remontlaw ustaxanaları joq edi, al barları bolsa olar qolaylastırılmag`an jaylarda ornalasqan edi. Texnikalıq xızmet ko`rsetiw ustaxanaları, statsionar postları menen sherteklerdin` qurılısı ju`da` jetkiliksiz ko`lemde, eski proektler boyınsha ju`rgizildi ha`m kesip alıp islew jumısının` planlarına kirgizilmedi.

Respublikada jan`a modadag`ı traktorlardın`, ayırım markadag`ı avtomobiller menen quramalı awıl xojalıq mashinalarının` remontı ju`rgizilmedi. Qaraqalpaqstan Sel`xoztexnikası traktorlar menen olardın` agregatların remontlaytug`ın, sonday-aq olardın` zapas bo`leklerin qayta tikleytug`ın ha`zirgi

[1] «Ўзсельхозтехника» хызметиниң айырым мәселелери ҳаққында. Нөкис: Қарақалпақстан, 1976, 15,1 17-бет.
[2] Сол жерде, 13-бет.

zaman iri ka`rxanalarına iye emes edi, texnikalıq xızmet ko`rsetiw ja`ne mashinalarg`a jen`il remont isleytug`ın baza du`zilmegen edi. Usı maqsetler ushın bo`lip shıg`arılg`an iri qarjılar mayda remontlaw ka`rxanaların qayta u`skenelew ha`m slıwg`a jumsaldı. Texnikanın` remontta uzaq jatıp qalıw ha`m jumıstın` to`men sapada orınlanıw jag`dayları orın aldı. 1975-jılı respublikanın` remontlaw bazaları menen ta`miyinleniwi 40% ke jaqın boldı.

Kolxozlar menen sovxozlardın` 70% de ha`zirgi zaman neft` skladları, garajlar, texnikalar saqlanatug`ın shertekler menen maydanshalar joq edi. Ko`plegen awıl xojalıq mashinaları ma`mleketlik standartqa tuwrı kelmeytug`ın orınlarda saqlandı, bul na`rse xojalıqlarda jetispey atırg`an ko`p sanlı kombaynlar menen basqa da mashinalardı waqtınan burın esaptan shıg`arıp taslawg`a sebepshi boldı. Mashina-traktor parkine «Sel`xoztexnika» birlespelerinin` qa`nigelestirilgen bo`limsheleri menen kolxoz ha`m sovxozlardın` sheber-naladchikler zvenoları ta`repinen xızmet ko`rsetiw a`ste-aqırınlıq penen o`ndirildi. Xojalıqlardın` 30%ti g`ana kerekli mug`dardag`ı remontshı rabochiylar menen sheber-naladchiklerine iye boldı. Janar may, zapas bo`lekler, remontlaw ja`ne texnikalıq ku`tim qualların jumsawdın` jekke esabı sho`lkemlestirilmedi, olardı u`nemlegeni ushın mexanizatorlarg`a aqshalay sıylıqlar to`lenbedi. Rayonlıq «Sel`xoztexnika» birlespeleri mashina-traktor parkine planlı-texnikalıq xızmet ko`rsetiwdi sho`lkemlestiriwde ha`m awıl xojalıq o`ndirisin kompleksli mexanizatsiyalawdın` qıyın ma`selelerin sheshiwde kolxozlar menen sovxozlardın` injener-texnik xızmetkerlerine turaqlı ja`rdem ko`rsetip turılmadı.

Kolxozlar menen sovxozlardın` o`ndirislik turmıs jag`dayların jaqsılawg`a jeterli kewil bo`linbedi. Ustaxanalar menen texnikalıq xızmet ko`rsetiw punktleri jılıtılmadı, olarda qol juwg`ıshlar, dush bolmadı, mashina ha`wlilerinde dem alıw bo`lmeleri, turmıslıq bo`lmeler ajıratılmadı.

Sonlıqtan avtonomiyalı respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda texnikalıq progresstin` tiykarg`ı bag`darları mashinalar sistemasına qaratıldı, tiykarg`ı dıqqat «O`zsel`xoztexnika» birlespesindegi iri qurılısqa awdarıldı. Eger

segizinshi bes jıllıqta usı maqsetler ushın 8 mln 600 mın` manat o`zlestirilgen bolsa, tog`ızınshı bes jıllıqta – 11081 mın` manat o`zlestirildi, al onınshı bes jıllıqta onı 40% ke ko`beydi. Respublikanın` kolxozları menen sovxozlarına ken` ko`lemli paxta teriw, go`rek tazalaw, go`rek teriw mashinaları keldi. Ko`p maqsetlerge paydalanılatug`ın universal mashinalar payda boldı. Texnikalar paydalanıwda a`dewir isenimli ja`ne a`dewir shıdamlı bolı basladı.

Mashinalar menen mexanizmlerdi universallastırıw ha`m kombinatsiyalawda belgili tabıslarg`a erisildi.

Materiallıq-texnikalıq bazanın` bekkemleniwi na`tiyjesinde mal sharwashılıg`ındag`ı ko`p miynet talap etetug`ın jumıslardı mexanizatsiyalaw jaqsılandı. 1975-jılı komplektatsiya xızmetkerleri ta`repinen mal sharwashılıg`ı qoraları menen qus fermalarının` 22 u`skenesi, aralas jem tayarlaytug`ın 10 agregat komplektlestirildi. Kolxozlar menen sovxozlardın` mal sharwashılıq fermalarındag`ı protsesslerdi kompleksli mexanizatsiyalawdı bunnan bılay da endiriw za`ru`rligi payda boldı. Jem tsexları menen sho`p ushın tayarlaw, g`a`lle tazalaw ha`m keptiriw punktlerindegi jumıslardın` ko`lemin ko`beytiwge bag`dar alındı.

Awıllardın` texnikalıq u`skeneleniwinin` tez o`siwi awıl xojalıq texnikasınan na`tiyjeli paydalanıwdı arttırıw, o`ndiristi kompleksli mexanizatsiyalawg`a o`tiw wazıypaların aldın`g`ı plang`a shıg`ardı Olardın` sheshiliwine qaray o`ndiris protsesslerin mexanizatsiyalaw da`reesi arttı. Miynettin` industriallıq usılları o`ndiristin` tek tiykarg`ı g`ana emes, al qosımsha uchastkaların da o`z ishine alıp, barg`an sayın ken` tarala basladı.

Ilimiy-texnikalıq progress pa`tlerinin` tezletiliwi awıl xojalıq o`ndirisin intensivlestiriwge mu`mkinshilik tuwdırdı. O`ndiris arttı, atızlar menen fermalardın` zu`ra`a`tliligi o`sti. Usı tiykarda kolxozlar menen sovxozlardın` tabısları ko`beydi.

## 2.2. Respublikanın` awıl xojalıg`ına texnikalıq ja`rdem ko`rsetiwde ha`m bul tarawdı qa`nigeli kadrlar menen ta`miyinlewde Qaraqalpaqstan «O`zsel`xoztexnika» birlespesinin` ornı

Qaraqalpaqstan respublikasının` awıl xojalıg`ının` basqa oblastlardan artta qalıwı respublika basshılarının` bul ma`seleni sheshiw ushın tiyisli orınlarg`a ma`sele qoyıp sheshiw baslı ma`sele edi. Respublika basshıları bul ma`seleni O`zbekistan Respublika basshıları aldına ma`sele etip qoydı. Na`tiyjede bul ma`sele oylag`anday etip sheshiliwge miyasar boldı. Respublika awıl xojalıg`ın ko`teriwge baylanıslı bolg`an baslı jag`daylardın` biri, awıl xojalıg`ı kerekli bolg`an texnika menen ta`miyinlew sheshilgen. Respublikag`a kerekli mug`darda texnika kele baslag`an ha`m awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew, ol texnikalarg`a jeterli da`rejede remontlıq bazasın jaratıw, og`an kerekli kadrlardı tayarlaw baslı ma`sele bolıp qaldı. Sonday-aq, respublikada paxtashılıqta rawajlandırıw tazadan tu`rli bo`limler ha`m onı isleytug`ın taza ka`rxana Qaraqalpaqstan O`zsel`xoztexnika birlespesi ka`rxanası sho`lkemlestirildi.

Usı maqsetlerde paxta teriw ha`m go`rek teriw mashinaların, paxtanı qap-qanarsız tasıw ushın traktor tirkewshilerin, mexanikalıq usılda shashılg`an paxtalardı teriwshiler islep shıg`arıwdı ko`beytiw ushın jan`a quwatlılıqlardı o`ngiziw, sonday-aq paxtashılıq ushın traktorlar islep shıg`arıw boyınsha jan`a sanaat tarawların du`ziw belgilendi.

Respublika mashinalar jetistiriwdi ko`beytiw boyınsha og`ada u`lken sho`lkemlestiriw ha`m siyasiy jumıstı en jaydırıp jiberdi. Awıl xojalıg`ı, birinshi gezekte paxtashılıq mu`ta`jleri ushın texnika islep shıg`arıw ma`seleleri Plenumlardın` ku`n ta`rtibinde turdı. Lawazımı boyınsha usı bir en` a`hmiyetli partiyalıq ha`m ma`mleketlik is tapsırılg`an adamlar ha`r ku`n sayın ja`ne u`zliksiz usı ma`seleler menen shug`ıllandı.

Paxtashılıq ushın traktor jetistiriwdi sho`lkemlestiriw paxta-sanaat kompleksin rawajlandırıwda en` u`lken waqıya boldı. Tashkente traktor zavodının` payda bolıwı respublikanın` industriallıq rawajlanıwının`, injener-texnik kadrlarının`, konstruktorlardın` ha`m qa`nigeli jumısshılardın` o`sip shıg`ıwının` logikalıq na`tiyjesi boldı.

Qaraqalpaqstannın` awıl-xojalıg`ı ha`zirgi zaman mashina texnikası menen u`skenelendi. Jerlerdi su`riw, egiw, qatar araların islew, mineral to`ginlerdi to`giw, sonday-aq g`oza payalardı jıynap alıw tolıg`ı menen mexanizatsiyalandı. Eger 1955-jılı zu`ra`a`ttin` ulıwma mug`darının` 23,3% i mashinalar menen terip alıng`an bolsa, al 1965-jılı zu`ra`a`tti jıynap alıw protsessi 55 % ke mexanizatsiyalastı.

Respublikada awıl-xojalıq o`ndirisinin` texnika menen ta`miynleniwi jıldan jılg`a o`sip bardı. Ma`selen 1965-jıldan 1975-jılg`a shekem kolxoz, sovxozlarg`a 15832 traktor, paxta teriw mashinaları 3415 4 ju`k mashinaları 280,5 ha`m 404 mln. manatlıq ko`p sanlı awıl-xojalıq mashinaları, sonday-aq 2294300 mın` tonna mineral to`ginler satıldı.[1]

1976-jıldın` basında respublikanın` kolxozları menen sovxozlarında 13700 traktor ha`m ko`p sanlı basqa da mashinalar boldı, ha`r 1 ga egislik maydanına esaplag`anda olardın` bahası 500[2] manatqa jetti. Usı da`wirdin` ishinde awıl-xojalıg`ında elektr quwatınan paydalanıw 6 ese derlik o`sti.[3] Respublikanın` awıl-xojalıg`ında miynettin` energiya menen qurallanıwı 1970-jıldan 1975-jılg`a shekem 11% ke o`sti ha`m bir xızmetkerge esaplag`anda 9,3 at ku`shin quradı.[4]

Jeti jıllıqtın` ishinde awıl-xojalıq o`ndirisin mexanizatsiyalaw ken`eytildi. Materiallıq-texnikalıq baza jaqsılandı, jan`a texnikanın` sanı o`sti. Eger 1958-jılı 5435 traktor (15 at ku`shine esaplag`anda) bolg`an bolsa, al 1965-jılı 12038 boldı. Tap usı da`wir ishinde paxta teriw mashinalarının` sanı 965 ten jetti.

---

[1] «Узсельхозтехника» системасы хызметиниң гейпара мәселелери ҳаққында. Нөкис: Қарақалпақстан, 1976, 26-бет.
[2] «Сельское хозяйство Узбекистана» журналы. 1976, N 6, 16-бет.
[3] «Правда Востока» газетасы. 1976-ж. 6-январь.
[4] «Коммунист Узбекистана» журналы. 1976, N 6, 32-бет.

1965-jıldan baslap awıl xojalıg`ın texnikalıq jaqtan qayta qurallandırıw barg`an sayın tezletilgen pa`tler menen ju`rgizilip atır, barlıq markadag`ı traktorlardın` sanı 1,3 ese arttı. Tek 1976-jıldın` o`zinde 3 mın` traktor alıp kelindi. Bul birinshi bes jıllıqtın` aqırındag`ı avtonomiyalı respublikada bar barlıq traktordın` sanınan 25 ese, al quwatı jag`ınan 75 ese derlik ko`p. Paxta teriw mashinaları, da`n kombainları, nasoslar, avtomobiller ha`m basqada qospalı texnika parki o`sip baratır.

Magistral` ha`m suw bo`listiriwshi irrigatsiyalıq-melioratsiyalıq tarawlardı qazıw ha`m tazalaw, atızlarg`a suwdı beriw, egiske shekem jerdi islew, egis, eginlerdin` qatar araların islew, mineral to`ginlerdi to`giw, salını, ma`kke ju`werini, mallarg`a ot-jem bolatug`ın eginlerdi jıynap alıw, ot-sho`p tayarlaw tolıg`ı menen mexanizatsiyalastırıldı. Paxta zu`ra`a`tin jıynap-terip alıw 65 protsentke, al bir qatar xojalıqlarda 85 protsentke ha`m onnan da ko`birek protsentke mexanizatsiyalastırıldı.

Awıl xojalıg`ın elektrlestiriw ken`nen rawajlandı, kolxozlar menen sovxozlardın` 93,4 protsenti ma`mleketlik energosistemag`a tutastırılg`an, elektr quwatın paydalanıw 2,92 million kilovat-saattan 55 million kilovatt saatqa arttı. Diyqanshılıqtı ximiyalastırıw u`zliksiz artıp bardı. 1976-jılı avtonomiyalı respublikag`a 1965-jıldag`ıg`a qarag`anda 2,3 ese ko`p mineral to`ginler alıp kelindi. Kolxozlardın` ha`m sovxozlardın` doxodları ko`beydi, olardın` ekonomikası bekkemlendi. Respublika awıl xojalıg`ının` jetekshi tarawları bolg`an paxtashılıqta ha`m salıgershilikte a`dewir tabıslarg`a erisildi.

1975-jılı paxta jetistiriw joqarı pa`tler menen o`sti. Bul jılı zu`ra`a`tlilik gektarınan 31,1 tsentnerdi quradı ha`m ma`mleketlik tayarlaw punktlerine Qaraqalpaqstannın` pu`tkil tariyxında birinshi ret 386 mın` tonna paxta tapsırıldı. Paxtashılıqtı ha`m salıgershilikti tez pa`tler menen rawajlandırıw bag`darlamasın turmısqa asırıw menen birge avtonomiyalı respublikanın` miynetkeshleri awıl xojalıg`ının` basqa tarawların da ko`teriw ushın gu`res ju`rgizip atır.

1965-jılg`a qarag`anda palız jetistiriw 15 ese, palız eginleri o`nimlerin jetistiriw bir yarım ese arttı. Mal sharwashılıg`ın rawajlandırıwda unamlı na`tiyjelerge erisildi. Iri qara mallardın` bas sanı 32 protsentke, qoylardın` bas sanı 23 protsentke ko`beydi, olardın` o`nimdarlıg`ı arttı, mal sharwashılıg`ı o`nimlerin jetistiriw ha`m tayarlaw ko`beydi. Sharwashılıqtın` ot-jem bazasın bekkemlew, mallardı ku`tiwdi jaqsılaw, mal fermaları xızmetkerlerinin` qa`nigeligin arttırıw ma`selelerine kewil bo`liw ku`sheydi.

Mal sharwashılıg`ı kem-kemnen sanaat tiykarına o`tkerilip atır, u`sh mal sharwashılıq kompleksli, 100 mın` ma`kiyen tawıq sıyatug`ın qus fabrikasının` da`slepki na`wbeti paydalanıwg`a berildi, kolxozlar aralıq 4 ha`m sovxozlar aralıq bir mal semirtiw bazası du`zildi.

Barlıq kolxozlardın` predsedatelleri ha`m sovxozlardın` direktorları joqarı ja`ne orta mag`lıwmatqa iye, al solardın` ishinde ko`pshiligi arnawlı awıl xojalıg`ı bilimine iye. 1965-jılg`a qarag`anda kolxozlardag`ı ha`m sovxozlardag`ı qa`nigelerdin` sanı 2,3 ese, traktorshı-mashinistlerdin` ha`m kombayınshılardın` sanı 1,6 ese ko`beydi[1].

Biraqta tayarlang`an awıl xojalıq kadrlarının` ko`pshiligi basqa da mekemeler, tarawlarda qalıp ketetug`ın edi. Ha`mde kadrlar ko`p tayarlang`an menen to`mengi kadrlar menen ta`miyinlew az bolatug`ın edi. Sonın` ushın da texnikumlarda, proftexuchilisheler awıl xojalıg`ın tolıq kadrlar menen ta`miyinley almaytug`ın edi. Awıl xojalıq kadrların tayarlawg`a muxtajlıq ayrıqsha 60-80-jılları ku`sheydi.

1965-1975-jj. joqarı mag`lıwmat beretug`ın institutlar ashıldı. Tashkente, Samarqandta awıl xojalıg`ı institutı, irrigatsiya institutı, suw xojalıg`ı kadrların tayarlaytug`ın institutlar ashıldı. 1980-1985-jj. NMU joqarı mag`lıwmatqa iye 1251 spetsialist, sonın` ishinen 310 agronom, 313 injener ha`m mexanizatorlar, 511 den ziyat buxgalterler tayarlandı[2].

---

[1] Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы. Нөкис, 1992. 58-бет.
[2] Камалов Қ. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995, 341-бет.

Ha`zirgi waqıtta ha`mme bas spetsialistler – bas agronom, zootexnik, injener, mal doktorlar joqarı ha`m de orta mag`lıwmatlı. Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı Ministrliginin` mag`lıwmatı boyınsha sovxoz direktorları, kolxoz baslıqlarının` ko`pshiligi joqarı oqıw orınlarında sırttan oqıp, bilimin asırmaqta.

1965-jılı 300 qa`nige orta mag`lıwmat beriwshi oqıw orınlarında tayarlandı, al 1970-jılı 458, 1975-jılı 239 adam tayarlandı. Barlıg`ı bolıp tog`ızınshı bes jıllıqta awıl xojalıg`ına 444 pitkerip shıg`arılg`an kadrlar jiberildi. Olardın` ko`pshiligi ha`r tu`rli sebeplerge ko`re jumısların dawam etpegen, 1971-1975-jılları 124 adam ketip qalg`an, orta mag`lıwmat alg`an kadrlardan 260 adam awıl xojalıg`ınan ketken.

Mexanizator kadrların tayarlawda olardın` jasına qarap bo`listiriw u`lken a`hmiyetke iye boldı. Awıl jag`dayında jas u`lken aqsaqallar ta`jriybesi jas kadrlardı awıl xojalıq miynetine u`yretiwde u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Kadrlardı tayarlawda PTUlardın` roli kem boldı. 1965-1985-jılları bunday uchilishelerdin` sanı 4 ten 45 ke jetti, onda oqıytug`ınlar 160 tan 18 mın` adamg`a jetti[1].

Qaraqalpaqstanda mexanizator kadrlar menen ta`miyinlewdi analizlep ko`rilgende, xojalıqta islewshi kadrlar sanı kolxoz ha`m sovxozlar mu`ta`jligin ta`miyinley almaslıg`ın ko`rsetti. 100 traktorg`a ortasha 105-107 mexanizatordan tuwra keldi, bazı bir xojalıqlarda ha`r bir mashina o`z xojayına iye emes edi. Ha`r bir mashina 2 smenada islewi, kerek jag`dayda rezerv bolıwı ushın ja`nede mexanizator kadrların tayarlawg`a tuwra keler edi. Usı waqıtlarda kolxoz baslıqlarınan joqarı ha`m orta mag`lıwmatlar sanı 5 ma`rtebege ko`terildi, ha`mde 83% ti quradı 85% sovxoz direktorları joqarı mag`lıwmatlı edi.

Awıl xojalıg`ında orta zveno baslıqların tayarlaw, olardın` ta`jiriybesin arttırıw isi burıng`ı qa`lpinde qaldı.

1985-jılı Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ında 2684 kolxoz, sovxozlardag`ı brigadirlerinen 1528 adamında joqarı ha`m arnawlı bilim almag`an edi[1]. Ju`da`

[1] Ст. сб. народного хозяйства ККАССР за 1992 г. 56-бет.

a`stelik penen bo`lim baslıqları ha`m ferma baslıqların tayarlaw alıp barıldı. Mal sharwashılıg`ında da tap sonday awhal dawam etti. 384 ferma baslıg`ınan 25 adamı joqarı mag`lıwmatlı, ortasha ha`m arnawlı bilimge iye – 120 adam edi. Bul sonı ko`rsetip turıptı, mal sharwashılıg`ı artta qalıw sebebin.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw, jaylastırıw, olardın` ta`jriybesin asırıw avtonom respublika hu`kimetinin` qadag`alawında boldı. Ministrler sovetinin` 27 oktyabr` 1971-jılg`ı G`1971-1975-jılları kolxoz sovxozlar, basshı xızmetkerlerin tayarlaw, ta`jiriybesin arttırıwG` tuwralı qararı boyınsha awıl xojalıg`ı kadrların jetistiriw respublika awıl xojalıg`ına tiyisli organizatsiyalarg`a tapsırıldı.

Usı qararg`a baylanıslı 1975-jıl aqırında usıg`an tiyisli mekemeler 720 baslıqlar, 11,5 mın` mexanizator kadrlardı, 40 mın`nan aslam kolxozshılardı, sovxoz rabochiyların oqıtıp, bilimin jetilistirdi. Usının` ushın No`kis awıl xojalıg`ı texnikumında brigadirlar, ferma baslıqların oqıtatug`ın kurslar islep turdı.

1966-jılı joqarı ha`m orta bilimge iye qa`nigelerdin` pitkeriwshiler sanı 700 adam bolsa, 1985-jılı 5 mın` adamg`a jetti. Kolxoz ha`m sovxozlar 13 mın` adam joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatlı qa`nigeler xızmet etti, ha`r xojalıqqa 10 diplomlı qa`nigeler tuwra keldi. Usılay etip, tayarlang`an kadrlar ja`rdeminde awıl xojalıg`ı basshıların, awıl xojalıg`ın bekkemlewge erisildi.

1981-85-jılları awıl xojalıg`ı qa`nigelerinin` sanı 1,3 mın` adamdı quradı. Respublikada awıl xojalıg`ı kadrlarının` jetispewine qaramastan, tayarlang`an qa`nigelerdin` ko`pshiligi o`z tarawında islemedi.

Ulıwma alg`anda ha`r qıylı tarawlarda 2768 awıl xojalıg`ı kadrları o`z ka`sibinde islemedi. Al awıl xojalıq tarawında basshı xızmetlerde 3674 – is ta`jriybesi bar, biraqta joqarı, ha`mde orta mag`lıwmatqa iye bolmag`an adamlar isledi. Olar basshı xızmetkerlerdin` 39,3% quraytug`ın edi.

Ulıwma alg`anda awıl xojalıg`ında joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatqa, bilimge iye qa`nigeler isledi, bul bolsa xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` $\frac{1}{4}$

[1] Сонда, 58-бет.

bo`legin qurar edi. Awıl xojalıg`ın ko`teriwdin` birden bir jolı awıl xojalıg`ı basshılarının` da`rejesin ko`teriw, kolxoz, sovxozlardı agronom, zootexnik, injenerler menen tolıqtırıw edi.

Agronomlar, zootexnikler, injenerler awıl xojalıg`ında taza jumıs ta`rtibin engiziw, texnika ha`m bilim jetiskenliklerin engiziwshiler, sho`lkemlestiriwshiler edi.

Qaraqalpaq O`zsel`xoztexnika sistemasında ha`zirgi waqıtta 11 arnawlı stantsiya malsharwashılıg`ı tarawına arnalg`an. Stantsiyada usıg`an baylanıslı kerekli buyımlar, priborlar, instrumentler menen ta`miyinlengen. 1975-jılı malsharwashılıg`ı kolxoz ha`m sovxozlarda 60% ko`leminde xızmet etti. Awıl xojalıg`ı tarawına ja`ne de jan`a traktorlar, kombaynlar ja`nede t.b. awıl xojalıg`ı mashinaları jıl sayın alıp keliniwi ko`beymekte. Sonlıqtanda olarg`a texnik xızmet ko`rsetiw jolları ko`rip shıg`ılıp atır.

Kolxoz ha`m sovxozlardın` mashina-traktor parklarının` rawajlanıwı ha`m olardı paydalanıw, awıl xojalıq texnikalarının` sapasının` artıwı, remonttan shıqqan texnikalardın` jaqsı islewi, awılxojalıg`ı ha`m sel`xoztexnikag`a, onın` kadrlarının` aldına joqarı da`rejedegi talaplardı keltirip shıg`ardı.

Sanaat tarawının` islep shıg`arg`an texnik buyımları ishinde awıl xojalıg`ı buyımları ko`pshilikti quraydı, sonın` ushında awılxojalıg`ı texnikaların jetistirip beriw O`zsel`xoztexnikanın` tiykarg`ı wazıypası esaplanadı.

1966-1975-jılları O`zsel`xoztexnika awılxojalıg`ı ushın 404 mln rubl` mug`darında o`ndiriske kerekli zatlardı jetkerip berdi, 1966-1970-jılları 165 mln rubl`, 1971-1975-jj. 239 mln rubl` ko`leminde eetkerip berdi. Bul bolsa Ozsel`xoztexnika xızmetkerleri aldına elede awılxojalıg`ı buyımlarının` sapasın joqarılatıw wazıypasın ju`kledi.

O`zsel`xoztexnika sisteması kolxoz ha`m sovxozlarda malsharwashılıg`ı tarawında da texnikalıq ja`rdem beriwde u`lken jumıslar alıp bardı.

Tog`ızınshı besjıllıqta fermalarda 73 fermada montaj jumısları alıp barıldı. Bul bolsa bunnan aldın`g`ı besjıllıqqa salıstırg`anda 7,3 esege ko`p ekenligin

ko`rsetedi. 1975-jılı 1 mln 200 mın` rubl` montaj jumısları bejerildi. Awılxojalıq tarawına ko`p mug`darda qa`rejet jumsalıwı ko`zde tutılg`anına baylanıslı, ja`ne de awılxojalıg`ı qurılısının` ko`beyiwine baylanıstı, jan`a u`skeneler menen ta`miyinlew jumısların alıp barıw ushın «O`zsel`xoztexnika» tarawında komplektler menen ta`miyinlew bo`limi sho`lkemlestirildi.

1975-jılı bul bo`lim ta`repinen 35 ob`ekt buyımlar menen tolıq tapsırıldı[1], solardan 22 malsharwashılıg`ı ha`m quslardı o`siriw fermalarının` qurılıs jumısları, 3 neftebaza ha`mde kombikorm tayarlaytug`ın agregatlar boldı.

Kolxoz ha`m sovxozlardın` malsharwashılıq fermaların mexanizatsiyalastırıw «O`zsel`xoztexnika» tarawının` montajlaw bo`liminin` keleshekte ken`eytiriw wazıypasın qoyadı. U`lken malsharwashılıg`ı komplekslerinde, jjem tayarlaw tsexı ha`m punktlerinde kepek tayarlaw, da`ndi tazalaw, keptiriw tsexların rawajlandırıw talabı qoyıldı.

«Uzsel`xoztexnika» sisteması jumısı iske tu`siwden-aq kolxoz ha`m sovxozlarda jerlerdi qazıw, suwg`arıw jumısların bejeriw tapsırılg`an edi. Arnawlı bo`limler ha`m mexanizvtsiyalang`an otryadlar kolxoz ha`m sovxozlarda awılxojalıg`ı jumısları – jer awdarıwdan baslap egiw ha`m egindi jıynap alıw jumısların alıp bardı. Bul jumıslardı alıp barıw ushın «O`zsel`xoztexnika» ku`shli jer qazıw ekskavatorlar ha`mde basqada awılxojalıg`ı arnawlı texnikaları menen ta`miyinlendi. Ja`ne de joqarı kategoriyalı mexanizatorlar, xızmetkerlerge iye boldı.

Joqarıda ko`rsetilgen jumıslardı orınlawg`a «Uzsel`xoztexnika» rayonlıq bo`limlerinde arnawlı agrotexnikalıq xızmet ko`rsetiw bo`limleri, ximiyalıq ko`rsetiw jumısları menen birge bo`limler ashıldı.

«Uzsel`xoztexnika»nın` tiykarg`ı bo`limleri – bular arnawlı bo`limler, mexanizatsiyalang`an otryadlar bolıp, olar ha`zirgi zaman, u`lken, ko`p o`nimli, jer qazatug`ın, melioratsiyalıq jumıslar boyınsha ha`mde awılxojalıg`ına kerek bolg`an arnawlı texnikaları menen ta`miyinlengen bolıwı ko`zde tutılg`an boldı.

---

[1] О некоторых вопросах деятельности системы «Узсельхозтехники». Нукус, 1978. 34-бет.

Barlıq jan`a mashinalar satıwdan aldın torgbazlarda jıynalıp tekseriwden o`tkeriletug`ın edi. 1971-75-jılları awıl xojalıg`ına respublikanın` 1200 tu`rli mashinalar kiritildi[1].

Mexanizatorlar kadrların tayarlawdı jolg`a qoyıw maqsetinde Qaraqalpaq «Uzsel`xoztexnika» bo`limine mexanizatorlar tayarlaw jumısı ju`klendi.

1965-jıldan baslap Qaraqalpaq «Uzsel`xoztexnika» bo`limi mexanizatorlar tayarlaw, olardın` bilimin asırıw jumısların alıp bardı. Bunın` ushın usı jıllarda 9 oqıw klassları, Qaraqalpaq «Uzsel`xoztexnika»sında, ja`ne de kolxozlardın` o`zinde klasslar sho`lkemlestirildi.

Mexanizatorlar tayarlaw ha`m olardın` bilimin jetilistiriw bekitilgen joba ha`m bag`darlamalar tiykarında alıp barılıp, avtonom respublika, paxtashılıqqa, sol bag`darda alıp barıldı. Mexanizatorlardı oqıtıw kelisimli tu`rde kolxozlardın` esabınan o`ndirildi. Bir traktorshını 4 aylıq kursta, kelisimli bekitilgen tarif boyınsha «Uzsel`xoztexnika»g`a 132 rubl` to`lener edi. Bul qa`rejettin` ishine oqıtıwg`a ketken ha`mme rasxodlar kiretug`ın edi. Awqatqa oqıwshılar asxanag`a pul to`leytug`ın edi.

Aytıp o`tiw kerek, «Uzsel`xoztexnika»nın` rayonlıq bo`limlerinde mexanizatorlar tayarlaw boyınsha u`lesi ha`m ta`jiriybesi artıp, awılxojalıg`ı mexanizatorların tayarlawda olardın` u`lesi 40%ti tutadı.

1961-jılı aprel` ayında burıng`ı traktor remontlaw stantsiyası ornında «Soyuzsel`xoztexnika» siteması ha`m bo`limleri du`zildi. 1975-jıldın` 1-yanvarınan baslap «Uzsel`xoztexnika» Qaraqalpaq birlespesinde 8 arnawlı remontlaw birlespesi bolıp, onın` quwatlılıg`ı 3500 mın` remont jumısına, yag`nıy ortasha alg`anda ha`r birlespege 430 remont jumısları tuwra keldi. Ha`zirgi waqıtta remontlaw sho`lkemleri, arnawlı taraw esaplanıp, onda 450 adam miynet etedi («Uzsel`xoztexnika» jumısshıları ha`m xızmetkerleri).

«Uzsel`xoztexnika» Qaraqalpaq o`ndirislik birlespesinde 1975-jılı 1672 traktorlar, 459 paxta teriw mashinaları, 318 avtomashinalar remontlandı, isten

[1] Сол мийнетте, 43-бет.

shıqqan 245,3 mın` rubl`ge ten` remontlaw jumısları alıp barıldı. Aqırg`ı jıllarda «Uzsel`xoztexnika» o`ndirislik birlespesi kolxoz ha`m sovxozlardag`ı mashinalardı texnik ko`rikten o`tkerip remontlaw menen shug`ıllanadı. Bunday xızmet ko`rsetiw jumısları ha`r qıylı bolıp, jergilikli jag`daylarg`a, ol istin` ko`lemine, mug`darına, kolxoz ha`m sovxozlardın` texnik a`sbapları menen ta`miyinlengenligine, injenerlik xızmettin` awhalına baylanıslı alıp barıladı.

Bul tarawdag`ı islengen jumıslardı juwmaqlap aytatug`ın bolsaq, bul jılları respublika awıl xojalıg`ın ko`teriwge baylanıslar ila`jlarg`a kelsek, birinshi gezekte awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` jaratılıwı, bul tarawdı kerekli texnikalar menen ta`miyinlew, olardı tuwrı paydalanatug`ın qa`nigelerdi tayarlaw kerek edi. Bul ma`selede O`zbekistan respublikası onın` basshıları jeterli da`rejede ja`rdem bergenligin ko`remiz. Qol miynetin jen`illestiriw, awıl xojalıg`ın mexanizatsiyalastırıw ma`seleleri a`melge asırıldı. A`kelingen texnikalarg`a jeterli da`rejede remontlaw bazası ha`m texnik ja`rdem sho`lkemlestiretug`ın «Uzsel`xoztexnika» birlespesinin` sho`lkemlestiriliwi, texnikanı a`keliw, remontlaw ha`m kerek texnik kadrlardı tayarlawda u`lken xızmetinin` bar ekenligi ko`rsetip berilgen. Bul tarawda a`sirese 60-jıllardın` ekinshi yarımı 70-jıllarda jeterli da`rejede jumıs alıp barıldı.

# U`SHINSHI BAP. RESPUBLIKADA 1950-70-JILLARDA AWIL XOJALIG`ININ` RAWAJLANIWINA BAYLANISLI TALAPQA JUWAP BERETUG`IN QA`NIGELI KADRLARDI TAYARLAWDA KO`RILGEN ILA`JLAR, TA`JIRIYBE HA`M MASHQALALAR

## 3.1. Respublika awıl xojalıg`ına ko`plep jan`a texnikalardın` keliwine baylanıslı massalıq qa`nigeliktegi kadrlardı tayarlaw ila`jları

Qaraqalpaqstanda awıl xojalıq o`nimlerin jetistiriw ushın jerden o`nimli paydalanıw, texnika paydalanıwdı talap etetug`ın edi. Sonın` ushın da awıl xojalıq kadrların tayarlaw jumısı hu`kimet ha`m basqada awıl xojalıq organlarının` kewil bo`letug`ın wazıypası edi.

Kadrlardı tayarlawdın`, olardın` ishinen uqıplı, qolınan jumıs keletug`ın kadrlardı tayarlawg`a SSSR Ministrler Sovetinin` 2 iyul` 1959-jılı shıg`arılg`an «Paxtashılıq – rawajlandırıwda mexanizatsiyanı qollanıw tuwralı qararı»[1] ha`m Qaraqalpaqstan Ministrler Sovetinin` «Paxta teriminde mexanizatsiyanı qollanıw» tuwralı qararları u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Ja`ne de u`lken a`hmiyetke «Uzsel`xoztexnika»nı tarawın ku`sheytiw ha`mde jan`adan remont etetug`ın masterskoylardı qurıw, avtomobillerdi texnik qadag`alawg`a iye boldı. Respublika awıl xojalıg`ında «Uzsel`xoztexika» injener texnik ha`m agroximik jumıslarında u`lken ku`shke iye boldı.

Awıl xojalıg`ı ushın mexanizatorlar tayarlawg`a u`lken a`hmiyet berildi. Mexanizatorlar sanın ko`beytiw menen bir qatarda olardın` sapasın ko`teriwge kewil bo`lindi.

Artta qalg`an awıl xojalıg`ında kvalifikatsiyag`a iye qa`nigeler menen bekkemlewge u`lken kewil bo`lindi. 1961-1963-jılları 65 kolxoz ha`m sovxoz baslıqları usınday kadrlar menen almastırıldı ha`m 308 sovxoz bo`limi, brigada, ferma, zven`yada (almastırıw) baslıqlar saylandı.

---

[1] Народное хозяйство ККАССР за 60 лет. Нукус, 1984, 136-бет.

1963-jılı xojalıq basqarmasınan artta qalg`an xojalıqlardı bekkemlew ushın 250 awıl xojalıq kadrları jiberildi[1].

Awıl xojalıg`ında mexanizatsiyanı ken`nen qollanıw, tarawda awıl xojalıg`ında ximiyanı qollanıw, irrigatsiya ha`m melioratsiyanı qollanıw awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Kadrlardı tayarlawda ma`mleket sho`lkemleri tamanınan, ayrıqsha awıl jaslarınan tayarlawg`a u`lken kewil bo`lindi.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawdın` o`siwi tuwralı mag`lıwmatlarg`a qarag`anda: eger 1965-1985-jj. Joqarı oqıw orınların pitkerip shıqqanlar sanı 28155 ti qurag`an bolsa, arnawlı oqıw orınların pitkeriwshiler sanı 167440 adamdı quradı[2].

1985-jılg`a kelip kadrlardı tayarlaw Qaraqalpaqstanda 1966-jılg`a qarag`anda 3 ma`rtebe astı. 1985-jılı awıl xojalıg`ında joqarı mag`lıwmatqa iye 5 mın` spetsialist, orta mag`lıwmatqa iye 8 mın` spetsialist bar edi.

Sonın` menen bir qatarda ken` masshtabta traktor aydawshılardı, kombain aydawshılardı, shoferlardı tayarlaw ju`rgizildi, iske asırıldı. Usının` menen birge awıl xalqının` sawatlandırıw ha`m de awıl xojalıg`ı ushın kadrlar tayarlawg`a ko`p kewil bo`lindi.

Awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ushın mexanizatorlar tayarlaw u`lken a`hmiyetke iye edi. 50-jıllar aqırında – 60 jıllar basında O`zbekistanda, onnan keyin Qaraqalpaqstanda mexanizator hayallar tayarlawg`a u`lken a`hmiyet berildi. Birinshiden bolıp bul tarawdı Tursınay Axunova basqardı. Mexanizator tarawında hayallardın` ko`pshilikti qurawı da u`lken rol` oynadı.

Sonın` menen birge hayallardın` jumıs islewine jag`daylar joq da`rejede edi. Balalar baqshalar, mekteplerde sabaqtan keyin uzaytılg`an klasslar jetispeytug`ın edi. Ja`ne de erkekler arasında mexanizator hayallarg`a ko`z qaras basqasha edi. Traktor ha`m mashinalarda hayallar islewine qolaylı sharayatlarda ko`zde

[1] 1 ст. сб. социальной статистики республики Каракалпакстан. Нукус, 1992, 36-бет.
[2] См. Народное хозяйство ККАССР. Нукус, 1984, 322-бет.

tutılmag`an edi: jen`il basqarılatug`ın mashinalar, traktorlar kem edi. 1965-1975-jj. mexanizatorlar sanı 20 mın` adamg`a ko`beydi. Ayrıqsha bul ko`beyiwi sovxozlarda 2 esege ko`beydi.

**Mexanizator kadrların tayarlaw barısı kolxoz ha`m sovxozlarda mın` adamg`a**[1]

| jıllar | 1965 | 1970 | 1975 | 1980 | 1985 |
|---|---|---|---|---|---|
| ha`mmesi | 2000 | 2200 | 2610 | 6817 | 9459 |

Biraqta tayarlang`an awıl xojalıq kadrlarının` ko`pshiligi basqa da mekemeler, tarawlarda qalıp ketetug`ın edi. Ha`mde kadrlar ko`p tayarlang`an menen to`mengii kadrlar menen ta`miyinlew az bolatug`ın edi.

Kolxozlar menen sovxozlardı massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen ta`miyinlew mashqalası keleshekte de og`ada qıyın ma`sele bolıp qala beriwi mu`mkin. Sonlıqtan usı mashqalanı sheshiw u`stinde sistemalı tu`rde jumıs ju`rgizilip bardı. Respublika hu`kimeti alda turg`an wazıypalar talabına sa`ykes kolxozlar menen sovxozlardı massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen ta`miyinlewdin` uzaq mu`ddetli bag`darlamasın islep shıqtı, olardı tayarlaw ha`m qayta tayarlawdın`, kadrlardın` awıllarda ornalasıp qalıwları ushın jag`day du`zip beriwdin` anıq ha`m ta`sirshen` sistemasın belgilep berdi. Alıp barılg`an jumıslardın` na`tiyjesinde avtonomiyalı respublikada tiykarınan massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen islesiwdin` belgili bir sisteması qa`liplesti, ol sistema awıllıq ka`sip-texnikalıq uchilishe, awıllıq orta mekteplerdin` oqıw-o`ndirislik brigadaları, awıl xojalıq ilimler universiteti, aldın`g`ı ta`jiriybe mektepleri, mexanizatorlıq g`alaba oqıw sıyaqlı formaların o`z ishine aladı. Mexanizatorlardı (traktorshılar) oqıtıp shıg`arıw jıldan-jılg`a ko`beymekte. Eger 1975-jılı awıllıq ka`sip-texnikalıq uchilisheler 3,8 mın` adam oqıtıp shıg`arg`an bolsa, 1980-jılı 5,8

---

[1] Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы. Нөкис, 1992, 58-бет.

mın` adam oqıtıp shıg`ardı. Tek 1980-jıldın` o`zinde sovxozlar menen kolxozlar 5064 traktorshı tayarlap shıg`ardı, yag`nıy 1980-jılı g`alaba oqıw sistemasında 8561 mexanizator oqıdı[1]. Sonın` menen birge 1971-1975-jıllarda G`O`zsel`xoztexnikaG` birlespesinde 7150 adam, sonın` ishinde 5144 traktorshı tayarlandı[2]. Biraq mexanizator kadrlarının` qolda bar mug`darı avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` talapların qanaatlandıra almadı. 1981-jıldın` basında 5498 traktorshı jetispeytug`ın edi. Mexanizatorlardı awıllıq ka`sip texnikalıq uchilisheler arqalı tayarlaw – kolxozlar menen sovxozlardı joqarı qa`nigeli kadrlar menen tolıqtırıwdın` tiykarg`ı jolı.

Partiya sho`lkemlerinin` awıl xojalıg`ı ushın mexanizatorlar armiyasın tayarlaw boyınsha ku`sh salıwları onın` san jag`ınan o`siwin ta`miyinledi. Bunday kadrlardı san jag`ınan o`siriw menen bir qatarda olardın` sapa jag`ınan tayarlıg`ın tu`p-tiykarınan jaqsılawg`a ayrıqsha dıqqat awdarıldı. A`miwda`r`ya rayonının` Krupskaya atındag`ı sovxozının` ataqlı mexanizatorı, Sotsialistlik Miynettin` qaharmanı Ayım Kamalovanın`, «Qon`ırat» sovxozınan E.Danilenkonın`, Xojeli rayonının` Lenin atındag`ı kolxozınan Yu.Matkarimovtın` baslamaları ha`r bir mashinadan na`tiyjeli paydalanıw ushın mexanizatorlar ha`reketinin` en jaydırılıwında jan`a betti ashıp berdi[3].

Sovet sho`lkemlerinin` talapları tiykarında ha`r bir xojalıqtın` ishki rezervleri menen mu`mkinshiliklerin ashıp ko`rsetiw boyınsha u`lken jumıs ju`rgizildi[4].

1959-1965-jıllarda O`zbekistan, sonın` ishinde Qaraqalpaqstan da elimizdin` shiyki zat orayı boldı. Paxta jetistiriw boyınsha O`zbekistan jetti ha`m ma`mleketke 23674,9 mın` tonna paxta tapsırdı. Tek 1965-jıldın` o`zinde 3902,5 mın` tonna shigitli paxta jetistirildi. Qaraqalpaqstan jeti jıl ishinde 1558 mın` tonna paxta tapsırdı. Orta esap penen ha`r jılg`ı jetistirilgen paxta 222,5 mın` tonnanı

---

[1] ҚҚАССР Аўыл хожалық министрлигиниң 1980-жылғы есабынан.
[2] О некоторых вопросах деятельности системы «Узсельхозтехника». Нукус: Каракалпакстан, 1976, 44-бет.
[3] Советская Каракалпакия газетасы, 1975, 27-декабрь.
[4] Бул да сонда, 1960, 19-февраль.

quradı. Eger 1959-jılı respublika ma`mleketke 220 mın` tonna paxta tapsırg`an bolsa, 1965-jılı ol 260 mın` t. boldı.

Bilimnin`, texnikanın` o`sip rawajlanıp barıw jag`dayında rabochiy kadrlarg`a, awıl xojalıg`ı qa`nigelerine talap o`sip bardı. Usı jag`dayda ha`r ta`repleme bilimli, kvalifikatsiyası joqarı texnikanı jaqsı men`gerip baratug`ın kadrlarg`a talap ku`sheydi.

Mexanizator kadrlardı tayarlawda respublikada komsomollar u`lken rol oynadı. O`zbekistanda awılda jasawshı jaslarg`a qarata mexanizator paxtakeshleri sletında bılay delindi: «Ha`r bir slet qatnasıwshısı u`sh mexanizatordı o`z qaramag`ına alıp basshılıq, qa`wenderlik etsin. Bizlerdin` izlerimizge erin`ler, atız qaharmanları». Bul aytılg`an so`zler jas mexanizatorlar tamanınan qollap quwatlandı. 1968-jılı komsomol sho`lkemlerinin` aktiv qatnasıwında 1897 mexanizatorlar tayarlandı, bilimin de asırdı, 1970-jılı – 2200, al 1975-jılı – 3,6 mın`[1].

A`sirese jergilikli millet qızlarına ko`p kewil bo`lindi, tek g`ana «Polyarnaya zvezda» kolxozı, Orta Chirchik rayonında du`zilgen uchilishe 400 mexanizator qızlardı tayarladı.

Respublika kolxoz ha`m sovxoz basshıları awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda ha`r qıylı oqıtıw tu`rlerinen paydalandı. Mısalg`a A`miwda`r`ya rayonında Ayım Kamalava baslaması menen Krupskaya atındag`ı kolxozda traktorshı qızlar tayarlaytug`ın kurslar ashıldı. 1966-1968-jıllarda avtonom respublikada onnan ko`p hayal-qızlar brigada, zveno baslıqları wazıypasın bejerdi. Usınday brigadanın` birewin Beruniy rayonı Budennıy atındag`ı sovxozda Perdegu`l` Rozımova basqardı. Keyinshelik ol Miynet qaharmanı atag`ın aldı.

Ja`ne de Kegeyli rayonı Jumanazarov atındag`ı sovxozda Saliyma Sherbaeva mexanizatorlar kursın tamamlap zveno, brigada baslıg`ı wazıypasın atqarıp, keyinshelik sol sovxozda partiya sho`lkemin basqardı. Shımbay rayonınan

[1] Народное хозяйство ККАССР за 60 лет.. Нукус, 1984, 118-бет.

«Mayjap» sovxozınan Raygu`l` Jumamuratova mexanizator kursın pitkerip salının` brigadiri bolıp isledi, keyinshelik usı sovxozda direktor wazıypasın pitkerdi.

Usı jıllar dawamında respublikada jaqsı u`rdis qa`liplesti, bul boyınsha ta`jriybeli masterler jaslardı qa`wenderlikke aldı. Ja`miyetlik sho`lkemler veteranlar baslaması quwatlap turdı, olardı baspada, radio ha`m televideniede propaganda etip turdı.

1971-1975-jılı 1172 spetsialist o`zinin` bilimin asırg`an, solardın` ishinen 37 sovxoz direktorı, 30 kolxoz baslıqları, 243 agronom, 159 zootexnik, 200 vetvrach, 286 mexanik bolg`an.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda awıllarda orta mektepler u`lken rol` oynadı. 1965-1975-jj. Qaraqalpaqstanda 74,2 mın` orınlıq taza mektepler, solardan 21,1 mın` orınlıq mektep kolxozlar esabınan qurıldı. Kadrlar tayarlawda SPTUdın` a`hmiyeti awıl ushın u`lken a`hmiyetke iye boldı.

1965-1966-jj. respublikada 4 SPTU bar bolıp, olarda 1,6 mın` adam oqıdı. Bul uchilishe mexanizatorlar, tokarlar, elektrikler, sut sawıw mashina menen, qus fermaları operatorların tayarladı. Tek g`ana 1965-70-jj. SPTU Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ı ushın 4,1 mın` spetsialistlerdi tayarlap berdi. 1969-jılı respublika kolxozları ha`m sovxozlarına 2127 traktorshılar, mexanikler, paxta teriw mashinaların basqarıwshılardı, SPTU pitkeriwshilerin jiberdi[1].

1968-1969-jj. SPTUlarda ha`m rayon bo`limlerindegi G`UzselxoztexnikaG` kurslarında 2470 kvalifikatsiyanı jumısshılar tayarlang`an, sonın` ishinde 1820 traktorit mashinistler, 150 kobaynler, 500 paxta teriw mashinaların aydawshı mexanizatorlar.

Biraz respublikadag`ı SPTU bazasında jas paxtakeshler kvalifikatsiyasın asıratug`ın kurslar uyımlastırıldı. Solardan Kegeyli rayonındag`ı Xalqabad sovxozındag`ı 1970-jıdı du`zilgen SPTUdın` isleri, ta`jiriybesin aytıp, ko`rsetip o`tiwge boladı. Bul uchilishede traktorshı-mashinistler, slesarlar, paxta teriw mashinaları mexaniklerin tayarlap shıg`ardı. Ha`r jılı ko`p ka`sipke iye

[1] Сол китапта, 75-бет.

qa`nigelerdi tayarlaytug`ın jan`adan SPTUlar ashıla basladı. 1976-1980-jılları tek mexanizatorlardan 10769 adam tayarlandı.

Bul jerde sonı da ko`rsetip o`tiw orınlı, SPTUda tayarlang`an kadrlardın` sapası pa`s, to`men da`rejede edi. Mısalı 1983-jılı 2098 adamnan SPTU pitkergenlerden, 1980 traktoristlerden ha`r qıylı sebeplerge baylanıslı 568 shıg`ıp ketken.

Respublikada barlıg`ı bolıp segizinshi ha`m tog`ızınshı besjıllıqta SPTUlarda, sovxoz, kolxozlar kursında 139,4 mın` qa`nigeler ha`m basshı xızmetkerler tayarlandı. Eger 1965-1966-oqıw jılında 10,4 mın` adam tayarlang`an bolsa, al 1970-jılı 11,2 mın`, 1971-jılı 30 mın`, 1975-jılı 10 mın` adam tayarlandı.

60-80-jıllarda awıl intelligentsiyası ha`m awıl xızmetkerleri sanı o`sip bardı (agronomlar, zootexnikler, veterinar xızmetkerleri, injenerler, mexanikler, ekonomistler).

Joqarı mag`lıwmatlar qa`nigeler sanı awıl xojalıg`ında 1965-jılı 605 adam, 1970-jılı 926 adam, 1975-jılı 1526 adam, 1980-jılı 2280 adam, 1983-jılı 2774 adamg`a o`sti. Orta mag`lıwmatlı qa`nigeler bolsa usı jıllarda: 1788, 2539, 3942, 5630, 6841[1]. Mexanizator kadrların tayarlawda olardın` jasına qarap bo`listiriw u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Texnikalıq progress tiykarında paxtashılıqtı bunnan bılay da rawajlandırıw ma`seleleri avtonomiyalı respublika hu`kimetinin`, jergilikli partiya komitetlerinin`, awıl xojalıq organları basshılarının` dıqqat orayında turdı.

Hu`kimettin` awıl xojalıq o`ndirisinin` barlıq tarawının`, sonın` ishinde paxtashılıqtın` da intensivliligi menen na`tiyjeliligin arttırıwg`a bag`darlang`an kursın iske asırıw ushın ken` mu`mkinshilik ashıp berdi. O`zbekistan Kompartiyası Oraylıq Komitetinin` arnawlı komissiyası paxtashılıqtı kompleksli mexanizatsiyalawshı jag`dayın u`yrenip shıqtı ha`m 1968-1976-jıllarda onı rawajlandırıwdın` tiykarg`ı bag`darları boyınsha usınıslar islep shıqtı.

---

[1] Народное хозяйство ККАССР за 60 лет. Нукус, 1984, 117-бет.

Respublika hu`kimetinin` turaqlı ha`m printsipial jolı awıl xojalıq organlarının` ku`sh-jigerin kompleksli mexanizatsiyalawdın` konkret mashqalaların sheshiwge ja`mlewge mu`mkinshilik berdi.

MTSlardın` tarqatılıwı ha`m texnikanın` kolxozlarg`a satılıwı menen mashinalardan paydalanıw, saqlaw ha`m remontlaw ushın jan`a jag`daylar qa`liplesti. Kolxozlar menen sovxozlardın` mashina-traktor parkinen paydalanıw da`rejesin arttırıw u`lken xalıq xojalıq wazıypa, awıllardag`ı agrarlıq siyasattın` tiykarg`ı ma`selelerinin` biri boldı. 1961-jılı du`zilgen «Sel`xoztexnika» sisteması awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasının` rawajlanıwında jan`a basqıshtı ashıp berdi.

1961-jıldın` aprelinde Qaraqalpaqstanda respublikalıq G`O`zsel`xoztexnikaG` birlespesi, rayonlarda onın` bo`limsheleri du`zildi (burıng`ı traktor-remontlaw stantsiyaları (RTS) bazasında). Respublika partiya komiteti ha`m hu`kimeti olardın` sho`lkemleskenlik jag`ınan bekkemlewine u`lken g`amxorlıq ko`rsetti.

Ministrler Sovetinin` «Awıl xojalıg`ında texnikadan paydalanıwdı jaqsılaw ilajları haqqında» (1970-jıl 20-iyul`) qararına tiykarlana otırıp, respublika hu`kimeti respublikada awıl xojalıq texnikaların remontlaw bazasın bunnan bılay da rawajlandırıw jolların belgilep berdi. «O`zsel`xoztexnika» ka`rxanalarının` quwatlılıg`ın arttırıw ha`m jan`a remontlaw ustaxanaları menen zavodlar, avtonombillerge texnikalıq xızmet ko`rsetiw stantsiyaların qurıwg`a a`hmiyetli orın berildi. «O`zsel`xoztexnika» respublika xojalıqlarında injenerlik-texnikalıq ha`m agroximiyalıq xızmet ko`rsetiw sistemaların du`ziwde sheshiwshi ku`sh boldı.

Respublika hu`kimeti texnikadan paydalanıwdın` na`tiyjeliligin arttırıwg`a, onda mashinalardın` joqarı o`nimdarlı jumıs islewi olardın` sheberligi menen qa`nigeligine baylanıslı bolg`an mexanizatorlardın` rolin arttırıwg`a mudamı kewil awdarıp otırdı. Xojalıqlarda massalıq qa`nigeliktegi kadrlardın` tayarlanıwı ha`m bekkemleniwi is ju`zinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwdın` barlıq baslı

ma`selelerin sheshti. Bull ma`sele de barg`an sayın o`sip baratırg`an a`hmiyetke iye bola berdi.

Kolxozlar menen sovxozlardı massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen ta`miyinlew mashqalası keleshekte de og`ada qıyın ma`sele bolıp qala beriwi mu`mkin. Sonlıqtan usı mashqalanı sheshiw u`stinde sistemalı tu`rde jumıs ju`rgizilip bardı. Respublika hu`kimeti alda turg`an wazıypalar talabına sa`ykes kolxozlar menen sovxozlardı massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen ta`miyinlewdin` uzaq mu`ddetli bag`darlamasın islep shıqtı, olardı tayarlaw ha`m qayta tayarlawdın`, kadrlardın` awıllarda ornalasıp qalıwları ushın jag`day du`zip beriwdin` anıq ha`m ta`sirshen` sistemasın belgilep berdi. Alıp barılg`an jumıslardın` na`tiyjesinde avtonomiyalı respublikada tiykarınan massalıq qa`nigeliktegi kadrlar menen islesiwdin` belgili bir sisteması qa`liplesti, ol sistema awıllıq ka`sip-texnikalıq uchilishe, awıllıq orta mekteplerdin` oqıw-o`ndirislik brigadaları, awıl xojalıq ilimler universiteti, aldın`g`ı ta`jiriybe mektepleri, mexanizatorlıq g`alaba oqıw sıyaqlı formaların o`z ishine aladı. Mexanizatorlardı (traktorshılar) oqıtıp shıg`arıw jıldan-jılg`a ko`beymekte. Eger 1975-jılı awıllıq ka`sip-texnikalıq uchilisheler 3,8 mın` adam oqıtıp shıg`arg`an bolsa, 1980-jılı 5,8 mın` adam oqıtıp shıg`ardı. Tek 1980-jıldın` o`zinde sovxozlar menen kolxozlar 5064 traktorshı tayarlap shıg`ardı, yag`nıy 1980-jılı g`alaba oqıw sistemasında 8561 mexanizator oqıdı[1]. Sonın` menen birge 1971-1975-jıllarda G`O`zsel`xoztexnikaG` birlespesinde 7150 adam, sonın` ishinde 5144 traktorshı tayarlandı[2]. Biraq mexanizator kadrlarının` qolda bar mug`darı avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` talapların qanaatlandıra almadı. 1981-jıldın` basında 5498 traktorshı jetispeytug`ın edi. Mexanizatorlardı awıllıq ka`sip texnikalıq uchilisheler arqalı tayarlaw – kolxozlar menen sovxozlardı joqarı qa`nigeli kadrlar menen tolıqtırıwdın` tiykarg`ı jolı edi.

---

[1] ҚҚАССР Аўыл хожалық министрлигиниң 1980-жылғы есабынан.
[2] О некоторых вопросах деятельности системы «Узсельхозтехника». Нукус: Каракалпакстан, 1976, 44-бет.

Qaraqalpaqstan jeti jıl ishinde 1558 mın` tonna paxta tapsırdı. Orta esap penen ha`r jılg`ı jetistirilgen paxta 222,5 mın` tonnanı quradı. Eger 1959-jılı respublika ma`mleketke 220 mın` tonna paxta tapsırg`an bolsa, 1965-jılı ol 260 mın` t. boldı.

Rayonlıq «Sel`xoztexnika» birlespeleri mashina-traktor parkine planlı-texnikalıq xızmet ko`rsetiwdi sho`lkemlestiriwde ha`m awıl xojalıq o`ndirisin kompleksli mexanizatsiyalawdın` qıyın ma`selelerin sheshiwde kolxozlar menen sovxozlardın` injener-texnik xızmetkerlerine turaqlı ja`rdem ko`rsetip turılmadı.

Respublikada massalıq qa`nigeliktegi mexanizatorlar tayarlaw ha`m olardın` mamanlıg`ın arttırıwdın` u`zliksiz ha`reket etiwshi sisteması du`zildi. Traktorshılar, mashinistler ha`m mexanizatorlardın` jan`a texnika menen minnettin` aldın`g`ı usılların o`z waqtında u`yrenip barıw sho`lkemlestirildi.

Awıl xojalıg`ın texnikalıq qurallandırıwda Qaraqalpaqstang`a tuwısqan respublikalar u`lken ja`rdem ko`rsetti, olar diyxanlarg`a 100 ge jaqın atamadag`ı ha`r qıylı mashinalar menen olardın` zapas bo`leklerin jetkerilip berildi.

Tek g`ana 1965-70-jj. SPTU Qaraqalpaqstanda awıl xojalıg`ı ushın 4,1 mın` spetsialistlerdi tayarlap berdi. 1969-jılı respublika kolxozları ha`m sovxozlarına 2127 traktorshılar, mexanikler, paxta teriw mashinaların basqarıwshılardı, SPTU pitkeriwshilerin jiberdi[1].

1968-1969-jj. SPTUlarda ha`m rayon bo`limlerindegi G`UzselxoztexnikaG` kurslarında 2470 kvalifikatsiyanı jumısshılar tayarlang`an, sonın` ishinde 1820 traktorit mashinistler, 150 kobaynler, 500 paxta teriw mashinaların aydawshı mexanizatorlar.

Biraz respublikadag`ı SPTU bazasında jas paxtakeshler kvalifikatsiyasın asıratug`ın kurslar uyımlastırıldı. Solardan Kegeyli rayonındag`ı Xalqabad sovxozındag`ı 1970-jıdı du`zilgen SPTUdın` isleri, ta`jiriybesin aytıp, ko`rsetip o`tiwge boladı. Bul uchilishede traktorshı-mashinistler, slesarlar, paxta teriw mashinaları mexaniklerin tayarlap shıg`ardı. Ha`r jılı ko`p ka`sipke iye

[1] Сол китапта, 75-бет.

qa`nigelerdi tayarlaytug`ın jan`adan SPTUlar ashıla basladı. 1976-1980-jılları tek mexanizatorlardan 10769 adam tayarlandı. Bul jerde sonı da ko`rsetip o`tiw orınlı, SPTUda tayarlang`an kadrlardın` sapası pa`s, to`men da`rejede edi.

Respublika awıl xojalıg`ında «Uzsel`xoztexnika» injener texnik ha`m agroximik jumıslarında u`lken ku`shke iye boldı.

Awıl xojalıg`ı ushın mexanizatorlar tayarlawg`a u`lken a`hmiyet berildi. Mexanizatorlar sanın ko`beytiw menen bir qatarda olardın` sapasın ko`teriwge kewil bo`lindi.

Artta qalg`an awıl xojalıg`ında kvalifikatsiyag`a iye qa`nigeler menen bekkemlewge u`lken kewil bo`lindi. 1961-1963-jılları 65 kolxoz ha`m sovxoz baslıqları usınday kadrlar menen almastırıldı ha`m 308 sovxoz bo`limi, brigada, ferma, zven`yada (almastırıw) baslıqlar saylandı. 1963-jılı xojalıq basqarmasınan artta qalg`an xojalıqlardı bekkemlew ushın 250 awıl xojalıq kadrları jiberildi[1].

Awıl xojalıg`ında mexanizatsiyanı ken`nen qollanıw, tarawda awıl xojalıg`ında ximiyanı qollanıw, irrigatsiya ha`m melioratsiyanı qollanıw awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Taza oqıw orınlarının` ashılıw na`tiyjesinde 1965-1966-jılları olarda barlıg`ı bolıp 3000 g`a jaqın jaslar oqısa, 1981-jılg`a kelip olardın` sanı 15 mın`nan asıp ketti. Qa`nigelestirilgen tazadan ashılg`an, ja`ne de burınnan islep kiyatırg`an texnikumlar 1970-jıllardın` aqırına kelip, xalıq xojalıg`ının` ha`mme tarawlarına ko`plep kadrlardı o`zimizde tayarlap beriwge eristi.

Usı islengen ilajlardın` barlıg`ı xalıq xojalıg`ının` kadrlarg`a bolg`an talabın tolıq qanaatlandırıp, bir ma`seledegi kemshiligimizdi ku`n ta`rtibinen alıp tasladı. Degen menen tayarlang`an kadrlardı jumıs penen ta`miyin etiw baslı ma`sele bolıp kelmekte. Ha`zir du`n`ya ju`zlik ekonomikalıq-finans krizisi da`wirin jaslardı jumıs penen ta`miyin etiw tuwralı o`z miynetinde «En` iuqımı, qayta islew ka`rxanaların sho`lkemlestiriw arqalı biz en` a`weli jumıs orınlarına talap barha`

---

[1] 1 ст. сб. социальной статистики республики Каракалпакстан. Нукус, 1992, 36-бет.

u`lken bolg`an awıllarda jaslardı jumıs penen ta`miyinlew mashqalasın hal etiw imkaniyatına iye bolamız»[1].

Awıl jag`dayında jas u`lken aqsaqallar ta`jiriybeli jas kadrlardı awıl xojalıq miynetine u`yretiwde u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Kadrlardı tayarlawda PTUlardın` roli kem boldı. 1965-1985-jılları bunday uchilishelerdin` sanı 4 ten 45 ke jetti, onda oqıytug`ınlar 160 tan 18 mın` adamg`a jetti[2].

Qaraqalpaqstanda mexanizator kadrlar menen ta`miyinlewdi analizlep ko`rilgende, xojalıqta islewshi kadrlar sanı kolxoz ha`m sovxozlar mu`ta`jligin ta`miyinley almaslıg`ın ko`rsetti. 100 traktorg`a ortasha 105-107 mexanizatordan tuwra keldi, bazı bir xojalıqlarda ha`r bir mashina o`z xojayına iye emes edi. Ha`r bir mashina 2 smenada islewi, kerek jag`dayda rezerv bolıwı ushın ja`nede mexanizator kadrların tayarlawg`a tuwra keler edi.

Qaraqalpaqstanda kadrlar tayarlaw ushın Rossiya, Ukraina, Belorussiya, O`zbekistan, Qazaqstan joqarı oqıw orınları qatnastı, 1965-80-jılları usı respublika VUZları 15 mın`nan aslam qa`nigeler tayarlap berdi, sonın` ishinde awıl xojalıq qa`nigeleri (agronom, zootexnik, veterinar xızmetkerleri, jer qurılısı, irrigatorlar, injenerler, ekonomistler tayarladı).

1981-1985-jılları awıl xojalıg`ı qa`nigelerinin` sanı 1,3 mın` adamdı quradı. Respublikada awıl xojalıg`ı kadrlarının` jetispewine qaramastan, tayarlang`an qa`nigelerdin` ko`pshiligi o`z tarawında islemedi. Mısalg`a alg`anda, qurılıs tarawında – 788, sanaat islep shıg`arıw tarawında – 493, transportta – 221, basqa da ministrliklerde, mekemelerde isledi. Gosstrax sistemasında 11 agronom, 3 shelkovod, 2 zootexnik, 4 veterinar, sawda tarawında – 106 awıl xojalıg`ı qa`nigeleri isledi.

Ulıwma alg`anda ha`r qıylı tarawlarda 2768 awıl xojalıg`ı kadrları o`z ka`sibinde islemedi. Al awıl xojalıq tarawında basshı xızmetlerde 3674 – is

[1] Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. Тошкент: Ўзбекистон, 2009.
[2] Ст. сб. 118-бет.

ta`jiriybesi bar, biraqta joqarı, ha`mde orta mag`lıwmatqa iye bolmag`an adamlar isledi. Olar basshı xızmetkerlerdin` 39,3% quraytug`ın edi. Usı waqıtlarda kolxoz baslıqlarınan joqarı ha`m orta mag`lıwmatlar sanı 5 ma`rtebege ko`terildi, ha`mde 83% ti quradı 85% sovxoz direktorları joqarı mag`lıwmatlı edi.

Awıl xojalıg`ında orta zveno baslıqların tayarlaw, olardın` ta`jiriybesin arttırıw isi burıng`ı qa`lpinde qaldı.

1985-jılı Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ında 2684 kolxoz, sovxozlardag`ı brigadirlerinen 1528 adamında joqarı ha`m arnawlı bilim almag`an edi[1].

Ju`da` a`stelik penen bo`lim baslıqları ha`m ferma baslıqların tayarlaw alıp barıldı. Mal sharwashılıg`ında da tap sonday awhal dawam etti. 384 ferma baslıg`ınan 25 adamı joqarı mag`lıwmatlı, ortasha ha`m arnawlı bilimge iyesi – 120 adam edi. Bul sonı ko`rsetip turıptı, mal sharwashılıg`ı artta qalıw sebebin.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw, jaylastırıw, olardın` ta`jiriybesin asırıw avtonom respublika hu`kimetinin` qadag`alawında boldı.

Ministrler sovetinin` 27 oktyabr` 1971-jılg`ı «1971-1975-jılları kolxoz sovxozlar, basshı xızmetkerlerin tayarlaw, ta`jiriybesin arttırıw» tuwralı qararı boyınsha awıl xojalıg`ı kadrların jetistiriw respublika awıl xojalıg`ına tiyisli organizatsiyalarg`a tapsırıldı.

Usı qararg`a baylanıslı 1975-jıl aqırında usıg`an tiyisli mekemeler 720 baslıqlar, 11,5 mın` mexanizator kadrlardı, 40 mın`nan aslam kolxozshılardı, sovxoz rabochiyların oqıtıp, bilimin jetilistirdi. Usının` ushın No`kis awıl xojalıg`ı texnikumınla brigadirlar, ferma baslıqların oqıtatug`ın kurslar islep turdı.

Usı jıllarda kolxoz ha`m sovxoz baslıqlarına ha`m qa`nigelerge qatan` ta`rtip berildi, 25 direktor sovxoz, 12 kolxoz baslıg`ı, 128 bas qa`nigeler jumıstan bosatıldı.

1966-jılı joqarı ha`m orta bilimge iye qa`nigelerdin` pitkeriwshiler sanı 700 adam bolsa, 1985-jılı 5 mın` adamg`a jetti.

---

[1] Ст. сб. Нөкис, 1992, 58-бет.

Kolxoz ha`m sovxozlar 13 mın` adam joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatlı qa`nigeler xızmet etti, ha`r xojalıqqa 10 diplomlı qa`nigeler tuwra keldi. Usılay etip, tayarlang`an kadrlar ja`rdeminde awıl xojalıg`ı basshıların, awıl xojalıg`ın bekkemlewge erisildi.

Ulıwma alg`anda awıl xojalıg`ında joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatqa, bilimge iye qa`nigeler isledi, bul bolsa xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` 1/4 bo`legin qurar edi.

Awıl xojalıg`ın ko`teriwdin` birden bir jolı awıl xojalıg`ı baslıqları da`rejesin ko`teriw, kolxoz, sovxozlardı agronom, zootexnik, injenerler menen tolıqtırıw edi.

Agronomlar, zootexnikler, injenerler awıl xojalıg`ında taza jumıs ta`rtibin engiziw, texnika ha`m bilim jetiskenliklerin engiziwshiler, sho`lkemlestiriwshiler edi.

Mexanizator kadrların tayarlawdı jaqsı jolg`a qoyıw, kvalifikatsiyası joqarı kadrlardı tayarlawdı, bul boyınsha, usı taraw oqıtıwshıların tayarlawg`a, materiallıq-texnikalıq baza tayarlawg`a asas saldı.

Awıllarda kadrlar menen bekkemlew, olarg`a jag`day tuwdırıp beriw ushın taza sovxozlarda turar jaylar, ma`deniyat, xojalıq, kommunallıq ob`ektler qurıldı.

Izertlenip otırg`an da`wirde qa`nigeli kadrlar, a`sirese texnikalıq kadrlar tayarlaw ma`selesine u`lken kewil bo`lindi. O`ytkeni massalıq ka`siptegi texnikalıq kadrlardın` o`siwi awıl xojalıg`ının` texnikalıq qurallanıw da`rejesinen artta qalg`an edi. Ma`selen, 1966-jıldan 1975-jılg`a shekem kolxozlar menen sovxozlardag`ı awıl xojalıq mashinalarının` ulıwma sanı 51% ke, al traktorshılardın` sanı – 23% ke  ko`beydi. 1975-jılı kolxozlardın` 13% Inde ha`r traktorg`a bir mexanizatordan kemirekten tuwra keldi. Na`tiyjede texnikanın` basım ko`pshiligi ratsional paydalanılmadı.

Kadrlar tayarlaw GSPTU da, joqarı ha`m orta arnawlı oqıw orınlarında, mekteplerde, «Uzsel`xoztenika» birlespesi sistemalarının` kurslarında ju`rgizildi.

Mashinalarda jumıs islewge qızlardın` tartılıwı u`lken a`hmiyetke iye boldı. Segizinshi, tog`ızınshı ha`m onınshı bes jıllıqlardın` ishinde mexanizatorlardın` sanı a`dewir ko`beydi. 1965-jıldan 1975-jılg`a shekem da`wir ishinde kurslardın` o`zinde g`ana 5144 traktorshı, 1976 mexanik-aydawshı tayarlandı.

No`kis universitetinin` awıl xojalıq fakul`tetinde 1976-1977-jj. 68 adam oqıg`an bolsa 1985-jılı 1,5 mın` adam oqıg`an. Segizinshi besjıllıqta 658 awıl xojalıg`ı basshıları o`zinin` bilimin asırıw maqsetinde awıl xojalıg`ı texnikumında oqıg`an, bilimin asırg`an.

1971-1975-jılı 1172 spetsialist o`zinin` bilimin asırg`an, solardın` ishinen 37 sovxoz direktorı, 30 kolxoz baslıqları, 243 agronom, 159 zootexnik, 200 vetvrach, 286 mexanik bolg`an.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda awıllarda orta mektepler u`lken rol` oynadı. Kadrlar tayarlawda SPTUdın` a`hmiyeti awıl ushın u`lken a`hmiyetke iye boldı.

1965-1966-jj. respublikada 4 SPTU bar bolıp, olarda 1,6 mın` adam oqıdı. Bul uchilishe mexanizatorlar, tokarlar, elektrikler, sut sawıw mashina menen, qus fermaları operatorların tayarladı. Mısalı 1983-jılı 2098 adamnan SPTU pitkergenlerden, 1980 traktoristlerden ha`r qıylı sebeplerge baylanıslı 568 shıg`ıp ketken.

Respublikada barlıg`ı bolıp segizinshi ha`m tog`ızınshı besjıllıqta SPTUlarda, sovxoz, kolxozlar kursında 139,4 mın` qa`nigeler ha`m basshı xızmetkerler tayarlandı. Eger 1965-1966-oqıw jılında 10,4 mın` adam tayarlang`an bolsa, al 1970-jılı 11,2 mın`, 1971-jılı 30 mın`, 1975-jılı 10 mın` adam tayarlandı.

60-80-jıllarda awıl intelligentsiyası ha`m awıl xızmetkerleri sanı o`sip bardı (agronomlar, zootexnikler, veterinar xızmetkerleri, injenerler, mexanikler, ekonomistler).

Joqarı mag`lıwmatlar qa`nigeler sanı awıl xojalıg`ında 1965-jılı 605 adam, 1970-jılı 926 adam, 1975-jılı 1526 adam, 1980-jılı 2280 adam, 1983-jılı 2774

adamg`a o`sti. Orta mag`lıwmatlı qa`nigeler bolsa usı jıllarda: 1788, 2539, 3942, 5630, 6841[1].

### 3.2. Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda joqarı ha`m orta qa`nigeli kadrlardı tayarlawda ko`rilgen sharalar: jetiskenlikler, mashqalalar

Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı bunnan bılayda rawajlandırıwda texnikanın` roli jıldan jılg`a o`sip bardı. Paxtanı mashina menen terip alıw, paxta arasın islew ha`m paxta tasıwda kolxoz-sovxozlarg`a jeterli da`rejede texnika menen ta`miyinlewde hu`kimet basshıları ta`repinen aytarlıqtay na`tiyjeli jumıslar islendi. A`sirese, xojalıqlardı paxta teriw meshinaları menen ta`miyinlew, en` awır paxtanı qol menen teriw miynetin jen`illetiwge eristi. 70-jıllarg`a kelip respublikada o`ndirilgen paxta zu`ra`a`tinin` 60 protsentke jaqın mashinalar menen teriwge erisildi.

Mal sharwashılıg`ı da bunnan bılay rawajlandı. Eger 1960-jılg`a shekem avtonomiyalı respublika sovxozlarında paxtashılıq tiykarg`ı jag`dayda iyelegen bolsa, al 60-jılları ha`r qıylı bag`dardag`ı: go`sh-su`t (No`kis sovxozı), qarako`lshilik (K.Marks atındag`ı, Qaraqalpaqstan ASSRının` 40 jıllıg`ı) ha`m basqa da bag`dardag`ı qa`nigelestirilgen mal sharwashılıg`ı sovxozları sho`lkemlestirile basladı.

Ayırım rayonlarda go`sh bag`darındag`ı mallardı qolda bag`ıw, o`siriw ha`m jayıp bag`ıw boyınsha kolxozlar aralıq qa`nigelestirilgen xojalıqlar du`zildi.

Mal sharwashılıg`ın qa`nigelestiriw joqarı na`tiyje berdi ha`m onın` o`niminin` ko`beyiwine alıp keldi. Eger 1960-jılı xojalıqlardın` barlıq tarawında 227,2 mın` bas iri qara mallar bolg`an bolsa, al 1970-jılı ol 263,8 mın` basqa jetti. Solardan sıyırları usı esap penen 94,7 mın` nan 104,8 mın` bas boldı[2]. Usı jıllardın` ishinde shoshqalardın` ha`m qarako`l qoylarının` bas sanı ko`beydi. Sonın` menen

---

[1] Народное хозяйство ККАССР за 60 лет. Нукус, 1984, 117-бет.
[2] Қарақалпақстан жаңа тарийхы, 291-бет.

birge basqa porodadag`ı qoylardın`, eshkilerdin`, jılqılardın`, tu`yelerdin` bas sanının` kem-kemnen azayıwshılıg`ı bayqaldı.

Ma`mleket avtonomiyalı respublikanın` kolxoz ha`m sovxozların texnika menen mudamı tamiyinlep turdı. Eger Qaraqalpaqstannın` awıl xojalıg`ı o`ndirisi 1970-jılı 8,9 mın` traktorg`a iye bolg`an bolsa, al 1980-jılı 15,1 ha`m 3269 paxta teriw mashinalarına, 2,6 mın` ha`m 4,2 mın` ju`k avtomobillerine (avtotsisternalardı qosa) iye boldı. 1980-jılı respublikanın` awıl xojalıg`ının` energetikalıq quwatı 2392 mın` at ku`shin quradı.

70-jılları irrigatsiya texnikanın` roli birden o`sti, suw jetkeriw usılının` salıstırmalı mag`lıwmatları bunı da`liylleydi. 1980-jılı respublikanın` 288,0 mın` ga jeri mashinalardın` ja`rdemi menen ha`m barlıg`ı bolıp 36,1 mın` ga jer ag`ın suw menen suwg`arıldı. Sonlıqtan awıl xojalıg`ın, atap aytqanda irrigatsiyanı rawajlandırıw ma`mlekettin` u`lken qarjı jumsawın talap etti. Tog`ızınshı ha`m onınshı bes jıllıqlar da`wirinde bul maqsetler ushın 1,760 mln manat, yag`nıy avtonomiyanı respublikanın` xalıq xojalıg`ına jumsalatug`ın barlıq iri qarjının` yarımınan ko`bi jumsaldı.

Awıl xojalıg`ı o`ndirisin mexanizatsiyalastırıwdın` o`siwine baylanıslı 70-jıllardın` aqırında mexanizator kadrlardın` sanı a`dewir o`sti – 1981-jılı sovxozlarda, kolxozlarda ha`m xojalıq aralıq awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında 20175 mexanizator isleri. Awıl xojalıg`ında islewshi joqarı ha`m orta arnawlı bilimi bar qa`nigelerdin` sanı da a`dewir o`sti. Sovxoz direktorlarının` ha`m kolxoz predsedatel`lerinin`, bas qa`nigelerdin` barlıg`ı derlik, agronomlar, zootexnikler, veterinar vrachlar, fel`dsherler ha`m texniklerdin` ko`pshiligi joqarg`ı ha`m orta arnawlı bilimge iye boldı.

1965-jılı kolxozlar menen sovxozlarda 491 paxta teriw mashinasının` bolıwı usı bir qıyın mashqalanı tez pa`t penen sheshiw ushın jag`daylar du`zip berdi[1].

Respublika boyınsha mashina teriminin` na`tiyjeleri jıyın-terim jumısının` mexanizatsiyalanıu`ı jıldan-jılg`a o`sip baratırg`anlıg`ın ko`rsetti. Eger 1959-jılı

[1] 60 жыл ишинде Қарақалпақстан АССРының халық хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 47-бет.

mashinalar menen tek 30 mln. tonna paxta terip alıng`an bolsa, 1965-jılı – 61 mın` tonna – 2 ese ko`p paxta terip alındı. Sonın` menen birge ko`plegen kolxozlar menen sovxozlar, rayonlar, mashina teriminin` planın orınlamadı, qolda bar mashinalar parkinen na`tiyjeli paydalana almadı. Respublikanın` partiya, sovet ha`m awıl xojalıq organlarının` baslı qa`tesi paxta teriw mashinalarınan durıs paydalang`an kolxoz, sovxoz ha`m brigadalardın` ta`jiriybeleri ken`nen taratılmadı. Paxtanı mashina menen teriw planının` sistemalı tu`rde u`zliksiz tu`siwinin` tiykarg`ı sebebi mine usı boldı[1].

Ayırım basshılar so`z ju`zinde mexanizatsiyanı quwatladı da, al is ju`zinde paxtanı qol menen teriwge bag`dar aldı. Is mınag`an shekem barıp jetti, yag`nıy awıl xojalıg`ı ministrligi «SXM-48» marqalı barlıq mashinalardı haqıyqıy qolda bar texnikalardın` qatarınan shıg`arıp tasladı.

O`zbekistan hu`kimetinin` ja`rdemi menen qollap-quwatlawına su`yene otırıp, avtonomiyalı respublikamızda kompleksli mexanizatsiyag`a ha`m birinshi gezekte paxtanı mashina menen terip alıwg`a sheshiwshi tu`rde o`tiw ushın jag`daylar du`zip, orayda ha`m orınlarda artta qalıwshılıqtag`ı konservatizmnin` ta`repdarlarına qarsı sheshiwshi tu`rde gu`res en jaydırdı. Bul gu`restin` uzaqqa sozılatug`ını ma`lim boldı.

Kadrlardı tayarlawda ma`mleket sho`lkemleri tamanınan, ayrıqsha awıl jaslarınan tayarlawg`a u`lken kewil bo`lindi.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawdın` o`siwi tuwralı mag`lıwmatlarg`a qarag`anda: eger 1965-1985-jj. Joqarı oqıw orınların pitkerip shıqqanlar sanı 28155 ti qurag`an bolsa, arnawlı oqıw orınların pitkeriwshiler sanı 167440 adamdı quradı[2].

1985-jılg`a kelip kadrlardı tayarlaw Qaraqalpaqstanda 1966-jılg`a qarag`anda 3 ma`rtebe astı. 1985-jılı awıl xojalıg`ında joqarı mag`lıwmatqa iye 5 mın` spetsialist, orta mag`lıwmatqa iye 8 mın` qa`nige bar edi.

---

[1] МЛИӨзФ ОА, 56 ф, 204 оп, 58 д, 55 б.
[2] См. Народное хозяйство ККАССР. Нукус, 1984, 322-бет.

Sonın` menen bir qatarda ken` masshtabta traktor aydawshılardı, kombain aydawshılardı, shoferlardı tayarlaw ju`rgizildi, iske asırıldı.

Respublika massalıq qa`nigeliktegi mexanizatorlardı tayarlaw ha`m olardın` mamanlıg`ın arttırıwdın` u`zliksiz ha`reket etiwshi sisteması du`zildi. Traktorshılar, mashinistler ha`m mexanizatorlardın` jan`a texnika menen miynettin` aldın`g`ı usılların o`z waqtında u`yrenip barıw sho`lkemlestirildi.

Solay etip, 1966-1975-jıllarda awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew ha`m rawajlandırıw jolında adım atlandı. Bul awıl xojalıg`ında ilimiy-texnikalıq progressti a`dewir tezletti, kolxozlar menen sovxozlardın` ekonomikasın bekkemledi.

Awıl xojalıg`ın texnikalıq qurallandırıwda Qaraqalpaqstang`a tuwısqan respublikalar u`lken ja`rdem ko`rsetti, olar diyxanlarg`a 100 ge jaqın atamadag`ı ha`r qıylı mashinalar menen olardın` zapas bo`leklerin jetkerip berdi. 1971-1975-jıllarda avtonomiyalı respublikanın` awıl xojalıq o`ndirisine 1200 ge jaqın atamadag`ı mashinalar engizildi.

Keyinshelik 1976-jılı No`kis ma`mleketlik universitetine aylandırıldı. 1976-1985-jılları 5 mın` oqıtıwshılardı awıl xalqına tayarlap berdi. Agronom, injener ha`m buxgalterlerdi tayarladı.

Kadrlar jag`dayın tekserip ko`rilgende 1985-jıl aqırında xalıq xojalıg`ı tarawında 90,9 mın` diplomlı qa`nigeler islegen bolsa, olardan joqarı mag`lıwmatqa iyesi 38,7 mın` adam, bul bolsa islewshilerdin` 11,8% quraydı. Tek g`ana on birinshi besjıllıqta 25,0 mın` adam tayarlang`an bolsa, solardan 4342si awıl xojalıg`ı kadrları edi.

Xalıq xojalıg`ında joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatqa iye qa`nigelerdin` sanının` biraz o`siwine qaramastan awıl xojalıg`ı qa`nigelerin tayarlaw to`men ko`rsetkishlerdi edi. Joqarı ha`m arnawlı orta bilimli qa`nigelerdin` 0861 jumıs islewshi qa`nigelerdin` tek g`ana 12292 si g`ana awıl xojalıg`ı qa`nigeleri edi. Bul bolsa ha`mme islewshilerdin` 9,9%in tutadı.

1965-1975-jj. Mexanizatorlar sanı 20 mın` adamg`a ko`beydi. Ayrıqsha bul ko`beyiwi sovxozlarda 2 esege ko`beydi.

**Mexanizator kadrların tayarlaw barısı kolxoz ha`m sovxozlarda mın` adamg`a[1]**

| jıllar | 1965 | 1970 | 1975 | 1980 | 1985 |
|---|---|---|---|---|---|
| ha`mmesi | 2000 | 2200 | 2610 | 6817 | 9459 |

Biraqta tayarlang`an awıl xojalıq kadrlarının` ko`pshiligi basqa da mekemeler, tarawlarda qalıp ketetug`ın edi. Ha`mde kadrlar ko`p tayarlang`an menen to`mengii kadrlar menen ta`miyinlew az bolatug`ın edi. Sonın` ushın da texnikumlarda, proftexuchilisheler awıl xojalıg`ın tolıq kadrlar menen ta`miyinley almaytug`ın edi.

Awıl xojalıq kadrların tayarlawg`a muxtajlıq ayrıqsha 60-80-jılları ku`sheydi.

1965-1975-jj. joqarı mag`lıwmat beretug`ın institutlar ashıldı. Tashkentte, Samarqandta awıl xojalıg`ı institutı, irrigatsiya institutı, suw xojalıg`ı kadrların tayarlaytug`ın institutlar ashıldı. 1980-1985-jj. NGU joqarı mag`lıwmatqa iye 1251 qa`nige, sonın` ishinen 310 agronom, 313 injener ha`m mexanizatorlar, 511 den ziyat buxgalterler tayarlandı.

Awıl xojalıq kadrların tayarlawg`a muxtajlıq ayrıqsha 60-80-jılları ku`sheydi.

1965-1975-jj. joqarı mag`lıwmat beretug`ın institutlar ashıldı. Tashkentte, Samarqandta awıl xojalıg`ı institutı, irrigatsiya institutı, suw xojalıg`ı kadrların tayarlaytug`ın institutlar ashıldı. 1980-1985-jj. NGU joqarı mag`lıwmatqa iye 1251 spetsialist, sonın` ishinen 310 agronom, 313 injener ha`m mexanizatorlar, 511 den ziyat buxgalterler tayarlandı.

[1] Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы. Нөкис, 1992, 58-бет.

Ha`zirgi waqıtta ha`mme bas spetsialistler – bas agronom, zootexnik, injener, mal doktorlar joqarı ha`m de orta mag`lıwmatlı.

Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı Ministrliginin` mag`lıwmalı boyınsha sovxoz direktorları, kolxoz baslıqlarının` ko`pshiligi joqarı oqıw orınlarında sırttan oqıp, bilimin asırmaqta.

1965-jılı 300 spetsialist orta mag`lıwmat beriwshi oqıw orınlarında tayarlandı, al 1970-jılı 458, 1975-jılı 239 adam tayarlandı. Barlıg`ı bolıp tog`ızınshı bes jıllıqta awıl xojalıg`ına 444 pitkerip shıg`arılg`an kadrlar jiberildi. Olardın` ko`pshiligi ha`r tu`rli sebeplerge ko`re jumısların dawam etpegen, 1971-1975-jılları 124 adam ketip qalg`an, orta mag`lıwmat alg`an kadrlardan 260 adam awıl xojalıg`ınan ketken.

No`kis universitetinin` awıl xojalıq fakul`tetinde 1976-1977-jj. 68 adam oqıg`an bolsa 1985-jılı 1,5 mın` adam oqıg`an.

Ha`zirgi waqıtta ha`mme bas qa`nigeler – bas agronom, zootexnik, injener, mal doktorlar joqarı ha`m de orta mag`lıwmatlı.

Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ı Ministrliginin` mag`lıwmatı boyınsha sovxoz direktorları, kolxoz baslıqlarının` ko`pshiligi joqarı oqıw orınlarında sırttan oqıp, bilimin asırmaqta.

1965-jılı 300 qa`nige orta mag`lıwmat beriwshi oqıw orınlarında tayarlandı, al 1970-jılı 458, 1975-jılı 239 adam tayarlandı. Barlıg`ı bolıp tog`ızınshı bes jıllıqta awıl xojalıg`ına 444 pitkerip shıg`arılg`an kadrlar jiberildi. Olardın` ko`pshiligi ha`r tu`rli sebeplerge ko`re jumısların dawam etpegen, 1971-1975-jılları 124 adam ketip qalg`an, orta mag`lıwmat alg`an kadrlardan 260 adam awıl xojalıg`ınan ketken.

No`kis universitetinin` awıl xojalıq fakul`tetinde 1976-1977-jj. 68 adam oqıg`an bolsa 1985-jılı 1,5 mın` adam oqıg`an. Segizinshi besjıllıqta 658 awıl xojalıg`ı basshıları o`zinin` bilimin asırıw maqsetinde awıl xojalıg`ı texnikumında oqıg`an, bilimin asırg`an.

1971-1975-jılı 1172 spetsialist o`zinin` bilimin asırg`an, solardın` ishinen 37 sovxoz direktorı, 30 kolxoz baslıqları, 243 agronom, 159 zootexnik, 200 vetvrach, 286 mexanik bolg`an.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlawda awıllarda orta mektepler u`lken rol` oynadı. 1965-1975-jj. Qaraqalpaqstanda 74,2 mın` orınlıq taza mektepler, solardan 21,1 mın` orınlıq mektep kolxozlar esabınan qurıldı. Kadrlar tayarlawda SPTUdın` a`hmiyeti awıl ushın u`lken a`hmiyetke iye boldı.

1965-1966-jj. respublikada 4 SPTU bar bolıp, olarda 1,6 mın` adam oqıdı. Bul uchilishe mexanizatorlar, tokarlar, elektrikler, sut sawıw mashina menen, qus fermaları operatorların tayarladı.

Mısalı 1983-jılı 2098 adamnan SPTU pitkergenlerden, 1980 traktorshılar ha`r qıylı sebeplerge baylanıslı 568 shıg`ıp ketken.

Respublikada barlıg`ı bolıp segizinshi ha`m tog`ızınshı besjıllıqta SPTUlarda, sovxoz, kolxozlar kursında 139,4 mın` qa`nigeler ha`m basshı xızmetkerler tayarlandı. Eger 1965-1966-oqıw jılında 10,4 mın` adam tayarlang`an bolsa, al 1970-jılı 11,2 mın`, 1971-jılı 30 mın`, 1975-jılı 10 mın` adam tayarlandı.

60-80-jıllarda awıl intelligentsiyası ha`m awıl xızmetkerleri sanı o`sip bardı (agronomlar, zootexnikler, veterinar xızmetkerleri, injenerler, mexanikler, ekonomistler).

Joqarı mag`lıwmatlar qa`nigeler sanı awıl xojalıg`ında 1965-jılı 605 adam, 1970-jılı 926 adam, 1975-jılı 1526 adam, 1980-jılı 2280 adam, 1983-jılı 2774 adamg`a o`sti. Orta mag`lıwmatlı qa`nigeler bolsa usı jıllarda: 1788, 2539, 3942, 5630, 6841[1]. Mexanizator kadrların tayarlawda olardın` jasına qarap bo`listiriw u`lken a`hmiyetke iye boldı.

Awıl jag`dayında jas u`lken aqsaqallar ta`jiriybeli jas kadrlardı awıl xojalıq miynetine u`yretiwde u`lken a`hmiyetke iye boldı.

[1] Народное хозяйство ККАССР за 60 лет. Нукус, 1984, 117-бет.

Kadrlardı tayarlawda PTUlardın` roli kem boldı. 1965-1985-jılları bunday uchilishelerdin` sanı 4 ten 45 ke jetti, onda oqıytug`ınlar 160 tan 18 mın` adamg`a jetti[1].

Qaraqalpaqstanda mexanizator kadrlar menen ta`miyinlewdi analizlep ko`rilgende, xojalıqta islewshi kadrlar sanı kolxoz ha`m sovxozlar mu`ta`jligin ta`miyinley almaslıg`ın ko`rsetti. 100 traktorg`a ortasha 105-107 mexanizatordan tuwra keldi, bazı bir xojalıqlarda ha`r bir mashina o`z xojayına iye emes edi. Ha`r bir mashina 2 smenada islewi, kerek jag`dayda rezerv bolıwı ushın ja`nede mexanizator kadrların tayarlawg`a tuwra keler edi.

Qaraqalpaqstanda kadrlar tayarlaw ushın Rossiya, Ukraina, Belorussiya, O`zbekistan, Qazaqstan joqarı oqıw orınları qatnastı, 1965-80-jılları usı respublika VUZları 15 mın`nan aslam qa`nigeler tayarlap berdi, sonın` ishinde awıl xojalıq qa`nigeleri (agronom, zootexnik, veterinar xızmetkerleri, jer qurılısı, irrigatorlar, injenerler, ekonomistler tayarladı).

1981-1985-jılları awıl xojalıg`ı qa`nigelerinin` sanı 1,3 mın` adamdı quradı. Respublikada awıl xojalıg`ı kadrlarının` jetispewine qaramastan, tayarlang`an qa`nigelerdin` ko`pshiligi o`z tarawında islemedi. Mısalg`a alg`anda, qurılıs tarawında – 788, sanaat islep shıg`arıw tarawında – 493, transportta – 221, basqa da ministrliklerde, mekemelerde isledi. Gosstrax sistemasında 11 agronom, 3 shelkovod, 2 zootexnik, 4 veterinar, sawda tarawında – 106 awıl xojalıg`ı qa`nigeleri isledi.

Ulıwma alg`anda ha`r qıylı tarawlarda 2768 awıl xojalıg`ı kadrları o`z ka`sibinde islemedi. Al awıl xojalıq tarawında basshı xızmetlerde 3674 – is ta`jiriybesi bar, biraqta joqarı, ha`mde orta mag`lıwmatqa iye bolmag`an adamlar isledi. Olar basshı xızmetkerlerdin` 39,3% quraytug`ın edi. Usı waqıtlarda kolxoz baslıqlarınan joqarı ha`m orta mag`lıwmatlar sanı 5 ma`rtebege ko`terildi, ha`mde 83% ti quradı 85% sovxoz direktorları joqarı mag`lıwmatlı edi.

[1] Ст. сб. 118-бет.

Awıl xojalıg`ında orta zveno baslıqların tayarlaw, olardın` ta`jiriybesin arttırıw isi burıng`ı qa`lpinde qaldı.

1985-jılı Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ında 2684 kolxoz, sovxozlardag`ı brigadirlerinen 1528 adamında joqarı ha`m arnawlı bilim almag`an edi[1].

Ju`da` a`stelik penen bo`lim baslıqları ha`m ferma baslıqların tayarlaw alıp barıldı. Mal sharwashılıg`ında da tap sonday awhal dawam etti. 384 ferma baslıg`ınan 25 adamı joqarı mag`lıwmatlı, ortasha ha`m arnawlı bilimge iyesi – 120 adam edi. Bul sonı ko`rsetip turıptı, mal sharwashılıg`ı artta qalıw sebebin.

Awıl xojalıg`ı kadrların tayarlaw, jaylastırıw, olardın` ta`jiriybesin asırıw avtonom respublika hu`kimetinin` qadag`alawında boldı.

Ministrler sovetinin` 27 oktyabr` 1971-jılg`ı «1971-1975-jılları kolxoz sovxozlar, basshı xızmetkerlerin tayarlaw, ta`jiriybesin arttırıw» tuwralı qararı boyınsha awıl xojalıg`ı kadrların jetistiriw respublika awıl xojalıg`ına tiyisli organizatsiyalarg`a tapsırıldı.

Usı qararg`a baylanıslı 1975-jıl aqırında usıg`an tiyisli mekemeler 720 baslıqlar, 11,5 mın` mexanizator kadrlardı, 40 mın`nan aslam kolxozshılardı, sovxoz rabochiyların oqıtıp, bilimin jetilistirdi. Usının` ushın No`kis awıl xojalıg`ı texnikumınla brigadirlar, ferma baslıqların oqıtatug`ın kurslar islep turdı.

Usı jıllarda kolxoz ha`m sovxoz baslıqlarına ha`m qa`nigelerge qatan` ta`rtip berildi, 25 direktor sovxoz, 12 kolxoz baslıg`ı, 128 bas qa`nigeler jumıstan bosatıldı.

1966-jılı joqarı ha`m orta bilimge iye qa`nigelerdin` pitkeriwshiler sanı 700 adam bolsa, 1985-jılı 5 mın` adamg`a jetti.

Kolxoz ha`m sovxozlar 13 mın` adam joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatlı qa`nigeler xızmet etti, ha`r xojalıqqa 10 diplomlı qa`nigeler tuwra keldi. Usılay etip, tayarlang`an kadrlar ja`rdeminde awıl xojalıg`ı basshıların, awıl xojalıg`ın bekkemlewge erisildi.

[1] Ст. сб. Нөкис, 1992, 58-бет.

Ulıwma alg`anda awıl xojalıg`ında joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatqa, bilimge iye qa`nigeler isledi, bul bolsa xalıq xojalıg`ında islewshilerdin` 1/4 bo`legin qurar edi.

Awıl xojalıg`ın ko`teriwdin` birden bir jolı awıl xojalıg`ı baslıqları da`rejesin ko`teriw, kolxoz, sovxozlardı agronom, zootexnik, injenerler menen tolıqtırıw edi.

Agronomlar, zootexnikler, injenerler awıl xojalıg`ında taza jumıs ta`rtibin engiziw, texnika ha`m bilim jetiskenliklerin engiziwshiler, sho`lkemlestiriwshiler edi.

Mexanizator kadrların tayarlawdı jaqsı jolg`a qoyıw, kvalifikatsiyası joqarı kadrlardı tayarlawdı, bul boyınsha, usı taraw oqıtıwshıların tayarlawg`a, materiallıq-texnikalıq baza tayarlawg`a asas saldı.

Awıllarda kadrlar menen bekkemlew, olarg`a jag`day tuwdırıp beriw ushın taza sovxozlarda turar jaylar, ma`deniyat, xojalıq, kommunallıq ob`ektler qurıldı. Qurılısta islewshi qa`nigeler bolsa 21,6% ti, sanaat – 16,9% quraytug`ın edi.

1966-1985-jılları kolxozlar baslıg`ın, sovxoz direktorları, awıl xojalıg`ı qa`nigeleri bolıp injenerler, agronomlar, ekonomistler, mal doktorları isledi.

Ko`binen ko`p jas u`lken kadrlardı saylap alıw menen birge shaqqan keleshegi bar jaslar da saylandı. 1985-jılı 60 jastan asqan 40 adam xojalıqlardı basqardı.

1980-jılı 35 jasqa shekemgi kolxoz baslıqları, sovxoz direktorları 5% quradı, al 50 jasqa shekem – 70% ti quradı. Jumıstı alıp bara almaytug`ın kadrlardı bir jerden basqa jerge ko`shirilip almastırılıp turıldı.

1988-jılı respublika kolxozlarında paxta hasıldarlıg`ı ortasha 30,1 tsentnerdi qurag`an bolsa, 1990-jılda 30,9 tsentnerdi quradı. O`zbekistan paxtakeshleri miynetine berilip atırg`an aylıq SSSRdın` basqa respublikalarındag`ı diyqanlarg`a beriletug`ın aylıqtan to`menligishe qala berdi. Sol na`rsege ayrıqsha itibar beriw kerek, o`zbek paxtakeshleri miyneti tek qag`azda g`ana xoshametlendi. Is ju`zinde, haq to`lewde a`dillik printsipi, a`dillik ta`rezisi buzıldı.

Bunın` u`stine O`zbekistanda ko`p paxta hasılın alıw ha`reketi bul jerdegi ekologik awhaldın` jamanlasıwına, kisiler, a`sirese hayal-qızlar ha`m balalar arasında ha`r qıylı kesellikler (a`sirese ishek, asqazan ha`m sarı awırıw keselligi)nin` ko`beyiwine alıp keldi.

1990-jıldın` ortalarınan 1992-jılg`a shekem o`tken da`wirde respublika hu`kimetinin` shıg`arg`an 23 qararında xojalıq ju`rgiziw ha`m mu`mkinshilik tu`rleri, paxtashılıqtın` ta`g`diri haqqında jol-jorıqlar belgilendi[1].

O`zbekistanda jin`ishke talalı paxta jetistiriwge ha`m ayrıqsha itibar berildi. Sonday-aq, 1965-jılda 72,5 mın` tonna sonday qımbam baha paxta hasılı jetistirilgen bolsa, 1970-jılg`a kelip ol 197,7 mın` tonnanı, 1975-jılda 240,7 mın` tonnanı quradı. Endi ha`r jılı respublika boyınsha 5 million tonnadan zıyat paxta hasılı jetistirile basladı.

Paxta ushın gu`res 80-jıllarda a`sirese ku`shli boldı. Sovet ma`mleketi endi o`zinin` ekstensiv rawajlanıw imkaniyatlarınan shala-tegis paydalanıp bolg`an, intensiv jolg`a o`tiwge xojalıqqa basshılıq qılıwdın` eskishe, zaman talabına juwap bere almay atırg`an mexanizmi tog`anaq bolg`an edi.

1980-jılda O`zbekistan boyınsha birinshi ma`rtebe altı million tonnalıq shegaradan o`tip ha`m sol jılı 6245 mın` tonna «aq altın» tayarlang`anlıg`ı tuwralı dag`aza qılındı. Mashinalarda terilgen paxta mug`darı 4 million tonnanı quradı. 1976-1980-jıllar dawamında paxta hasıldarlıg`ı ha`r gektar jer esabına 5 tsentnerden asqanlıg`ı ma`lim qılındı. Xorezm oblastında ha`r gektar jerden 42 tsentnerden, Buxara oblastında 37,4, Tashkent, Samarqand oblastlarında 35,6 tsentnerden hasıl alındı. Biraq sonın` menen birge respublika awıl xojalıg`ı paxtashılıqtı rawajlandırıwda u`lken qa`te-kemshiliklerge jol qoydı. Bul qa`teler a`sirese 1982-1983-jıllarda ko`zge anıq ko`rindi. O`zbekistan awıl xojalıq sho`lkemleri alıp barg`an isler ha`mme waqta da maqsetke muwapıq bola bermedi.

O`zbekistannın` ko`plegen oblastlarında irrigatsiya ha`m melioratsiya islerinin` jolg`a qoyılıwı bul isti rawajlandırıwdı, suw xojalıg`ı sho`lkemleri

[1] Ўзбекистон овози, 1991, 27-декабрь.

jumısın jaqsılawdı talap qılatug`ın edi. Bul tarawg`a basshılıq qılıw usılların jan`a sharayatqa tuwrılap islep shıg`ıw za`ru`r edi. Sonlıqtan da, irrigatsiya ha`m melioratsiyanın` respublikamız ushın u`lken a`hmiyetke iye ekenligin esapqa alıp, burıng`ı suw xojalıg`ı ministrligi O`zbekistan melioratsiya ha`m suw xojalıg`ı ministrligi dep qaytadan ataldı, ministrlikte ayrıqsha melioratsiya basqarması du`zildi. Usıg`an uqsas, oblast suwg`arıw tarmaqları basqarmaları du`zildi. Dizimdegi bul o`zgerisler sebepli melioratsiya isi ushın ayrıqsha moddiy-texnik baza jaratıw imkaniyatı jaratıldı.

Irrigatsiya tarmaqların iske tu`siriw maqsetinde ha`r bir oblastta ku`shli quwatqa iye bolg`an iri qurılıs sho`lkemleri du`zile basladı. Bular bolsa, o`z waqtında, suw xojalıg`ı qurılısın u`lken tezlik penen alıp barıwda, suw ambarları ha`m kanallar qurılısı aqıbetinde u`lken maydandag`ı jerlerdin` meliorativ awhalın jaqsıladı.

Respublikada 70-jıllarda ha`m irrigatsiya tarawların qurıw, suw xojalıg`ı islerin rawajlandırıw boyınsha ko`p isler a`melge asırıldı. 1971-76-jıllardın` o`zinde-an` yarım million gektar sho`l jerler iske tu`sirildi. Jan`a jerlerde 50 sovxoz du`zildi. Usı jıllar ishinde Taxiatash, Aqda`r`ya, Karmana gidrouzelleri, Babataw, Moskva atındag`ı, U`lken Namangan, Ul`yanov atındag`ı, Qarshı magistral kanalları qurıldı ha`m paydalanıwg`a tapsırıldı.

Jerdin` meliorativ awhalın jaqsılaw ha`m bunday jerlerdi o`zlestiriwge sarıplang`an kapital qa`rejet mug`darı ha`m bir tegis rawajlanbadı. Ma`selen, 1976-1980-jıllarda usı maqsetler ushın 7227 million som ajıratılg`an edi. 1981-1985-jıllarda bul san 8826 million somg`a jetken bolsa, keyingi bes jıl ishinde tek 6702 million somdı quradı.

Respublikamızda burıng`ı SSSRdın` paxta bazasına aylandırıw siyasatı, o`z na`wbetinde, jerlerimizdin` buzılıwına ha`m jaramsız jerler mug`darının` asıwına alıp keldi. Ko`p jerlerimiz da`ri «jemesten» ha`m «ishpesten» hasıl bermeytug`ın bolıp qaldı. Sonın` ushın ha`m, respublikamızda mineral to`ginler islep shıg`arıwg`a ko`birek itibar beriledi. Ma`selen, 1980-jılda dalalarg`a 1102 mın`

tonna mineral to`gin to`gilgen bolsa, keyingi jıllarda bul san ja`nede asıp bardı. Bul 1987-jılg`a kelip 1423 mın` tonnag`a shekem jetti. Qararlardı orınlaw, onı turmısqa engiziw perdesi astında ko`p bilimli kadrlar, basshılar isten bosatıldı, qamaldı.

Bul jag`daylar jaqıng`a shekem, ha`tte O`zbekistan respublikası o`z g`a`rezsizligin alg`ang`a shekem dawam etti. Oray O`zbekistandı «o`zine keltirip qoyıw», «jılawın tartıp qoyıw» maqsetinde «paxta isi», «o`zbekler isi» degen jalanı oylap taptı. Oraydan «isenimli» kadrlar desantı jiberildi.

«Paxta isi» ha`m burıng`ı oraydın` toqıg`an jalası edi. Bul maqset artında o`zbek xalqının` milletin ayaq astı qılıw, respublikanın` jetilisken kadrlarına jaza beriw arqalı oray abırayın tiklew, alqımların toltırıw, eski dizimdi saqlap qalıwg`a urınıw jatatug`ın edi.

1983-1988-jıllarda «Paxta isi» dep atalg`an isler boyınsha 4,5 mın`g`a jaqın awıl xojalıq xızmetkerleri sud qararı menen tu`rli mu`ddetlerge qamaldı.

Respublikadag`ı ju`zlep kolxoz, sovxozlardın` basshıları, awıl xojalıq xızmetkerleri isten bosatıldı. Ma`selen, 1984-1988-jıllarda 58 mın` xızmetker wazıypasınan bosatıldı. Buxara oblastınan bir waqıttın` o`zinde rayon partiya komiteti basshılarının` ha`mmesi, rayon atqarıw komiteti basshılarının` 70%, oblast` kolxoz ha`m sovxoz basshılarının` 50% ke jaqını qamaldı.

Ha`mmesi bolıp 157,3 mın` traktor bolg`an bolsa, 1986-jılg`a kelip ol 192,8 mın`g`a jetti. Biraq 1990-jılg`a kelip, olardın` sanı 10 mın`g`a kemeyip ketti. Usının` menen birge, paxta teriw mashinaları sanı da kemeyip bardı. Ma`selen 1985-jıldag`ı 39,6 mın` paxta teriw mashinasınan 1990-jılg`a kelip 30,5 mın`ı g`ana qaldı. Na`tiyjede respublika xojalıqlarında mashinada paxta terip alıw jıldan-jılg`a kemeyip bardı. 1990-jılda barlıq paxtanın` 57%in g`ana mashinalarda terip alındı. Andijan, Buxara, Namangan, Ferg`ana, Xorezm oblastlarında bul ko`rsetkish 50% de jetpedi.

Awıl xojalıg`ı, sonday-aq paxtashılıqta miynet o`nimdarlıg`ın asırıw, jetistirilgen hasıl sıpatın jaqsılaw isi ko`binese basshı kadrlarg`a ha`m de olardın` tayarlıqlarına baylanıslı. Biraq 60-70-jıllarda ha`m ha`tteki ha`zirde de bul

tarawg`a awıl xojalıg`ına hesh baylanısı bolmag`an kisiler basshılıq qılıp kiyatırg`anın ko`plep ushıratıw mu`mkin. Ma`selen, 1971-jılda ha`mme kolxozlardın` 39%ine, sovxozlardın` 22% oqıtıwshı, vrach ha`m basqa da qa`nigeler basshılıq qıldı. Bul bolsa o`z na`wbetinde, awıl xojalıg`ında qıyınshılıqlardı keltirip shıg`ardı.

Turg`ınlıq jıllardag`ı en` u`lken qa`telerden biri – kadrlar tayarlawda sıpatqa qarag`anda sang`a ko`birek itibar berilgenliginen edi. Awıl xojalıg`ı boyınsha oqıw orınların pitkerip shıqqan ko`binshe a`piwayı wazıypalardı da sheshe almas, o`z aldılarına qoyılg`an wazıypalardı bejere almas edi. Bul bolsa O`zbekistan paxtashılıg`ında natuwrı o`zgerislerdi keltirip shıg`ardı. Ma`selen, 1991-jılda paxta jetistiretug`ın ha`mme maydannın` ko`lemi 11 mın` gektarg`a kemeytirildi. Ma`mleket ambarlarına 4646 mın` tonna shiyki zat tapsırıldı, sonnan 403 mın` tonnası sanaat ushın en` qımbatlı bolg`an jipek paxta edi. Hasıldarlıq 27 tsentnerge jetti.

O`zbek paxtakeshlerin ta`shwishke salıp kelgen ma`sele – paxtanın` ma`mleketke satıw bahası ma`selesi edi. Ha`mme tarawlarda bar bolg`anı sebepli paxtashılıqta ha`m istin` rawajlanıwı, islep shıg`arıwshının` manpaatına baylanıslı edi. Biraq uzaq jıllar dawamında ekonomikalıq turmıstın` ha`mme tarawlarında bolg`anınday paxtashılıqta ha`m ten`lestiriw printsipi hu`kim su`rdi. Bul manpaatdarlıq printsipinin` buzılıwına alıp keldi.

Respublika Wa`zirler ken`esinin` 1992-jıl 30-marttag`a «Paxta, pille, sharwashılıq maxsulatlarının` bahasın ha`m paxta talasının` bahasın asırıw haqqındag`ı» qararı usı printsiptin` qaytadan tuwılıwına alıp keldi.

Ma`mleketlik planın orınlay almadı ha`m qarızdar bolıp qaldı. 1957-jılı arqa rayonlardag`ı (Qon`ırat, Kegeyli, Shımbay ha`m Taxtako`pir) 119 kolxoz sovxozlar bolıp qayta du`zildi. Jan`adan 20 sovxoz du`zildi (17 paxtashılıq, 2 mal sharwashılıq ha`m 1 ovosh-su`t jetistiriwshi).

Hu`kimet respublika awıl xoajıg`ına qoldan kelgen ja`rdemin ayamadı. Tek 1954-1958-jıllardın` o`zinde ma`mleketten 2200 traktor, 41 ekskovator, 1639 ju`k

avtomobil`leri, mın`lag`an traktor plugları, seyalkalar, kul`tivatorlar, ko`plegen mashinalar ha`m mal sharwashılıg`ında minetti ko`p talap etetug`ın jumıslardı mexanizatsiyalastırıw ushın ko`plegen u`skeneler ha`m mashinalar alındı.

Awıl xojalıg`ında islewshi jaslardan kadrlardı tayarlawda ta`jriybeli masterlerdin` qa`wenderligi u`lken rol` oynadı. Jas mexanizatorlardı, mal sharwashılıg`ında islewshi ha`m qus ferması xızmetkerlerin qa`wenderlikke aldı.

Kadrlar tayarlawda, a`sirese awıllarda jergilikli millet intelligentsiyasın tayarlawda Qaraqalpaq ma`mleketlik pedagogikalıq institutı u`lken rol` oynadı. Keyinshelik 1976-jılı No`kis ma`mleketlik universitetine aylandırıldı. 1976-1985-jılları 5 mın` oqıtıwshılardı  awıl xalqına tayarlap berdi: agronom, injener ha`m buxgalterlerdi tayarladı.

Kadrlar jag`dayın tekserip ko`rilgende 1985-jıl aqırında xalıq xojalıg`ı tarawında 90,9 mın` diplomlı qa`nigeler islegen bolsa, olardan joqarı mag`lıwmatqa iyesi 38,7 mın` adam, bul bolsa islewshilerdin` 11,8% quraydı. Tek g`ana onbirinshi besjıllıqta 25,0 mın` adam tayarlang`an bolsa, solardan 4342 si awıl xojalıg`ı kadrları edi.

Xalıq xojalıg`ında joqarı ha`m orta arnawlı mag`lıwmatg`a iye qa`nigelerdin` sanının` biraz o`siwine qaramastan awıl xojalıg`ı qa`nigelerin tayarlaw to`men ko`rsetkishlerdi edi. Joqarı ha`m arnawlı orta bilimli qa`nigelerdin` 90861 jumıs islewshi qa`nigelerdin` tek g`ana 12292 si g`ana awıl xojalıg`ı qa`nigeleri edi. Bul bolsa ha`mme islewshilerdin` 9,9% in tutadı. Qurılısta islewshi qa`nigeler bolsa 21,6% ti, sanaat – 16,9% quraytug`ın edi.

Awıl xojalıg`ı o`ndirisin mexanizatsiyalastırıwdın` o`siwine baylanıslı 70-jıllardın` aqırında mexanizator kadrlardın` sanı a`dewir o`sti. 1981-jılı sovxozlarda, kolxozlarda ha`m xojalıq aralıq awıl xojalıg`ı ka`rxanalarında 20175 mexanizator isledi. Awıl xojalıg`ında islewshi joqarı ha`m orta arnawlı bilimi bar qa`nigelerdin` sanı da a`dewir o`sti. Sovxoz direktorlarının` ha`m kolxoz predsedatel`lerinin`, bas qa`nigelerdin` barlıg`ı derlik, agronomlar, zootexnikler, veterinar vrachlar,

fel`dsherler ha`m texniklerdin` ko`pshiligi joqarı ha`m orta arnawlı bilimge iye boldı.

70-jılları Qaraqalpaqstan awıl xojalıg`ın rawajlandırıwda belgili tabıslarg`a erisildi, bul xalıq xojalıq planların ha`m sotsialistlik minnetlemelerdi orınlaw boyınsha respublika miynetkeshlerinin` pida`kerlik miynetinin` na`tiyjesi edi.

1966-1975-jılları kolxozlar baslıg`ın, sovxoz direktorları, awıl xojalıg`ı qa`nigeleri bolıp olar joqarı mag`lıwmatlı injenerler, agronomlar, ekonomistler, mal doktorları jumıs alıp bardı.

Ko`binen ko`p jas u`lken kadrlardı saylap alıw menen birge shaqqan keleshegi bar jaslar ha`m saylandı. 1985-jılı 60 jastan asqan 40 adam xojalıqlardı basqardı.

1980-jılı 35 jasqa shekemgi kolxoz baslıqları, sovxoz direktorları 5% quradı, al 50 jasqa shekem - 70% ti quradı. Jumıstı jaqsı alıp bara almaytug`ın kadrlardı waqtında basqa jumıs penen almastırılıp turıldı. Juwmaqlap aytqanda respublikanın` awıl xojalıg`ın rawajlandırıw, onın` materiallıq bazasın jaqsılaw ma`seleleri 50-70-jıllarda hu`kimet basshıları, awıl xojalıq ministrlikleri ta`repinen ba`rha` waqıt dıqqat orayında bolg`anlıg`ın ko`remiz. Bul tarawdı talapqa ılayıq kerekli texnikalar menen ta`miyinlew ha`m onı ha`reketke keltiriwshi ha`r qıylı qa`nigeliktegi kadrlar menen ta`miyinlewwazıypaları sheshilgenligin ko`remiz. Usı da`wir ishinde respublikanın` awıl xojalıg`ı ushın texnikalardı basqara alatug`ın massalıq qa`nigeli kadrlar ha`m joqarı ha`m orta buwındag`ı agronom, injener ha`m basqada tarawdag`ı maman kadrlar ha`r qıylı oqıw orınlarında oqıp, bul tarawdı rawajlandırıwg`a o`zlerinin` tolıq u`leslerin qosqanlıg`ın ko`remiz.

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaqstan respublikasınan rawajlanıwı ha`m bekkemleniwinde xalıq xojalıg`ının` en` a`hmiyetli tarawlarının` biri bolg`an awıl xojalıq o`ndirisinin` a`hmiyeti og`ada u`lken. Ekonomikalıq rawajlanıwdın`, milliy doxodtın` o`siwinin`, xalıqtın` turmıs da`rejesinin` artıwının`, xalıqtı azıq-awqat o`nimleri, al sanaattı – shiyki zat ta`miyinlewdin` tabıslı bolıwı ko`p da`rejede sol xalıq xojalıq o`ndirisinin` jag`daylarına baylanıslı boladı.

Kolxoz-sovxoz o`ndirisinin` artta qalıwı ob`ektivlik ha`m sub`ektivlik sebeplerge baylanıslı boldı. Rawajlanıwdın` ekonomikalıq nızamları, ko`teriwde, ja`miyetlik ha`m jekke ma`plerdi durıs u`ylestiriwde awıl miynetkeshlerinin` materiallıq qızıg`ıwshılıq printsipleri tolıq islemedi.

Sonday-aq basqarıwdag`ı sub`ektivizm de a`dewir da`rejede basım edi, bul na`rse planlastırıwda, qarjı bo`lip shıg`arıwda, sonday-aq baha siyasatında u`lken kemshiliklerge alıp keldi. Materiallıq-texnikalıq bazanın` bekkemleniwi to`men boldı. Awıl xojalıg`ın rawajlandırıwdın` konkret sharaların ta`miyinlew ushın joqarıdan administrativlik qısım jasaw traditsiyaları irkinish jasadı. Basqarıwshı organlardı tiykarsız o`zgerte beriw jumıs orınlarında juwapkersizlik ha`m ashıwlanıwshılıq jag`dayların payda etti. Usılardın` ha`mmesi awıllardın` ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasiy ha`m adamgershilik jag`ınan rawajlanıwının` to`menleniwine alıp keldi.

Qaraqalpaqstan hu`kimeti ekonomikalıq ha`m sotsiallıq protsesslerge ilimiy basshılıq etiwge u`lken a`hmiyet bere otırıp, jiberilgen kemshiliklerdi tezirek du`zetiw, sub`ektivizmdi saplastırıw ha`m xalıq xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwda tu`pkilikli o`zgerislerge erisiw, basqarıw usılların jetilistiriw, o`ndiris kollektivleri menen ha`r bir awıl miynetkeshinin` ja`miyetlik ja`ne jekke ma`plerin durıs u`ylestiriw wazıypasın bas bag`dar etip aldı. Qabıl etilgen ekonomikalıq ha`m xojalıq xalıqları awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwg`a belgili da`rejede qozg`aw

salg`anı menen, qa`liplesip qalg`an ekonomikalıq strukturalardan shıg`ıp kete almadı.

Awıl xojalıg`ındag`ı 50-60-jıllarda da dawam etti. Bul jılları kolxozlardı irilendiriw awıl xojalıg`ına aylandırıw ta`sir etpedi. Bug`an baslı sebep irilengen kolxozlardı texnika menen ta`miyinlew ele o`te to`men, sonın` esabınan paxta ha`m basqa egisler sozılıp, waqtında olarg`a jeterli ta`rbiya bere almas edi. Na`tiyjede paxtanın` zu`ra`a`tliligi o`te to`men boldı.

Respublikada ko`pshilik kolxozlardın` ekonomikasının` awhalı to`menligi menen qala berdi. Plandı orınlamag`an kolxozlardın` basshıları tez-tez o`zgertilip, adamlardın` morallik psixologiyasına ta`sir etpey qalmadı ha`m awıl basshılarının` isenimsizligine alıp keldi. Respublikada kolxozlardı sovxozlarg`a aynaldırıw siyasatı awıl xojalıg`ına jaman ta`sirin tiygizdi. Diyqanshılıqtın` a`sirese paxtashılıqtın` o`nimdarlıg`ının` to`menlep ketiwine sebepshi boldı. Bul tarawdag`ı o`tkerilgen reforma o`z na`tiyjesin bermedi.

Respublikamız usı da`wirdin` ishinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıw ha`m bekkemlewde aytarlıqtay tabıslarg`a eristi. Iri qarjı bo`lip shıg`arıwdın` artıwı, planlastırıwdag`ı o`zgerisler menen kolxozlar menen sovxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazalarının` bekkemleniwi, massalıq, joqarı ha`m orta bilimge iye maman kadrlar tayarlawg`a u`lken a`hmiyet berip, awıl xojalıg`ına bilimli, maman qa`nigeler tayarlaw jumıslarına jeterli a`hmiyet berdi. Kadr tayarlaw, basqarıwdın` jaqsılanıwı ha`m kolxozlar menen sovxozlarg`a u`lken xojalıq erkinliginin` beriliwi avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` ekonomikasının` bunnan bılay da ko`teriliwin ta`miyin etti.

Paxtashılıq ha`m salıgershilik tarawlarında tabıslarg`a erisildi. Kompleksli mexanizatsiyanın`, elektrlestiriwdin` ken`nen engiziliwi, almaslap egiwdin` qollanılıwı, selektsiya jumısının` jaqsılanıwı, maqsetke muwapıq alıp barılg`an kadrlar siyasatı, qısqası usınday faktorlardın` tolıq emes dizimi awıl xojalıq o`ndirisinin`, sonın` ishinde mal sharwashılıg`ı, pilleshilik, palız eginleri, baqshılıq ha`m basqada tarawlardın` rawajlanıwına mu`mkinshilik berdi.

60-jıllardın` baslarında ko`pshilik sovxozlar belgilengen planların orınlay almastan, ma`mleket aldında qarızdar bolıp qala berdi. Bul bolsa paxtashılıqta isleytug`ın awıl xalqının` turmıs da`rejesine tikkeley ta`sir etti. Sovxozlarda aylıq 40-50 somnan aspadı. Degen menen, jiberilgen qa`teler qayta ko`rilip shıg`ıldı. Awıl xojalıg`ına, sonın` ishinde respublikada paxtashılıqtı rawajlandırıw en` baslı ma`selege aynaldı.

Qaraqalpaqstan hu`kimeti ekonomikalıq ha`m sotsiallıq protsesslerge ilimiy basshılıq etiwge u`lken a`hmiyet bere otırıp, jierilgen kemshiliklerdi tezirek du`zetiw, sub`ektivizmdi saplastırıw ha`m xalıq xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwda tu`pkilikli o`zgerislerge erisiw, basqarıw usılların jetilistiriw, o`ndiris kollektivleri menen ha`r bir awıl miynetkeshinin` ja`miyetlik ja`ne jekke ma`plerin durıs u`ylestiriw wazıypasın bas bag`dar etip aldı.

Usı qabıl etilgen ekonomikalıq ha`m xojalıq ilajları awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıwg`a belgili da`rejede qozg`aw salg`anı menen qa`liplesip qalg`an ekonomikalıq strukturalardan shıg`ıp kete almadı. Demokratiyanın` rawajlanıwı menen ja`miyetti ilimiy jol menen basqarıw a`melge asırılmadı. Partiyalıq jumıs penen siyasiy basshılıq ma`selelerin bir waqıtta ja`mlewde o`zine ta`n bolmag`an funktsiyalardan partiyanı azat etiw o`z maqsetine erise almadı. Partiya ma`mleketlik apparat funktsiyasın orınlanıwın dawam ettire berdi.

Respublikamız usı da`wirdin` ishinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıw ha`m bekkemlewde aytarlıqtay tabıslarg`a eristi. Iri qarjı bo`lip shıg`arıwdın` artıwı, planlastırıwdag`ı o`zgerisler menen kolxozlar menen sovxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazalarının` bekkemleniwi, massalıq kadr tayarlaw, basqarıwdın` jaqsılanıwı ha`m kolxozlar menen sovxozlarg`a u`lken xojalıq erkinliginin` beriliwi avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` ekonomikasının` bunnan bılayda ko`teriliwin ta`miyin etti.

Qaraqalpaqstan respublikasında joqarının` tikkeley tapsırması menen jıldan-jılg`a paxtashılıq ha`m salıgershiliktin` egiletug`ın maydanlarının` ko`beyiwi tazadan jerler ashıwdın` esabınan bolıp, bul tarawlardın` o`nimdarlıg`ın asırıwda

talap etildi.

Adamzat tirishiliginin` en` a`hmiyetli talabı menen za`ru`rli sha`rti miynet bolıp tabıladı. Sonlıqtan xalıqtın` jumıs penen ba`nt bolıw strukturasındag`ı o`zgerisler respublikamızdag`ı bolıp atırg`an sotsiallıq-ekonomikalıq qayta qurıwlar menen o`z-ara baylanısta u`yrenildi. Bul jumısta awıl xalqının` miynet aktivligine, onı arttırıwı faktorlarına ayrıqsha orın beriledi. Awıl xojalıg`ında ha`m awıl xojalıg`ı emes tarawlarda miynet resurslarınan paydalanıw bolıp atırg`an sotsiallıq-ekonomikalıq protsessler menen o`z-ara baylanısta ko`rsetilgen.

Qaraqalpaqstan respublikasında joqarının` tikkeley tapsırması menen jıldan-jılg`a paxtashılıq ha`m salıgershiliktin` egiletug`ın maydanlarının` ko`beyiwi tazadan jerler o`tkiziwdin` esabınan bolıp, bul tarawlardın` o`nimdarlıg`ın asırıwda talap etildi. Paxta respublikada monokul`turag`a aynaldı. Na`tiyjede ta`biyat nızamlarının` buzılıw ha`m jeterli da`rejede joqarının` waqtında tiyisli shara ko`rmewi Aral ten`izinin` suwının` pa`seyip ketiwine, al bul o`z gezeginde respublikada ekologiyalıq jag`daydın` buzılıwına alıp kelgenligin ko`remiz.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi


1. Каримов И.А. Ўзбекистоннинг ўз истиқлол ва тараЗЗиёт йўли. Тошкент: Ўзбекистон, 1992.
2. Каримов И.А. Прогресс дехканского хозяйства путь к изобилию. Ташкент: Узбекистан, 1994.
3. Каримов И.А. Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолы менен. Нөкис: Қарақалпақстан, 1997.
4. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. Тошкент: Ўзбекистон, 1998.
5. Каримов И.А. тарихий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент: Шарқ, 1998.
6. Аминова Р.Х. Аграрная политика советской власти в Узбекистане и ее фальсифакаторы. Ташкент: Узбекистан, 1972.
7. Базарбаев Р. История кадровой политики Советской власти в Каракалпакстане. Нукус: Билим, 2012.
8. Бекимбетов А. Ленинлик кооператив жолын иске асырыў тарийхынын. Нөкис: Қарақалпақстан, 1972.
9. Елмуратов Ы. Уллы аўқам. Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
10. Мамбетназаров М. Общественные фонды потребления и проблемы социального развития села. Нөкис, 1991.
11. Мустақил Ўзбекистон тарихи. Тошкент: Шарқ, 2000.
12. Муратова П. Қарақалпақстанда интеллигент кадрларын таярлаў. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
13. История развития хлопководства в Узбекистане. Ташкент: Фан, 1993.
14. Камалов К. Ел хызметинде. Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.
15. Камалов С. Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа (1917-1990 гг.). Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
16. Каракалпакия в период победы социализма и коммунистического строительства. Ташкент: Фан, 1969.
17. Қарақалпақстан АССР тарийхы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.

18. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис: Қарақалпақстан, 2003.
19. Қосымбетов И. Қарақалпақстан совет интеллигенциясының тарийхынан. Нөкис: Қарақалпақстан, 1971.
20. Сарыбаев К. Роль орошения в социально-экономическом развитии Каракалпакстана. Нукус, 1986.
21. Сарыбаев К. Аграрный вопрос в Каракалпакии. Нукус, 1976.
22. Сарыбаев М. История хлопководства в Каракалпакстане. Нукус: Каракалпакстан, 1999.
23. Сарыбаев М. Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и ее последствия (1917-1990 гг.). Танкент, 2008.
24. Палванов Ж. Қарақалпақстанда салы жетистириўдиң келешеги. Нөкис: Қарақалпақстан, 1976.
25. Раззаков А. Узбекистон пахтачилиги тарихи. Тошкент, 1994.
26. Утемуратов Б. Дехканские (фермерские) хозяйства республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1990 гг.). Автореф. дис. … канд. ист. наук. Нукус, 1999.
27. Шамамбетов Б. Подготовка сельскохозяйственных кадров важный участок партийной работы. Нукус: Каракалпакстан, 1978.
28. Шамамбетов Б. Қарақалпақстан аўыл хожалығы (1965-1985 жж.). Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
29. Шамамбетов Б. Аграрное развитие республики Каракалпакстана. Ташкент, 1994.
30. Экономическое преобразование Каракалпакии за годы Советской власти. Нукус: Каракалпакстан, 1969.
31. 60 жыл ишинде ҚҚАССР халық хожалығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1986.
32. Народное хозяйство ККАССР. Нукус: Каракалпакстан, 1984.